


Seri:
Ranpli ak Leshor

13 Etid pou
Gwoup yo

abcde
DISIP.
kwasans nan sentete



LAVI KI
ranpli ak Fui

Mónica Mastronardi

JÈN – GRANMOUN

Lavi Ki Ranpli Avèk Fwi A

Mónica E. Mastronardi de Fernández

Legliz Nazareyen
Rejyon Mezoamerik



Nivo Gras ki Sanntifye a - Kwasans nan Sentete
Jén Yo/Gran Moun Yo

Tit : Lavi ki ranpli ak fwi a
Liv “Fòmasyon disip Yon Cheminman Lagras”
Etap Gras ki Sanntifye a - Kwazans nan sentete
Seri : Ranpli ak Sentespri a
Gid etid pou Jèn yo/Gran moun yo

Otè : Mónica Mastronardi de Fernández
Editè : Monte Cyr
Tradiktè : Jeudi Dezama
Korektè : Enel Jean Joseph

Materyèl pwodwi pa : Legliz Nazareyen, Rejyon Mezoamerik
Ministè Fòmasyon Disip ak Lekòl Dominikal
www.Discipulado.MesoamericaRegion.org
www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org

Copyright © 2021 - Tout dwa yo rezève

ISBN: 978-1-63580-191-0

Yo pèmèt repwodiksyon materyèl sa san objektif kòmèsyal, sèlman
pou itilizasyon fòmasyon disip nan legliz yo.

Tout tèks biblik yo soti nan Bib Vèsyon Jerizalèm nan korije nan
lane 1999, sèlman si yo endike yon lòt bagay.

Desen: Juan Manuel Fernández (www.betterworldagency.com)
Imaj sou paj kouvèti a: Trey Jones

Imaj paj kouvèti yo te itilize avèk pèmisyon pa mwayen lisans Byen Komen yo (Abstrè/Quito)

Enprime nan Gwatemala



Tab Matyè yo



Prezantasyon	4
Kisa Fòmasyon Disip Yon Cheminman Lagras la ye?	5
Kòman nou Kapab Itilize Liv sa?	6
<i>Lesson 1</i> - Disip yo rekonèt pa mwayen fwi yo	10
<i>Lesson 2</i> - Fwi Lespri a avèk zèv lachè yo	20
<i>Lesson 3</i> - Fwi Lespri a se Lanmou	30
<i>Lesson 4</i> - Lanmou ki bay kè kontan an	40
<i>Lesson 5</i> - Lanmou ki fè nou vin tounen esntwiman lapè	52
<i>Lesson 6</i> - Lanmou ki pwodwi pasyans pi lwen pase limit la	64
<i>Lesson 7</i> - Lanmou ki manifeste sou fòm solidarite	74
<i>Lesson 8</i> - Bonte: Lanmou aktif	86
<i>Lesson 9</i> - Lanmou ki pèsevere a	96
<i>Lesson 10</i> - Lanmou ki pwodwi dousè a	108
<i>Lesson 11</i> - Lanmou ki pwodwi yon lavi ki ekilibre	118
<i>Lesson 12</i> - Fwi Lespri a nan legiz la	126
<i>Lesson 13</i> - Egzèsis don yo ak fwi Lespri a	134



Prezantasyon

Lavi kretyen an se yon pwosesis fòmasyon disip pandan tout lavi, kote ke tout nou menm pran fòm konfòm ak karaktè Jezi ki se Kris la pa mwayen Lespri Sen an. Nou tout ki “fèt yon lòt fwa” nou bezwen patisipe nan pwosesis fòmasyon sa pou ke nou kapab vin kretyen ki gen matirite epi sen nan tout branch nan lavi nou.

Volim sa a, ki gen pou tit Lavi ki ranpli ak fwi a, se twazyèm nan, nan yon seri twa volim nan etid debaz pou nivo Gras ki Sanntifye a nan plan Fòmasyon Disip la nan Cheminman Lagras la nan Legliz Nazareyen an nan Rejyon Mezoamerik. Seri a pote kòm non : Ranpli ak Sentespri a epi li anglobe 9 mwa etid. Chak liv genyen 13 leson fòmasyon disip ki santre nan bezwen konsolidasyon ak kwasans moun sa yo ki te fenk pran plas yo nan kò manm legliz lokal la.

Leson sa yo te ekri pou monitè ki se fòmatè disip ak nan fason ke li dwe enstwi gwoup nouvo manm yo, yon fason pou ke ansèyman kapab enteresan, dinamik epi aplikab nan lavi yo. Liv sa yo prezante doktrin ak pratik lavi sentete a nan yon langaj ki senp, pratik epi lafwa konekte avèl plizyè lide mond ke n'ap viv la. Lavi ki sen an etidye pandan li baze sou:

- A. Chanjman natirèl ak pwogresif ki pwodwi nan kretyen an kòm rezulta aksyon Sentespri a nan lavi li; chanjman ki kapab obsèvè non sèlman pa li menm, men tout lòt moun ki twouve yo nan antouraj li.
- B. Lavi ki ranpli ak lanmou Bondye kòm kondisyon endispansab pou sèvi Seyè a avèk frè parèy nou yo.
- C. Transfòmasyon pwogresif ak total lavi kretyen an konfòm ak modèl Jezi ki se Kris la.

Sa se twazyèm liv nan seri a: Lavi ki ranpli avèk fwi a genyen pou objektif bay kwayan an zouti pou 1 kapab kiltive fwi Lespri Sen an nan lavi li epi konsa l'ap kapab eksperimente abondans lanmou Bondye a epi nan menm tan tou, sèvi kòm limyè k'ap reflete lanmou sa ki ranpli ak gras, jistis ak verite nan fwaye li, nan legliz ak sosyete a. Chak leson prezante yon opòtinite pou ke Bondye opere ak transfòme lespri a, efè ak kalite lavi disip Kris la, atravè etid ansèyman biblik, anpil egzanp ak anekdòt, egzèsis otoevalyasyon, refleksyon, pran desizyon ak etablisman anpil nouvo plan pou kwasans espirityèl la.

Mwen priye pou ke leson sa yo ede manm legliz nou yo konprann epi viv kalite lavi ki sen Sovè nou an Jezi ki se Kris la pi plis toujou.

*Rev. Monte Cyr
Kòdonatè Ministè Fòmasyon Disip yo
Rejyon Mezoamerik*

Kisa Fòmasyon Disip “Yon Cheminman Lagras” a ye?



Nan Legliz Nazareyen, nou kwè ke fè disip sanble avèk Kris la nan tout nasyon yo se fondman zèv misyonè Legliz la ak responsablité prensipal lidèchip li (Efezyen 4 :7-16). Travay fòmasyon disip la se yon bagay k'ap kontinye epi li trè dinamik, sa vle di ke disip la pa janm sispann grandi pou 1 vin menm jan avèk Mèt li. Lè pwosesis kwasans sa efikas, li rive bay fwi nan tout dimansyon yo: nan dimansyon endividyle (kwasans espirityèl), nan dimansyon kòporatif (enkòporasyon nan kongregasyon an), nan dimansyon sentete nan fason ke y'ap viv (transfòmasyon pwogresiv tout nou menm epi viv konfòm ak modèl Jezi ki se Kris la) epi nan dimansyon sèvis la (envesi lavi nan ministè a).

Plan fòmasyon disip Yon Cheminman Lagras te fèt nan objektif pou kontribye nan fòmasyon entegral manm Legliz Nazareyen yo ki nan Rejyon Mezoamerik la. Twa liv seri Ranpli ak Lespri a kòresponn ak seri de baz pou Nivo Gras ki Sanntifye a - Kwasans nan Sentete epi yo te fèt pou moun sa yo ki te déjà pase premye nivo fòmasyon disip yo avèk materyèl Nouvo Lavi nan Kris la avèk Kle pou Lavi Kretyèn abondan an (Grace ki Sove a), te rive pran plas yo nan kò manm legliz la.

Liv seri Ranpli ak Lespri yo genyen kòm objektif li gide nouvo manm legliz la nan fòmasyon entegral li nan resanblans li avèk Jezi Kris. An mezi ke etid materyèl sa yo ap avanse, kretyen an ap dekouvrir pati sa yo nan lavi li kote ke Jezi ki se Kris la vle transfòme a, pou ke Lespri Sen ki plen ak lanmou an kapab ranpli tout lavi li. Lavi ki ranpli ak Lespri a se kondisyon endispansab pou ke chak pitit Bondye yo kapab reyalize plan espesyal ke Bondye genyen pou lavi yo chak.

Pou nou kapab genyen plis enfòmasyon sou Yon Cheminman Lagras la, vizite www.MesoamericaRegion.org/parcours



Doktè. Mónica Mastronardi de Fernández

*Editè Jeneral Fòmasyon Yon Cheminman Lagras Disip
Legliz Nazareyen-Rejyon Mezoamerik*

YON CHEMINMAN LAGRAS					
GRAS KI VINI AVAN AN <i>“Se mwen menm ki Chemen an”</i> Bondye prepare chemen an devan nou. Li lonje men i ban nou epi li fè nou siy pou ke nou vini jwenn li, Li antrene nou nan yon relasyon ki plis pwofon avèk li. Gras sa a te dejá vini avan repsons nou yo epi an menm tan an tou, li pèmèt repsons nou an. Non Kwayan APWÒCHMAN Evanjelizasyon	GRAS KI SOVE A <i>“Se mwen menm ki Verite a”</i> Jezi ki se Kris la sove nou anba peche epi li kondwi nou vini nan verite a ... verite ki ban nou libète a. Nou resevwa kado gras ki sove a lè nou mete konfyans nou nan Bondye. Li rachte nou, epi li fè nou vin yon lòt kreyati epi li adopte nou nan fanmi li. Nouvo Kwayan BATÈM AK MANM Antrènan disip pou nouvo konvèti yo	GRAS KI SANNTIFYE A <i>“Se mwen menm ki Lavi a”</i> Lespri sen an ban nou fòs pou nou viv nan konsekrasyon konplètman devan Bondye. Gras ki sanntifye a kòmanse nan menm moman kote ke nou eksperimente lavi ki pap janm fini an. Men, sa a ap vini aprè yon kwasans espirityèl nan gras la, jouk, nan yon moman nan konsekrasyon konplèt ak abandon total devan Bondye, Bondye ap pirifye epi lave kè a. Disip Ki Gen Matirite	KWASANS NAN SENTETE Soti nan manm pou rive Sanntifikasyon total ak angajman pou sèvi ak ministre.	DEVELOPMAN MINISTÈ A Dekouvèt apèl la, ak developman kado ak talan yo LEKOL LIDÈCHIP	EDIKASYON AK KWASANS KONTINYÈL POU LAVI AK SÈVIS Kwasans total nan limaj Kris la
				DEVELOPMAN PWOFESYONÈL Fòmasyon espesyalize nan enstisyon Teyolojik yo	



Kòman nou kapab itilize liv sa

Liv ou genyen nan men w lan fè pati de yon seri ki genyen 3 volim sou tèm “Ranpli avèk Lespri a”. Liv yo te fêt pou fè etid nan lòd sa:

1. Lavi ki ranpli ak Lespri a
2. Lespri ki santre nan Kris la
3. Lavi ki ranpli avèk Fwi a

Objektif seri sa se ede manm legliz Nazareyen yo konnen ansèyman biblik sou lavi ki sen an epi pratike li nan lavi yo chak jou, yon fason pou ke yo kapab grandi sanble avèk Jezi ki se Kris la.

Konbyen tan etid liv sa kapab pran?

Chak liv genyen 13 leson. Nou kapab etidyé youn pa semèn, etid la konplètman ap dire 3 mwa. Pou yon kesyon tan, genyen kèk gwoup ki prefere fè sa plis dousman epi mete de semèn apa pou etid chak leson. Nan ka sa a, etid liv la ap dire 26 semèn (6 mwa anviwon). Sonje ke objektif fòmasyon disip la se pa kouri pou konplete yon liv, men pito pou grandi nan imaj Jezi ki se Kris la, epi pou grandi, nou bezwen etidyé, konprann epi pote nouvo ansèyman yo nan lavi. Se poutèt sa ke, planifye tan etid la depi davans se yon bagay ki enpòtan anpil, pou asire aprantisaj progresif tout disip yo.

Pou desen didaktik liv yo, yo kapab itilize plizyè modalite ki diferan, menm si se avèk plizyè ti gwoup oubyen nan yon klas ki genyen pi plis moun.

Kisa leson yo genyen ladan yo?

Chak leson genyen bagay sa yo:

- Objektif yo: Yo konstwi objektif aprantisaj ke n'ap atann pou elèv la rive atenn lè etid leson an fini.
- Resous yo: Yo genyen anpil lide pou ilistre epi fè aprantisaj la plis enteresan.
- Entwodiksyon: Tèm etid la entwodwi nan yon fason ki vrèman enteresan pou reveye enterè ak patisipasyon elèv yo.
- Etid biblik : Sa se sesyon ki plis laj pliske li se devlopman tout kontni leson yo. Leçon sa yo te ekri nan lide ke liv la se antrenè a menm, se sa ki fè ke kontni an prezante nan yon fason ki dinamik, nan langaj ki senp epi ki konekte avèk anpil lide mond aktyèl la. Sesyon sa genyen anpil nòt pou antrenè a pou fè li sonje egzèsis ki nan Fèy Aktivite ke elèv yo dwe konplete pandan tout dewoulman kontni tout leson an.

- Rezime ansèyman prensipal pasaj ki déjà etidye yo : Nan yon sesyon, yo fè yon rezime brèf sou sa ke yo te aprann nan leson an. Rezime sa ap itil anpil pou itilize nan fen chak klas kòm konklizyon epi / oubyen nan dènye sesyon an pou raple tèm ki te abòde yo.
- Definisyon tèm kle yo: Sesyon sa gen pou objektif eklèsi ak elaji siyifikasyon kèk tèm ke leson an genyen.
- Fèy aktivite yo: Nan fen chak leson, n'ap jwenn paj sa avèk akitivite aprantisaj endividiyèl oubyen an gwoup yo ki gen rapò avèk tèm ki etidye a. Prezantasyon paj sa pèmèt nou fè plizyè kopi pou etidyan yo, malgre ke sa ki plis rekòmande a se pou ke chak patisipan genyen yon kopi liv la.
- Lekti ki rekòmande yo: Nan fen fèy aktivite yo, n'ap jwenn plizyè lekti biblik ki gen pou wè avèk tèm ki te déjà etidye yo, ke elèv yo avèk antrenè a kapab itilize pandan y'ap fè sèvis devosyon yo nan semèn nan.

Kisa ki wòl elèv la?

Elèv la responsab pou li:

1. Rive genyen liv la epi etidye chak leson avan klas la. Se sa ki plis rekòmande, tou depann de posiblite chak legliz.
2. Toujou asiste nan klas yo a lè.
3. Patisipe nan aktivite klas yo pandan l'ap konplete Fèy Aktivite yo.
4. Mete ansèyman Pawòl la an pratik nan lavi li.

Kisa ki wòl antrenè k'ap anseye klas la?

1. Se pou li prepare li depi davans pandan ke l'ap etidye kontni leson an epi pwograme tan l'ap bezwen pou 1 fè klas la. Nan etid leson an, li dwe genyen Bib la nan men li avèk yon diksyonè pou li kapab konsilte. L'ap mete atansyon sou vokabilè ki itilize leson yo, pou eksplike avèk pawòl ki senp sa li konsidere ki disifil pou konpreyansyon elèv yo.
2. Pèmèt ke Lespri Sen an transfòme lavi li epi mete ansèyman ki tou nèf yo an pratik, yon fason pou li sèvi egzanp pou elèv li yo.
3. Priye chak jou pou ke objektif chak leson vin yon reyalite nan lavi chak disip li yo. Priye pou bezwen espesifik yo chak.
4. Fè kopi Fèy Aktivite yo pou tout elèv yo. Konplete aktivite yo depi davans pou w kapab abitye avèk egzèsis yo.
5. Prepare resous pedagojik yo depi davans.
6. Fè zanmi avèk disip yo an deyò klas la. Lezon sa yo genyen pou objektif pou transfòme lavi moun yo konfòm avèk modèl Jezi a. Pale avèk yo pou w kapab konnen kijan y'ap aplike ansèyman yo nan lavi yo epi pou w kapab konnen kòman w kapab ede yo.

Kòman nou kapab anseye yon klas?

Tan developman yon leson kapab dire anviwon 90 a 120 minit tou depann de kantite elèv ak patisipasyon yo. Si genyen plizyè kopi, elèv yo pral li leson an depi davans.

Nan developman leson an genyen anpil endikasyon pou anpil aktivite kote ke elèv yo ap patisipe, tankou nan fè lekti biblik yo, kesyon diskisyon yo oubyen egzèsis pou konplete Fè Aktivite yo.

Menm si yo ta chwazi etidye yon leson pa semèn oubyen yon leson nan de semèn, nou rekòmande pou w distribye tan nan fason sa (pou 90 minit klas):

- 5 minit: Bienveni, fè yon anchènman avèk leson ki te vini avan an epi priye ansanm.
- 10 minit : Entwodiksyon tèm leson an.
- 60 minit : Developman leson an. Nou mande pou nou itilize mwayen vizib tankou tablo, grafik, desen, plizyè objè, imaj ak plizyè lòt ankò epi fòrmante patisipasyon etidyan yo pa mwayen kesyon; anchaje elèv yo pou yo prezante yon pati nan leson an, elatriye.
- 10 minit: pataje temwayaj ak tan adorasyon pou bagay ki parèt nan leson yo (defi yo, sitiyasyon pèsonèl yo, pwoblèm yo, vizyon yo, remèsiman ak anpil lòt bagay ankò).
- 5 minit: Anons yo, orewa ak salitasyon yo.



Disip yo

Rekonèt pa Mwayen Fwi yo

Leson 1



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Konprann** ke lavi ki ranpli ak Lespri a pote anpil fwi.
- **Reflechi** sou konsekans viv yon lavi kretyèn ki pa pote fwi genyen.
- **Rejte** tantasyon pou adopte yon lavi kretyèn ki san angajman.
- **Chwazi** mache nan lavi kretyèn nan yon relasyon lanmou nan tèt ansanm avèk Jezi ki se Kris la.



Resous Yo

- Plizyè fèy bwa wòwòt ki sòti nan yon pye bwa ki konn bay fwi, tankou pye sitwon oubyen mango oswa yon lòt, li t'ap pi bon pou si 1 ta genyen anpil flè oubyen plizyè ti fwi ladan yo.
- Rezen, ji rezen an.

Entwodiksyon]]]

Nan premye liv seri fòmasyon disip Ranpli avèk Lespri sa, n'ap etidye ke lavi kretyèn nan se yon bagay ki gen pou wè avèk yon kwasans ki dirab, kote ke moun nan ap aprann viv kòm Kris la pazapa. Nan dezyèm liv la ki se Lespri ki resantre nan Kris la, nou te aprann ke devlopman sa ap gen pou misyon fè lespri nou vin menm jan ak pa Kris la, nan afeksyon ak konpòtman nou. Nan trimès sa, nou pral etidye osijè de kòman nou kapab viv yon lavi ki pote fwi kòm disip Jezi ki se Kris la.

Nan Pawòl la, nou jwenn anpil ansèyman osijè de kòman pou yon moun viv yon lavi kretyèn ki pote fwi, non sèlman pou nou menm, men tou pou ke lavi nou kapab sèvi kòm yon benediksyon pou lòt yo epi nan fason sa, nou kapab kontribye nan fè wayòm Bondye a gaye tou patou.

Jezi te yon antrenè ki te vrèman entelijan nan fason ke li te konn itilize parabòl yo pou transmèt yon ansèyman epi nan fason sa te rive fè sa penetre lavi moun k'ap koute li yo, yo menm ki aprè ke yo te fin koute li, yo te kontinye ap medite osijè de plizyè enplikasyon sa yo pou lavi yo. Pou atenn objektif sa, Jezi te chwazi plizyè imaj ki vizib pase ke moun ki t'ap koute li yo te konnen trè byen.

Metòd revolisyonè ansèyman sa te trè efektiv, pou yon popilasyon kote ke apèn 3 poustan te kapab li ak ekri nan zòn andeyò yo. Pi fò nan edikasyon yo te transmèt soti nan paran yo pou rive jwenn ti moun yo atravè lapawòl epi atravè obsèvasyon ak imitasyon an. Ansèyman lekti ak lekriti a te fèt nan lekòl sinagòg yo, kote ke sèlman ti gason yo ki te konn asiste ant 5 a 13 ane, avèk obkejtif pou etidye liv Ansyen Testaman yo, espesyalman senk liv Penntatek yo. Nan vil kòmèsyal yo, pouvantaj alfabetizasyon yo te kapab rive nan 15 pou san.

Anekdot ke Jezi te chwazi yo se pat sou chans, men, pito yo te chwazi avèk anpil atansyon, pou ke ansèyman an te penetre nan memwa moun ki t'ap koute yo avèk anpil efikasite. Anpil nan fwa yo, Jezi pat eksplike siyifikasyon imaj sa yo, men pito, li te kite pou moun ki t'ap koute li yo rive dekouvrir chak detay lè yo t'ap eseye medite youn oubyen yon lòt fwa sou sa ke yo t'ap tandem yo. Nan kèk okazyon, pliske moun ki t'ap koute li yo pat gen abitid koute kalite metòd ansèyman diferan sa, yo te konn mande Mèt la pou 1 te eksplike yo siyifikasyon paske yo pat kapab rive konprann koneksyon an avèk lavi yo pou kont yo, tankou pa egzanp; avèk parabòl nonm ki t'ap simen gress yo ak sa ki te pale de ble avèk livrè a (Jan 13:1-43). Nan okazyon sa yo, Jezi te fè yo konprann siyifikasyon an avèk gwo pasyans ak lanmou.

Nan leson sa nou pral analize youn nan figi sa yo ke Jezi te prezante nan ansèyman li yo, li menm ki revele plizyè prensip ki soutyen lavi abondan ke Jezi ap atann de disip li yo. Jezi te kreye metafò sa avèk plant oubyen pye bwa yo ki pwodwi bay manje sou fòm semans ak fwi yo.

[[[Mande elèv yo pou yo li ansanm Jan 15:2.]]]



- Montre klas la branch bwa yo epi mande elèv yo ke pandan y'ap obsève, itilize sans yo, konplete aktivite 1.

Jezi te pale de youn nan branch bwa sa yo. Chouk la se yon branch ki wòwòt epi fèb ki nan yon plant, flè oubyen yon pye bwa, kote fwi yo sòti a. Ebyen ann gade kòman ti branch sa anseye nou osijè de kòman pou nou vin disip ki plis pwodwi pou wayòm Bondye a.

Etid Biblik

1. NITRISYON AK PWODWIKTIVITE

Jezi chwazi plant pye rezen an, yon plant ki te abondan anpil nan jou sa yo nan tout tè Palestin nan pou ke disip li yo te kapab konprann ke lavi kretyèn nan, lwen de sa ki rele esterilite, san pwodiksyon, san fwi, dwe yon lavi ki bay fwi, efektif, ki kapab bay bon rekòlt.

Mande pou yon elèv li Jan 15:1-10.

Genyen anpil gwo revelasyon nan metafò sa osijè de relasyon de depandans de disip yo avèk Papa, Pitit ak Lespri Sen an. Nan relasyon sa, se pou chak moun pran responsabilite yo byen defini. Sante jaden rezen an se yon travay an ekip. Metafò a tou fè avètisman sou anpil konsekans negatif ke pwodwi lè youn nan pati yo entèwonpi relasyon an nan anpil benefis ke pati yo resevwa lè yo rete nan tèt ansanm.

2. MWEN SE VRÈ PYE REZEN AN

Jezi te fenk fin bay disip li yo Repa Seyè a, li posib pou ke tout vè ak gode ke yo te sot sèvi yo te toujou la sou tab la. Menm jan avèk nan anpil lòt okazyon, Jezi kòmanse avèk deklarasyon: "Mwen se". Chak fwa ke li te fè 1, se te pou revele pi devan anpil aspè pwòp nati ki soti nan Bondye ak zèv li. Nan anpil lòt moman yo, Jezi te di ke li se limyè (Jan 8:12), pòt la (10:7), bèje a (Jan 10:11).

"Mwen se" se non ke Bondye te revele Moyiz nan Egzòd 3:13-14: "*Men Moyiz te ensiste : --Bon. Koulye a, mwen pral bò kote pèp Izrayèl la, mwen pral di yo: "Bondye zansèt nou yo voye m' kote nou". Ou mèt sèten yo pral mande m': Ki jan li rele? Lè sa a, kisa pou m' reponn yo?* --*Bondye di Moyiz: -Sa m' ye a se sa m' ye. Apre sa li di ankò: --W'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa: Mwen menm ki rele sa m' ye a, se mwen menm ki voye ou bò kote yo.*"

Nan okazyon sa, Jezi afime: "Mwen se vrè pye rezen an". Akoz de anpil konesans ke jwif yo te genyen nan liv nan Ansyen Testaman yo te fasil pou ke yo repran relasyon avèk pye rezen pèp Izrayèl la. Pwofèt yo, Ezayi, Jeremi, Ezekyèl ou rive nan Oze, yo te déjà itilize metafò pou konpare Izrayèl avèk yon jaden rezen (Ezayi 5:1-7; Jeremi 2:21, Ezekyèl 15; 19:10, Oze 10:1).

Jwif yo te ògeye anpil pou yon gwo jaden rezen an lò ki te desine nan mi lye trè sen an nan Tanp Jerizalèm nan epi ki te reprezante nasyon Izrayèl la. Te genyen anpil monnen tou ki te genyen imaj de yon jaden rezen. Men lè pwofèt yo te fè referans ak Izrayèl kòm pye rezen, yo pat fè li pou fè lwanj nasyon an pou fidelite li anvè Seyè a ak reyalizasyon li yo, men pito, yo te fè li pou siyale ke se pat yon pye rezen ki te fè kè Bondye kontan.

Nasyon Izrayèl la pat yon pye rezen ki te onèt, reyèl epi vrè. Se te yon pye rezen ki te kòwonpi, adiltè, kontamine. Ezayi te repwoche li paske li te vin tounen yon plant sovaj, Jeremi te di yo ke yo te vin tounen branch ki etranj. Genyen anpil jwif epi li pwobab pou ke genyen kèk disip ki te panse ke pliske yo te fè pati pèp jwif la, menm kote a yo te fè pati sèl vrè jaden rezen an. Men se pat konsa.

Jezi se vrè pye "rezen an" kote ke fwi a se konfyans, se sèl pye rezen ki kapab bay "anpil bon fwi". Menm jan ke Jezi te di 1 nan lòt okazyon : "—Jezi te reponn: -*Mwen se chemen an, verite ak lavi a, pèsòn moun pa kapab rive kote Papa a, si li pa pase pa mwen menm*" (Jan 14:6). Pliske metafò jaden

rezen sa te reprezante vrè legliz la, nouvo pèp ke Bondye ap leve nan mitan tout nasyon yo. Jezi ki se Kris la se chouk bwa ki bay jaden rezen an lavi. Tout branch ki atache ak lòt chouk rezen, li gen pou 1 fini pa mouri.



..... o **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 2.**

3. BRANCH KI PA DONNEN YO

[[[Pou sesyon sa, kòm èd vizyèl, ou dwe itilize grafik ki nan aktivite 3: Jaden rezen ki donnen an.]]]

Responsablite jaden rezen yo byen defini. Pou ke yon pye rezen pwodwi anpil rezen ki gen bon kalite, li bezwen anpil swen. Papa a ki se fèmye a, se li menm k'ap pran swen sante jaden rezen an, pou ke kondisyon tè a, dlo ak angrè yo fè branch ki soti nan chouk yo byen devlope.

Nan jaden rezen yo, travay lapwòpte a dwe toujou kontinye fèt, sa gen pou wè avèk deboke fèy ki déjà mi yo, elimine tout branch ki sèch yo, konbat tout maladi ak ensèkt, bwase tè a nan alantou rasin nan. Tè a dwe byen pwòp. Nan tan Jezi te sou tè a, se te yon abitid pou moun te konstwi yon mi nan antouraj jaden rezen yo oubyen yon antiraj siveyans pou pwoteje jaden rezen an kont tout zwazo devoran yo.

Se Papa a ki toujou fè netwayaj la, koupe ak pwòpte jaden rezen an. Travay netwayaj fèmye nan peyi Izrayèl la te konn fèt de fwa chak ane. Nan tan livè, yo koupe fèy ki sèch yo epi nan tan lapli, yo koupe tout lòt sa ki bay branch ki pa itil yo ki retire lavi ak enèji nan plant lan. Netwayaj la byen sevè, tout branch ki fè plant lan pèdi fòs, yo dwe koupe ak fè pil byen lwen plant yo. Answit, lè yo fin sèk, yo dwe boule.

Nan jaden rezen Bondye a, pye rezen ki pa donnen pa yon bagay ki akseptab. Yon sèl bagay ki rann ke yon branch rezen egziste se pou li rete atache avèk chouk la epi pwodwi rezen. Yon fwa ke branch rezen fin koupe, li vin pa vo anyen ankò, epi pliske li se yon bwa ki wòwòt, li pa bon menm pou sèvi kòm bwa boule. Yo pat konn aksepte li nan tan Jezi a non plis kòm ofrann pou itilize nan sakrifis Tanp yo.

Jezi te afime ke disip ki pa bay fwi yo va koupe nan jaden rezen an. De ki moun sa yo ke Seyè a t'ap pale lè li te di Pawòl sa yo? Se pou tout moun sa yo ki di ke yo se kretyen avèk pawòl k'ap sòti nan bouch yo, men avèk lavi e aksyon yo, yo pa demontre sa.

Genyen anpil moun ke nou tandé ap pale epi konvenk nou de lafwa ak fidelite li nan Jezi ki se Kris la, men lè ke nou vin konnen lavi yo pi byen, yo fè nou pran desespyon, paske yo pa diferan anpil de rès pechè yo atravè mond sa.

Lavi kretyen ki pa pwodwi fwi a pap genyen yon bon fen, li gen pou 1 detwi kanmèm. Tout avansman ki fèt, pandan pwosesis fòmasyon disip la, li va pèdi epi li posib pou ke genyen retou, abandone zafè legliz la e menm pèdi lafwa yo. “*Yon prensip fondamantal Nouvo Testaman se ke bagay ki pa itil la envite dezas.*”

4. BRANCH KI DONNEN YO VA JWENN NETWAYAJ

Tout branch ki donnen yo se sa ki atache avèk pye a, ki bay fwi nesesè pou devlopman li epi anplis de sa ki reyalize objektif Kreyatè a te kreye yo pou reyalize a.

Lè yo plante yon jaden rezen, pandan twa premye ane yo, yo pa pèmèt ke li pwodwi fwi. Nan vèsè 15:3 la Jezi di disip li yo ke yo te resevwa netwayaj. Sa ke Mèt la te vle di, se ke yo te pase plis pase twazan, pou yon pwoesisis fòmasyon disip kote ke yo te resevwa ansèyman Jezi yo nan kè yo. Lavi yo te transfòme, yo te aprann rete tou prè Jezi epi viv nan obeyisans Pawòl la.

Rete soude avèk Jezi ki se Kris la ki netwaye nou (vèsè 4), non sèlman nan yon moman, tankou lè nou te jwenn padon pou peche oubyen move abitid yo, men pito, pou netwayaj inisyal sa, genyen youn ki dwe rete dirab, epi ki se rezulta yon relasyon zanmitay avèk Jezi. Pa genyen okenn moun ki kapab rete fidèl avèk Jezi ki se Kris la san netwayaj sa ki dwe kontinye nan lavi li. Salte peche a pa dwe toujou preznan lavi disip Kris la. Eta natirèl lavi yon kretyen ki an sante se yon “moun ki libere de peche”.

Nan jaden rezen an, branch ki donnent yo se sèlman sa yo ki rete atache ak pye rezen an. Yon fwa ke yo fin keyi fwi rekòlt yo, yo netwaye yo, epi y'ap kontinye bay fwi chak ane, se yon peryòd k'ap kontinye. Nan premye ane plant yo, lè branch yo fin netwaye, yo vin gwosi epi vin pi fò toujou, an mezi ke ane yo ap chanje epi aspè li vin sanble ak pa chouk la. Yo vin pa sanble ak tay vèt epi frajil ankò, men pito li vin sanble ak chouk prensipal la. Yo rele sa yo, branch. Genyen plizyè lòt ti branch ki pran nesans, nan sans sa, yon branch ki te pwodwi yon sèl fwa yon lè, kounye a li vin pwodwi plizyè grap rezen yo chak sezon. Se menm jan tou ke grap yo vin pi gwo menm jan avèk rezen yo tou.

5. WÒL BRANCH YO SE DONNEN ANPIL FWI

Nan vale peyi Izrayèl yo, lè klima a favorab, grap rezen yo te tèlman gwo, yo te konn bezwen de gason ki pou sipòte pèz yo. Depi nan epòk Jozye t'ap viv la, sa te yon bagay ki komèn, lè 12 espyon yo te retounen sot fè premye vizit yo nan Palestin: “*Yo rive nan ravin Echkòl, yo koupe yon branch rezen ki te gen yon sèl gwo grap rezen nan li. Yo mete l'sou yon gòl pou de moun te ka pote l'sou zepòl yo, si tèlman li te lou. Yo pote grenad ak fig frans tou*” (Nonb 13:23).

Nan ane 1984 yo te rive rekòlte yon gwo grap ki te pese 9,4 Kg nan peyi Chili, sa te tou rete anrejistre pa Guinness World Records. Nan peyi Izrayèl, grap yo toujou peze yon pwa de 4,5 ak 5,5 kilo, men genyen plizyè rejis grap ki te rive peze soti nan 12 a 20 kilo.

Yon pye rezen ki byen pran swen ak byen netwaye kapab rete ap donnent pandan anpil ane. Te genyen yon pye rezen nan Jeriko ki te byen popilè ki te pase plis pase 300 zan, chouk li te tankou yon pye bwa epi ki mezire 46 santimèt dyamèt.

Fwi pye rezen an se sa ki plis gen benefis pou sante lèzòm. Nan epòk Jezi a, yo te konn manje fre yo oubyen nan paswa epi yo te konn pile yo pou fè diven avèk yo tou ak tout po ak gress yo kòm pi bon manje.



- **Distribye rezen yo oubyen kraze rezen yo epi nan menm tan tou kote ke y'ap manje a, mande elèv yo pou ke yo konplete aktivite 4 ak 5.**

6. PÈSEVERANS NAN PITIT LA GEN REKONPANS

Se Pitit la ki responsab pou bay tout plant lan nouriti pou yo gen lavi, flè ak pwodiksyon.

Branch yo pa kapab bay fwi pou kont yo, yo dwe rete soude avèk pye rezen an. Nou ta kapab di ke fwi a se pye rezen an, epi branch yo se machin k'ap pèmèt ke ti boujou sa yo kapab rive transfòme an rezen.

Nan Jan 15:9-10, Jezi mete anpil aksan sou pèseverans disip yo “nan lanmou mwen”. Ensistans sa te baze nan pwòp eksperyans pèsonèl relasyon ki etwat avèk Papa li ak Lespri Sen an. Relasyon etwat nan lanmou ak obeyisans Jezi avèk Papa te sous ki te nouri lavi ak ministè li.

Pandan tout sèvis li a sou tè a, Jezi te rete nan tèt ansanm avèk Papa li ak prezans Sentespri a ki te manifeste byen klè nan lavi li. Fwi relasyon lanmou ant Papa ak Pitit la te plis ke abondan. Moun yo te kapab wè ke nan tout moman ak nan tout sa ke li t'ap fè, Li te ranpli ak gras ak verite. Lanmou Papa a te klè nan lavi a ak aksyon Jezi yo.

Lè ke nou rete ini avèk Jezi ki se Kris la, nou kapab eksperimente ak santi lanmou ke Papa gen pou nou chak epi li vin fè nou natirèl lè n'ap reponn ak lanmou sa, renmen Seyè a Bondye nou an avèk tout nou menm.

Kisa rete soude a vle di pou nou? Pou nou menm ki kretyen, relasyon nou avèk Kris la dwe plis enpòtan pase tout lòt bagay. Nou dwe rete an kontak avèk Li nan yon fason ki dirab, men tou nan moman entim ak espesyal yo chak jou. Menm jan ke nan tout relasyon genyen de faz, Jezi pa kapab kiltive yon relasyon avèk nou si nou pa mete tèt nou ansanm.



Endike elèv yo pou ke yo reyalize aktivite 6.

Rete soude ak Jezi se genyen li nan lavi nou chak jou epi pèmèt li patisipe nan tout sa ke n'ap fè. Lè ke nou resevwa yon relasyon konsa avèk Jezi, n'ap jwenn anpil avantaj. Menm jan ke branch lan jwenn sipò chouk pye rezen an, lavi nou resevwa fòs nan Jezi toutan, enèji espirityèl ke nou kapab envesti sèvis lèzòt yo.

Lè ke nou rete soude avèk Jezi, lanmou li koule a travè lavi nou epi fè enpak sou lavi lòt moun yo. Aksyon lanmou disip Jezi yo se san enterè, aksyon sa yo pwodwi nan moun ki wè ak resevwa, rekonesans ak kiryozite tou. Moun yo kòmanse poze tèt yo kesyon...Pou kisa yo fè sa?, pou kisa yo emab konsa?, pou kisa yo pa menm jan ak lòt egoyis yo? Epi lè moun sa yo konprann ke se Jezi ki voye nou epi inspire nou fè bon zèv sa yo pou frè parèy nou yo, lè sa, yo retounen vin jwenn Bondye.

Lanmou Bondye ki antre an aksyon an touche kè epi ankouraje moun yo tounen vin jwenn li epi vle vin disip Jezi ki se Kris la.



Mete fen avèk aktivite klas la pandan n'ap konplete aktivite 7.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Boujon:** Mo “boujon” an fè referans ak tout ti branch bwa ki wòwòt epi fèb, men espesyalman, ti branch yon pye rezen (Jan 15:2).
- **Pèsevere:** Vèb sa soti nan mo grèk “meno”, pèsevere a itilize anpil nan Nouvo Testaman. Siyifikasyon li gen relasyon avèk vèb nou yo nan lang espanyòl: rete, dire, kontinye, abite, rete la, dirab, pèsiste, rete viv. Nan metafò pye rezen an itilize nan sans rete avèk Jezi, rete fidèl avèk Jezi nan yon fason ki dirab, san kanpe.
- **Saman:** Saman an se yon branch rezen ki long, li mou epi li fè ne, se la ke fèy ak grap rezen yo sòti.



Rezime

Metafò pye rezen an anseye sou relasyon ki egziste ant pèseverans disip la nan Jezi ki se Kris la ak kapasite li pou bay fwi pou wayòm Bondye a. Kòm disip, objektif nou se donnez anpil fwi, men sa pap rive posib si lavi nou pa resevwa nouriti nan sous lavi a ki se Jezi Kris. Viv lavi kretyèn nan nan yon fason ki efikas se pa yon opsyon, men pito se yon kalite lavi ki se pwòp nati nou kòm ptit fi ak ptit gason Bondye. Tout branch ki pa tache avèk pye rezen an ak sa ki atache epi ki pa donnez yo pral koupe epi jete deyò, pou ke pye bwa a kapab konsantre tout resous li yo nan branch k'ap donnez yo. Pa genyen yon bagay ki plis fè legliz mal konsa ke moun sa yo ki di yo se kretyen ak bouch, men yo nye sa yo di yo nan aksyon ke y'ap poze yo.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Obsève tout branch yo epi reponn kesyon sa yo:

1. Pou kisa pye bwa ak plant yo bay fwi ak gress?

2. Ki konsekans ke limanite t'ap sibi si pye bwa yo te sispann jwe fonksyon sa?

3. Ki karakteristik yon plant dwe genyen pou ke li bay "bon" fwi?

4. Si se sèlman branch ki boujonnen yo ap bay fwi, ki wòl ke rès plant lan ap jwe?

AKTIVITE 2


Ki kèk fo pye rezen ke kèk moun atache avèk yo nan kontèks pa w la?

Siyale avèk yon x nan lis sa:

- Posede san jwif la oubyen pratike reliyon jwif la
- Vyèy Mari ak anpil lòt sen
- Boudis
- Islamis
- Mòmonis
- Maji
- Relijyon endijèn yo
- Lidè eklezyastik
- Fè pati manm legliz la "X"
- Fèt nan fanmi kretyen ki fidèl yo
- Ideyoloji politik
- Lidè politik
- Lòt...

AKTIVITE 3

Grafik: Pye Rezen Ki Donnen An



AKTIVITE 4

Depi nan tan lontan, fwi pye rezen te toujou apresye. Jaden rezen ki genyen yon rejis ki plis ansyen se sa ke Noye te plante a. Jodi a, lasyans kontinye ap dekouvri benefis ke lè yon moun manje rezen, li gen bon sante. Nan lis sa genyen kèk benefis ke bèl fwi sa kapab pote nan lavi nou. Siyale pwoblèm sante sa yo ki fè ke fwi rezen yo bon pou fè rejim:

- Antioksidan pwisan
- Li netwaye san
- Li evite likid yo sikile (diyouretik)
- Li fè po avèk cheve a bèl
- Li pran swen moun tansyon wo yo
- Li kenbe atè ak venn yo an sante
- Li kontre kare fòmasyon katarat nan je
- Li konbat bakteri ak viris yo (Vitamin C)
- Li fòtifye zo yo, li konbat atitris ak rimatis (Vitamin K, B-1)
- Li netwaye entesten li pi evite moun nan konstripe (legzant)
- Po gress rezen an anpeche moun nan gen kansè
- Sante kè a
- Li bay swen epi amelyore pwoblèm dyabèt yo
- Li konbat anemi

AKTIVITE 5

Fè yon tablo oubyen yon desen ki reprezante kòman trajè w yo dwe pote fwi kòm disip Jezi, depi jodi a jouskaske ou mouri.

AKTIVITE 6

Reflechi sou fraz sa epi aprè sa, reponn: Èske mwen sèvi ak Jezi kòm relasyon prensipal mwen oubyen kòm yon moun ke mwen chèche yon lè konsa? Kisa mwen ta fè avèk yon zanmi fi oubyen zanmi gason ki sèvi avèk mwen nan fason sa?

“Genyen anpil kretyen ki trete Jezi tankou si se te yon ‘zanmi facebook’. Pa fwa yo reponn mesaj li yo epi yon lè konsa yo inyore li. Nan kòmansman yo te voye anpil foto ba li, kat anivèsè, yo te konn rakonte li sa ke yo te konn fè, yo te konn pale avèk li avan ke yo te konn pran desizyon yo, yo te konn transmèt li demann lapriyè yo... Men aprè yon tan, yo sèlman ekri li lè yo twouve yo nan yon pwoblèm oubyen lè yo bezwen konsèy oubyen lè yo bezwen èd si yo bezwen lajan oubyen si yo malad.”

AKTIVITE 7

Travay an gwooup. Panse avèk yon anekdòt ki enpresyonan anpil, pou w anseye sou lavi ki efikas ke Jezi ap atann de disip li yo, pou moun ki nan kontèks ou yo. Konsidere ke genyen kèk imaj kapab vin plis efikas nan ti bouk yo, men se pa sèlman pou moun ki nan gran vil yo. Pwopoze plizyè lide epi chwazi sa ki plis kapab anseye yon pi bon mòd de vi pou yon lavi kretyèn ki pote fwi. Lè nou fini, fè deba avèk rès klas la.



Fwi Lespri a avèk Zèv Lachè yo

Leson 2



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Evalye** si lavi li se yon bon pye bwa oubyen yon move pye bwa.
- **Idantifye** zèv lachè yo ke move pye bwa a donnen.
- **Konprann** ke moun sa yo ki bay bon fwi yo se bon pitit fi ak pitit gason Bondye yo.
- **Renonse** ak tout bagay ki kont valè kretyen yo ke li absòbe nan lavi li.



Resous Yo

- Pòtrè plizyè imaj pye bwa ki genyen fwi ak anpil gressn.
- Desen yon gwo pye bwa sou tablo a (gade modèl la nan aktivite 3).
- Plizyè gwo mòso papye bristòl avèk fòm fwi yo. Yo dwe gwo anpil pou w mete nan pye bwa ke w pral desine sou tablo a.
- Plizyè makè pou ke elèv yo ekri non fwi nan mòso papye bristòl la.
- Mete tep pou w kapab plase fwi yo nan pye bwa a.

Entwodiksyon

Lavi yon moun ki konpare avèk yon pye bwa, se youn nan metafò ke Jezi te chwazi pou anseye sou bon fwi ke l'ap atann de nou men ki se disip li yo. Nan levanjil yo, Lik avèk Matye rakonte anekdòt sa, kote ke Jezi te konpare fwi yon bon pye bwa ak yon move pye bwa. Ansèyman Jezi sa fè nou reflechi sou yon tèm k'ap fè anpil aktyalite kounye a, paske li gen pou wè avèk kalite lavi ki fè Bondye plezi a.

Jodi a, nan sosyete ki bò kote nou, genyen anpil konfizyon sou ki kote limit bon avèk move a ye, ant sa ki kontamine ak sa ki sen, ant sa ki kwochi ak dwat. Kòripsyon ak mank de sekirite se yon tèm ke nou pale de li chak jou nan lari, lakay epi ki ranpli espas mwayen komunikasyon yo. Men genyen anpil nan nou ki vrèman inyore sa ke n'ap pale a. Kòripsyon an pa sèlman yon pwoblèm politisyen yo, oubyen pwoblèm moun ki vòlò lajan enstitisyon oubyen antrepriz piblik yo. Jounen jodi a, koze kòripsyon an fin gaye nan tout sosyete a, se yon bagay ki komen nan tout fanmi yo, tout antrepriz yo, nan lekòl yo epi nou ta kapab di ke yo te fè pati kilti a.



Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 1.

Etid Biblik

1. SÈLMAN DE KALITE PYE BWA

**Mande de elèv pou ke yo li tou de anekdòt sa yo ke nou jwenn nan
Matye 7:15-20 ak Lik 6:43-44.**

Nou jwenn anekdòt sa andedan Predikasyon sou Montay la ki anglobe tout chapit 5, 6 ak 7 nan Levanjil selon Matye. Nan seksyon mesaj sa, Jezi te fè referans ak fo pwofèt yo ke menm si yo te abiye tankou mouton, an reyalite yo se chen mawon ki kite anpil mò ak destrikson tout kote ke yo pase.

Nan peyi Izrayèl, tout moun ki te pwofèt te konn mete yon kalite abiman ki te konn idantifye yo, tankou Eli ki te itilize palto po mouton (1 Wa 19 :13, 19). Pwofèt Zakari te avèti ke genyen moun ki te konn itilize palto a, men pawòl nan bouch yo se te manti epi moun pat kapab mete konfyans nan yo, yo pat konn viv tankou vrè pwofèt yo (Zakari 13 :4).

Nan epòk legliz primitiv la, ministè pwofèt la te prezan sou fòm predikatè serye ki te konn toujou ap vizite legliz yo. Pòl avèti manm legliz Efèz yo pou ke yo fè anpil atansyon avèk fo pwofèt yo.

[[[Mande pou yon elèv li Travay 20:29. Answit, mandde klas la... Ak kisa Pawòl Jezi yo te sanble nan Matye 7:15 ak pa Pòl yo nan pasaj sa?]]]

Jan ke nou wè aspè avan an, se pa yon pi bon bagay pou ke yon moun jije karaktè yon lòt moun. Nou konnen ke imaj ke yon moun pwojte, se pa vrèman sa ke moun nan ye. Abiye menm jan avèk medsen pa vle di nou se doktè pou sa, itilize rad polisye, pa fè nou se ajan lalwa pou sa, abiye tankou pastè, pa fè nou pastè pou sa, epi nou kapab kontinye avèk anpil egzanp. Se poutèt sa ke, nan parabòl pye rezen an, Mèt la afime ke pi bon fason pou ke yon moun rekonèt yon pye bwa se atravè fwi ke li bay yo.

Jezi pale osijè de 2 kalite pye bwa sèlman: Youn ki pa bon ak yon lòt ki bon. Pa genyen plis kalite pye bwa ankò. Pa genyen okenn pye bwa ki donnen kèk bon fwi epi kache kòk lòt move fwi nan mitan branch li yo. Non plis move pye bwa ki kapab bay bon fwi.

Ansèyman Jezi sa sevè anpil epi li totalman kontrè avèk lide ki egziste nan tan ke n'ap viv yo la. Nan fim yo, nan feyton televize yo ak seri tanporè yo ki reprezante lavi moun k'ap fè trafik dwòg yo, vòlè, asasen, blofè yo, tou nan manch yo avèk anpil lòt ankò ke menm si ke yo se delenkan epi mechan, yo genyen plizyè bon kalite nan karaktè yo, tankou, renmen fanmi yo, yo renmen patnè yo, yo ede moun ki nan bezwen yo, elatriye. Yon lòt kote, yo montre anpil moun ki t'ap pran pòz bon moun, tankou pastè, paran, medsen, avoka, polis, ak anpil lòt ankò ki anbrase koz byen nòb... konsa, ki genyen yon lavi peche kache, yo fè adiltè, yo konn fè ti moun yo abi, yo se vòlè, yo vyolan avèk fanmi an, anpil bagay.

[[[Mande elèv yo pou ke yo mansyone plizyè egzanp fim, feyton, seri TV ak anpil lòt pwogram, ki gaye anpil lide tankou sa yo pou gran moun, jèn ak ti moun yo.]]]

2. YON MOVE PYE BWA AP TOUJOU DONNEN MOVE FWI

Yon move pye bwa se yon pye bwa ki kòwonpi, sa vle di, kontamine, pa bon, pouri, dezonèt. Pye bwa sa reprezante kè lòm nan ki ranpli avèk mechanste. Sa se kondisyon natirèl kè tout moun ke Jezi ki se Kris la pot ko netwaye peche yo. Sèl fason ke nou kapab rive genyen yon kè ki sen se, lè Bondye menm kreye li andedan nou. Se poutèt sa ke salmis la di konsa: “*O Bondye, pa kite okenn move lide nan kè m'. Mete bon lide nan tèt mwen, pou m'sa kenbe fèm*” (Sòm 51:10).

Menm si pye bwa fè tout efò ke li kapab, li pap kapab bay bon fwi. Apot Pòl rele move fwi yo “zèv lachè”. Nou kapab wè yon lis ki genyen kèk nan fwi sa yo nan Galat 5:19-21: “*Se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè: se immoralite, malpwòpte ak vis. Se sèvi zidòl, se fè maji, se yonn fè lòt lènmi, se fè kont, fè jalouzi, fè kòlè, se yonn pa vle wè lòt, se fè ti pil gwo pil. Yonn anvye sò lòt, yo tafyatè, yo saf konsa, ak yon bann lòt bagay ankò y'ap fè. Mwen deja di nou sa, epi m'ap repete l' ankò pou nou: moun ki fè tout bagay sa yo p'ap antre menm nan peyi kote Bondye wa a.*”



○ Reyalize aktivite 2.

[[[Distribye plizyè mòso papye ki genyen fòm fwi yo pou ke elèv yo ekri non peche ke moun ap fè nan tan kounye yo ki te déjà prezante nan Aktivite 2. Aprè sa, mande etidyan yo pou yo antre nan kole fwi nan pye bwa ki te déjà desine sou tablo a.]]]



○ Mande elèv yo pou ke yo konplete aktivite nimewo 3, pandan ke y'ap kopye modèl ki sou tablo a.

Se sèlman Bondye ki kapab chanje yon move kè pou mete youn ki bon. Seyè a te pwomèt atravè pwofèt Ezekyèl ke mesi a t'ap gen pou pèmèt ke pitit fi ak pitit gason Bondye yo genyen yon kè ki tou nèf epi ranpli ak Sentespri a: “*M'ap mete lòt santiman nan kè nou. M'ap mete lòt lide nan tèt nou. M'ap wete tèt di nou an, m'ap fè nou tandé lè m' pale nou*” (36:26).

Yon tèt ki di tankou wòch se yon move kè, youn ki pa ebranle youn ak bezwen lòt yo, yon moun ki pa dosil ak obeyisan fas ak Pawòl Bondye. Li pa posib pou ke yon moun ki gen kè di tankou wòch bay bon fwi pou Bondye.

Genyen anpil kreyen ki rete avèk kè di sa. Li posib pou ke yo panse ke aprè yo fin pase yon bon tan pral legliz, kè yo ap vin chanje an yon bon kè. Yo atache avèk li epi yo pa vle pou Bondye transfòme li. Yo konsève anpil bagay ki mal ladan li tankou ògèy, rayisman ak anpil lòt bagay ankò ki vin tounen trezò kache. Yo konfonn paske yo panse ke avèk tout bagay sa yo y'ap kapab sèvi Bondye avèk lavi yo epi mennen yon lavi ki fè Bondye plezi.

[[[Mande klas la: èske li posib pou ke nou travay nan kèk ministè nan legliz la jouskaske nou rive vin yon lidè nan legliz la, avèk yon kè ki pa pwòp?]]]

Wi, li posib pou ke nou resevwa respè pou ministè nou epi jwenn admirasyon lòt moun akoz de kapasite nou yo. Tout bagay sa yo posib pou moun atenn, menm si nou se move pye bwa. Men nou pa kapab konfonn imaj ke li pwojte a, avèk vrè idantite moun nan. Nou pa dwe twoouble non plis, aparans fwi yo avèk kalite fwi yo. Konbyen nan nou ki conn fann yon zaboka epi jwenn ke li nwa andedan epi oblige jete li? Epi fin koupe yon fwi, toudenkou rann nou kont ke li pa genyen gou ke nou t'ap atann nan?

3. BON PYE BWA A DONNEN BON FWI

Nan parabòl de pye bwa yo, fwi pye bwa ki bon an totalman diferan de fwi move pye bwa a. Nou kapab simen grenn ki soti nan pye bwa sa yo avèk konfyans ke aprè yon tan, n'ap genyen pye bwa ki pral ban nou anpil fwi ki gen bon kalite.

Bon pye bwa sa reprezante lavi kreyen ki mache dwat la, onèt, onore, sensè, inegosyab. Li menm li obeyisan ak Pawòl Bondye a. Li genyen yon kè nouvo ke Bondye te ba li. Kè li pwòp, san tach epi sen. Lavi li reflete angajman li avèk Bondye ak travay li nan tout moman. Lakay li, nan lari, nan travay la, nan lekòl, nan jimnas la, tout kote ke li twouve li, tout moun kapab remake ke moun sa se pitit fi oubyen pitit gason Bondye ki genyen yon kè ki pwòp.

Vrè idantite kreyen an manifeste a travè kalite fwi li ak grenn ke li bay yo.



o Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4.

[[[Montre imaj pye bwa yo, fwi ak grenn yo yon fason pou w kapab ilistre pwochen seksyon an.]]]

Chak pye bwa donnen konfòm ak nati ke li genyen. Pye pòm nan donnen pòm, mango soti nan pye mango a, pye sitwon an ap toujou donnen sitwon. Nan nati a pa genyen okenn peral ki bay rezen oubyen zoranj ki bay zabriko. Se menm jan ke chak pye bwa donnen fwi yo daprè espès yo. Se konsa ke Kreyatè a te trase plan an (Jenèz 1:11).

Jezi te anseye ke obeyisans lan toujou rekondans avèk anpil fwi. Si nou vle vin yon bon pye bwa, nou dwe kòmanse imilye nou nan pye Seyè a epi mande li pou 1 ban nou yon kè nouvo, youn ki dosil epi ki obeyisan ak Pawòl la, youn ki sen epi ki ranpli ak Sentespri Bondye a.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 5.

4. VALÈ MWEN YO FÈ M SA KE MWEN YE A

Nan mesaj ki paralè avèk Lik 6 :45 lan di konsa: “*Yon nonm ki bon, se bon bagay li rale soti nan kè li ki bon. Yon nonm ki mechan, se move bagay li rale soti nan kè li ki move. Paske, sak nan kè yon nonm, se sak soti nan bouch li.*”

Yon lòt fwa ankò, nou wè nan Lik ke pawòl ki sòti nan bouch nou yo se pwodwi sa ki genyen nan kè nou. Se vre ke nou kapab genyen kapasite pou nou kontwole tout sa ke n'ap di epi aprann yon langaj espirityèl ak kretyen. Men lè ke nou anba presyon, lè emosyon yo transfòme an pawòl, lè nou di premye sa ki vini nan lespri nou, nou kapab wè vrè pwodwi ki sòti nan kè nou.

Lik fè referans ak yon trezò ke nou tout ki se moun genyen ki byen kache. Sa ke nou chwazi konsève nan trezò sa se chwa ke nou chak fè. Men apati de chwa sa, moun ke n'ap ye a depann de li. Anpil fwa, pwodwi yon move kè manifeste nan mitan fwaye a, kote ke paran ki genyen repitasyon nan legliz la kòm bon kretyen yo pa yon bon egzant pou ptit yo, yo pale mal sou lidè ak frè legliz yo, yo fè vyolans sou fanmi yo avèk pawòl nan bouch yo, yo bay manti epi twonpe tou.

Jezi eksplike ke si trezò nou an bon, fason nou pale ak aji ap bon tou. Lavi nou ap fè Bondye plèzi, moun ki nan antouraj nou yo ap beni a travè pawòl ak bon zèv nou yo. Men si trezò nou pa bon, l'ap fè nou devye nou de volonte Bondye epi chèche satisfè pwòp anvi egois nou yo, e menm deranje lòt moun.

Nan lavi, menm jan ak nan lasyans, tout efè genyen koz li. Pa egzant, si yon moun genyen yon konpòtman ki agresif oubyen vyolan, li dwe genyen yon bagay ki kache nan kè li ki aji tankou motè konpòtman sa. Se motiv sa yo ki pouse nou aji fason sa. Jodi a, nou rele yo prensip oubyen valè.

Nou kapab konprann valè yo pi byen lè nou panse ak yon ti gress, tankou gress seneve ke Jezi te mansyone a.

[[[Mande pou yon elèv li Mak 4 :30-32. Aprè sa, mande klas la: Nan kisa parabòl gress seneve sa sanble ak parabòl pye rezen an ak bon pye bwa ak move pye bwa a?]]]

Nou tout ki se moun, nou genyen valè nou. Nou pa pran nesans avèk valè sa yo, men nou rive aprann yo nan fanmi an, nan lekòl, nan sosyete a, nan legliz la. Pa egzant, si nou genyen valè lapè, nan lavi nou, n'ap moun ki renmen kè poze, nou pap rann vyolans pou vyolans. Sa ki kont valè yo se antivalè yo. Pa egzant, antivalè ki kanpe kont valè verite a, se manti a. Lè nou aprann yon antivalè depi tou piti, nou panse ke se yon bagay ki fè pati lavi nou. Pa egzant, si yon moun bay manti, nou ba 1 non “mantè”, se kòm si ke manti a ta fè pati nati li, yon bagay ki pa gen remèd. Men sa ki pase an reyalite, se paske moun sa pat janm anbwase valè verite a nan lavi li.

Wayòm Bondye a genyen pwòp valè li epi yo tout kontré ak antivalè mond lan.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 6.

Bon nouvèl la se paske valè ak prensip yo kapab chanje. Li pa janm twò ta pou ke moun nan aprann nouvo valè yo. Se poutèt sa ke li enpòtan pou ke nou etidye Pawòl Bondye, paske se ladan li nou kapab aprann anbwase pwòp valè wayòm Bondye yo. Disip fidèl Jezi yo ammagazine tout valè wayòm Bondye yo andedan kè yo.

Pi gwo valè lavi kretyèn nan se Bondye menm. Lè ke Bondye se sant kè nou, "Li" se trezò prensipal nou epi se li menm ke nou bay plis enpòtans. Fwi ki pwodwi lavi sa pa kapab yon lòt bagay ke lanmou, paske Bondye ki se lanmou an okipe tout kè nou. Se sèlman yon kè ki ranpli ak lanmou Bondye kapab itil pou pote fwi ke Seyè ap atann de disip li yo. Se sa k'ap tèm pwochen lesoun an.



- **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 7.**



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Zaboka:** Fwi ke moun manje epi ki genyen yon itilite nan gastwonomi amerik latin nan. Nan kèk peyi yo ba 1 non palpa.
- **Kòripsyon:** Lè nou di ke yon bagay vin kòwonpi, nou demonstre ke eta natirèl li a deranje avèk yon bagay ki vin antre ladan li, men ki pat pou nan bagay la oubyen pou moun l'ap pale a. Nan òganizasyon yo, yo fè referans ak pratik ke anpil moun itilize kèk fonksyon pou atenn benefis ekonomik oubyen lòt bagay. Pou lèzòm, viv nan peche se yon eta de kòripsyon, déjà ke nou te viv pou nou viv nan sentete. Peche a pa fè pati de nati orijinal la. Se poutèt sa ke nan Bib la, yo relye peche a avèk maladi kontajye ki detwi moun ke nou ye a epi ki dwe elimine (Ezayi 53 :5).
- **Zèv lachè yo:** Yo se move zèv ak kondwit peche ke moun ki pa renmen Bondye yo renmen pratike, menm ak lavi yo, yo pa obeyi li. Konpòtman sa yo bay domaj ak doulè nan moun nan menm ak lòt moun ki nan antouraj li yo. Yo kontré ak fwi Lespri a (Galat 5:13-25).
- **Valè yo:** Yo se lide ak konsèp ki fonde konpòtman avèk aksyon nou yo.



Rezime

Kalite moun ke nou ye a pa yon bagay ki te déjà planifye depi nan nesans nou oubyen istwa lavi a. Jezi te anseye ke nou kapab chwazi ki kalite moun ke nou vle ye. Si nou pèmèt ke Bondye sanntifye kè nou epi nou adopte Bondye kòm valè ki plis enpòtan nan lavi nou, fwi ke n'ap pwodwi ki pral sen nan san tach kòm lanmou Bondye ki abite nan nou. Men si nou konsève yon kè ki di tankou wòch, youn ki rebèl fas ak volonte Bondye epi ki anmagazine antivalè yo ki nan wayòm Bondye a, nou pap kapab pwodwi anpil fwi ki bon epi agreyab avèk lavi nou ke Bondye ap atann de nou.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Siyale nan lis sa tout bagay ke w te fè oubyen fè, paske yo se bagay ke moun yo abitye fè nan kontèks li a.

- ___ Bay manti pou bay rezon poukisa ou anreta nan travay la.
- ___ Kouri pase devan moun nan yon liy pou bay daso.
- ___ Rete avèk rès monnen moun yo lè n'al nan mache.
- ___ Pa bay tout ladim mwen an nan legliz la.
- ___ Peye rakèt pou yon dosye papye legal.
- ___ Travèse yon limyè wouj san kanpe.
- ___ Achte atik “pirat” (mizik, fim, rad, pwogram òdinatè).
- ___ Koke nan yon kab elektrik oubyen kab TV.
- ___ Vòlò plizyè flè oubyen fwi ki nan yon jaden oubyen nan yon lakou.
- ___ Fotokopye plizyè liv avèk tout dwa rezève olye pou achte yo.
- ___ Kopye kole yon tèks kòm devwa yo te bay nan lekòl la oubyen inivèsite a.
- ___ Pran poul nan yon egzamen.


AKTIVITE 2

Nan tablo ki anba a, w ap jwenn plizyè fwi lachè ke nou jwenn nan Galat 5:19-21. Nan kolòn dwat la, nan chak liy, ekri kantite peche ki prezan nan kontèks ou a epi ki relye oubyen soti nan sa yo.

Fraz yo te pran nan HCV	Vèsyon kontanporen sou peche sa yo
Imoralite	
Malpwòpte ak vis	
Se sèvi zidòl, se fè maji	
Se yonn fè lòt lènmi, se fè kont	
Fè jalouzi, fè kòlè	
Se yonn pa vle wè lòt	
Se fè ti pil gwo pil	
Yonn anvye sò lòt	
Yo tafyatè, yo saf konsa	

AKTIVITE 3

Desine fwi move pye bwa yo.



AKTIVITE 4

An gwooup de 2 a 3 patisipan, se pou yo reponn késyon sa yo:

- Daprè parabòl de pye bwa yo, èske w panse ke li posib pou ke nou konnen si yon moun se bon moun oubyen move kretyen akoz de zèv yo?
- Site kèk move zèv ke kèk “kretyen” fè epi ki sal temwayaj li (San bay non).
- Ki bon zèv ke nou te kapab obsève nan kèk kretyen ke nou rekonèt?

AKTIVITE 5

Chèche nan Bib la kèk vèsè ki drese nan lis anba a epi reponn kesyon yo.

- a. Jan 12:24 — Ki kondisyon ke yon grenn ble dwe ranpli pou ke li donnen anpil grenn?
- b. Galat 5:24 — Ki kondisyon pou ke yon moun ranpli pou ke yon moun kapab vin yon kretyen ki onèt?
- c. Revelasyon 20:12 — Èske Bondye genyen yon rejis zèv nou yo? Avèk ki objektif?
- d. Revelasyon 21:27 — Ki kote move pye bwa yo pral pase letènité yo?
- e. Revelasyon 19:6-8 — Kisa wòb len fen an reprezante ke pitit fi ak pitit gason Bondye yo pral abiye lè yo antre nan lavi ki pap janm fini an?

AKTIVITE 6

An gwoop de 3 oubyen 4 etidyan, konplete tablo sa. Nan kolòn ki sou bò goch la, genyen yon lis ki genyen kèk valè Wayòm Bondye a. Ekri antivalè ki kòresponn nan nan kolòn dwat la nan chak ka, valè a kontré.

Valè Wayòm Bondye yo	Antivalè Mond lan
Senplisite	
Kè poze	
Solidarite	
Padon	
Lanmou	
Libète	
Verite	
Sèvis	
Lavi	
Pwòpte/ Sentete	
Jistis	
Sakrifis	
Fidelite	
Fratènite	

AKTIVITE 7

Reponn tout kesyon sa yo nan yon mannyè ki pèsonèl:

- a. Èske ou menm ou sèten ke lavi w se yon bon pye bwa? Si repons ou a se non, kisa w ta dwe fè pou ke lavi w vin tounen yon bon pye bwa ki donnen bon fwi?
 - b. Ki valè ki plis enpòtan nan lavi w jodi a?
 - c. Èske w idantifye kèk antivalè nan lavi w jodi a? Kisa li ye oubyen kisa yo ye?
 - d. Ki valè Wayòm Bondye a ke ou bezwen anbwase nan lavi ou?



Fwi Lespri a se Lanmou

Leson 3



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Idantifye** fòm fo lanmou yo.
- **Rekonèt** nati lanmou Bondye a.
- **Diferansye** lanmou ewoyik la ak lanmou agapè a.
- **Pran desizyon** pou travay pou ke fwi Lespri a devlope nan lavi li.



Resous Yo

- Yon fwi ki byen sanble nan branch yo tankou pa egzamp: madarin, zoranj ak chadèk. Branch yo dwe sifi pou tout klas la.

Entwodiksyon]]]

Nan lesion avan yo, nou te etidye ke volonte Jezi se pou tout disip li yo, bay bon ak anpil fwi. Genyen anpil kretyen ki twooble osijè de kalite fwi ke Jezi t'ap pale a. Genyen anpil moun ki panse ke Jezi te fè referans ak zèv charite, genyen anpil moun ki te panse ke se te fè plis disip, anpil lòt panse ke se sèvis ke nou bay nan yon ministè nan legliz la, anpil lòt moun panse ke se anpil sakrifis pèsonèl epi menm genyen anpil lòt ki panse ke sa gen pou wè avèk fè pwogrè ekonomikman pou bay lajan pou travay Bondye a.

Tout sa ke nou mansyone yo, yon moun kapab fè yo san ke li pa genyen vrè fwi Lespri a nan lavi li. Men, tout bagay sa yo bon, yo kapab fèt pou motif ki pa kòrèk.

[[[Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 1.]]]

Jan ke nou sot déjà wè sa nan lesion avan an, nou dwe prete atansyon ak motif ki pèmèt ke nou fè nenpòt bagay ke nou fè. Si ke nou vle vin tounen pye bwa ki donnen bon fwi yo, kè nou dwe ranpli ak lanmou Bondye a ki sen. Nan lesion sa nou pral etidye lanmou sa ki se fwi espirityèl ke Bondye ap atann de nou, men kòm nou wè a, se pa nenpòt kalite lanmou, men pito se yon lanmou ki genyen tout kalite bon lanmou Bondye yo.

Etid Biblik]]]

1. BONDYE SE LANMOU

Mo “lanmou” an sòti nan langaj ki plis enpòtan nan tout konvèrsasyon lèzòm ak nan Bib la tou. Men tèlman genyen anpil fason pou konprann konsèp “lanmou” ki jiskaprezan difisil pou konprann lanmou ke Bib la pale nou an. Pwooblèm nan se ke si nou pa byen konprann konsèp biblik lanmou an, nou pap genyen kapasite pou ke nou mete li an pratik nan jan ke Bondye ap atann li de nou an non plis.

Apot Jan nan premye lèt li a, li fè yon deklarasyon revolisyonè pou epòk pa li a:

[[[Mande pou yon elèv li 1 Jan 4:8.]]]

Yo pa di sa sou fo dye yo nan relijyon ki pa kretyèn yo. Jan pa di ke “Bondye genyen anpil lanmou”, sa ki ta kòrèk si lanmou ta youn nan kalite Bondye yo. Men se pa konsa, paske lanmou se vrè nati Bondye menm. Nou pa kapab separe Bondye de lanmou li, nou pa kapab konprann siyifikasyon vrè lanmou an non plis, si nou pa konnen Bondye.

Nan Bib la, yo di ke Bondye janti anpil, li jis, li genyen anpil sajès, paske tout sa yo se karakteristik Kreyatè a, men nou pa dwe konfonn yo avèk nati li. A lafwa, karakteristik sa yo avèk anpil lòt ankò soti nan lanmou li, men sa yo ki sanble negatif pou nou tankou kòlè li, se la lanmou an pran nesans.

Bondye te plase imaj li depi nan premye koup ke li te kreye a pou bay tout ras limanite imaj pa 1 la epi transmèt nou kapasite pou ke nou renmen. Pliske nou menm lèzòm nou kapab renmen menm si nou pa konnen Bondye, se yon siyal ke renmen se yon pati nan nati nou. Men apèn nou kapab di ke ti lanmou ke nou genyen an se yon ti kras ki te atache ak nou akoz de ras nou epi sa te vin gate epi kòwonpi akoz de peche a.

[[[Mande yon etidyan pou I li 1 Jan 4 :16 epi mande klas la: Ki sèl fason ke lèzòm nou kapab mete vrè lanmou an an pratik?]]]

Deklarasyon apot Jan an parèt klè epi dirèk. Lanmou an se “fwi” ki idantifye nou kòm bon ptit fi ak ptit gason Bondye. Men de ki lanmou Jan ap pale la? Jodi a genyen anpil fason diferan pou moun konprann ak viv lanmou ke nou bezwen pou nou eklèsi tèm sa.



- **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 2.**


Kòm nou wè ke moun yo genyen pwòp opinyon yo osijè de kisa lanmou an ye epi kòman yo kapab renmen. Anpil nan nou ki se kretyen, nou genyen yon ide osijè de kisa lanmou womantik la ye, ke nou gade nan fim ak pwogram TV, epi sa afekte fason ke nou konprann lanmou Bondye a epi rive pratike li.

Akoz de konfizyon k'ap fè aktyalite a, nou bezwen poze tèt nou kesyon : “Kòman vrè lanmou Bib la prezante a ye? Pou ke nou reponn ak kesyon sa, nou bezwen kòmanse fè envestigasyon sou kòman lanmou Bondye a ye.

2. KÒMAN LANMOU BONDYE A YE?

Yo anseye nan Bib la ke nan lanmou Bondye nou jwenn twa dimansyon : Jistis, verite ak lagras, tout sa yo se karakteristik lanmou li.

[[[Desine grafik sa nan tablo a.]]]



Langaj orijinal nan lang ebre a ki itilize pou jistis, verite ak lanmou an genyen yon siyifikasyon ki yon ti jan diferan ak sa ke nou konsidere jounen jodi a nan langaj nou yo kòm laten.

Lè ke Bib la di ke lanmou Bondye a manifeste nan jistis li, li pa fè referans ak kapasite pou fè yon jijman k'ap pase epi ki genyen yon objektif, konfòm ak lalwa, jan ke n'ap atann jodi a ke jij yo ap fè nan tribinal yo. Jistis Bondye a fè referans ak bon konpasyon li pou kreyati li yo, konpasyon ki ale pi lwen pase jistis la ke yo ta dwe genyen selon lalwa. Jistis Bondye a pa mache frèt, ni li pa pran tan pou 1 fêt, men se pito yon bagay ki manifeste atravè lanmou ak konpasyon Bondye.

Nan Bib la, jistis la se lanmou konpasif Bondye k'ap aji nan defans moun ki plis nan bezwen yo, li toujou mete li bò kote moun k'ap soufri yo, moun sa yo ki pa resevwa yon bon tretman.

Nou kapab wè lanmou Bondye a nan verite a. Bib la montre ke Bondye genyen karakteristik ki pwòp a li menm kòm yon moun ki serye epi ki onèt. Lanmou Bondye a se yon bagay ki sensè, li fèt pou onore, se yon lanmou ki sen. Paske Bondye renmen nou, li pa janm ban nou manti, li pa janm twonpe nou, li pa janm itilize nou pou motif pèsonèl li yo, li pa janm eksplwate nou, li pa genyen yon ajannda kache, li pa janm manipile nou.

Siyifikasyon tèm grèk *aletheia*, verite se revele yon bagay ki te kache. Pou nou menm ki se lòm, li kapab byen difisil pou ke nou rive wè tout panorama konplèt ak koz ki dèyè reyalite ki nan antouraj nou yo. Men, lanmou Bondye a mache ansanm avèk limyè li, yon limyè ki penetre tout fè nwa epi pèmèt li wè moun yo ak sikontans yo avèk yon rega damou ki dekoutri peche a epi ki revele entansyon ki kache andedan kè yo.

Lanmou Bondye a tou manifeste an gras kote ke li aksepte nou, li padone nou epi kiltive yon relasyon avèk chak ptit fi ak ptit gason li yo, kote ke li remèt tout li menm. Gras li pale nou de yon lanmou ki anbwase, ki delivre, ki ede ak restore tout moun sa yo ki vle fè pati pèp li a.

Malgre ke gras lanmou Bondye a pa jistifye peche a, li anbwase ak padone pechè a, li aksepte li nan fanmi 1 epi ede li devlope tèt li. Jezi se imaj vizib gras amou Bondye a (Jan 1:14). Li te kapab wè kapasite chak moun, pi lwen pase sitiyasyon aktyèl li nan moun yo epi li te ba yo esperans.



Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 3.

3. LANMOU AN SE FWI LESPRI A

Jezi mete anpil nan tan li yo apa pou disip li yo, lè li t'ap anseye yo osijè de kòman yo te dwe renmen. Sa se te objektif anpil nan parabòl li yo ak anpil nan mirak li yo. Menm jan avèk lòt yo nan mitan pèp Izrayèl la, sa te byen difisil pou disip yo konprann ki kalite lanmou ke Jezi t'ap atann de yo. Pou byen konprann, Jezi te vle fè konprann ke kalite lanmou Jezi te itilize a, pa egzanp parabòl limyè a. Nan Matye 5 :14 li di konsa: "Mwen se limyè mond lan...". Konsa, disip yo te kapab konprann ke menm jan ke lalin nan te reflete yon limyè ki pat pou li, men pito pou solèy la, yo te dwe reflete plizyè lòt limyè Kris la.

Pi devan nou wè kijan ke Jezi te di yo ke li t'ap anseye yo yon nouvo kòmandman. Disip yo te sezi anpil paske lalwa jwif la te genyen 613 kòmandman epi pou nenpòt jwif se yon bagay ki te byen difisil pou yo te akonpli tout. Men Jezi te fè yo rete trankil lè ke li te eksplike yo ke nouvo kòmandman sa se pat pou ajoute yon bagay an plis sou sa ke yo te genyen déjà yo, men pito se te sa ki te plis enpòtan ak esansyèl nan tout kòmandman yo te konn obsève yo epi ki te rezime tout lòt rès la.

[[[Mande pou yon élèv li Jan 13:34-35.]]]

Sa se youn an plis nan tout ansèyman revolisyonè Jezi yo. Youn Nan kèk mo, yon kòmandman ki te rezime anvi kè Bondye pou tout ptit fi ak ptit gason li yo. Sèlman moun sa yo ki te obeyisan ak kòmandman sa ki ta rekonèt kòm disip Jezi ki fidèl. Sanble ke se yon enstriksyon ki senp pou swiv, men se pa vrèman konsa. Sa se paske nou panse ke lanmou se yon santiman ki koule nan nou memm, tèlman “natirèlman” kòm tankou lè nou tonbe damou. Men, apot Jan pat gen okenn entansyon pou 1 te pale osijè de lanmou sa ke nou kapab panse a.

Nan langaj Nouvo Testaman an, yo itilize twa mo avèk plizyè siyifikasyon ki byen diferan pou lanmou. Pa egzanp, sa se lanmou *eros* ki fè referans ak anvi pou genyen yon bagay ke moun nan pat genyen avan. Se yon lanmou ki santre li sou yon moun, tankou nan ka dezi seksyèl, oubyen pou yon bagay kèlkonk. Lanmou *eros* la motive pa mwayer dezi pou satisfè yon bezwen pèsonèl oubyen santi li konplèt. Lanmou sa motive moun ki renmen nan fason sa, lè li panse ak objè lanmou li a epi pratike zèv lanmou paske li resevwa lanmou.

Fason ki plis komen pou ke nou panse osijè de lanmou se ke nou dwe santi an premye, pou nou genyen volonte pou panse epi fè anpil bon bagay pou lòt moun nan. Pwen de depa lanmou sa baze sou plis santiman damou ke lòt moun nan fè manifeste nan nou an.

Men osijè de lanmou ke Jezi pale a se lanmou *agapè*, ki se yon fòm renmen ki diferan. Li pa genyen objè dezi, men pito nan panse sou kòman mwen kapab demonstre lanmou Bondye nan moun sa? Se yon lanmou ki pa depann pou aji sou santiman nou yo. Lè lanmou Bondye a ranpli kè nou, panse nou pa dwe domine pa mwayer santiman ke lòt yo reveye nan mwen, men pito se pou fason de panse damou osijè de pwochen an ke nou te aprann de Jezi ki se Kris la.



○ Mande élèv yo pou yo konplete aktivite 4.

Se akoz de sa ke Jezi te di Sen ou dwe aprann renmen nan yon fason ki diferan de sa ke moun ki nan antouraj nou yo ap fè.

[[[Mande pou yon élèv li Matye 5:46-47.]]]

Lè ke nou aprann pratike lanmou agapè a, nou kapab renmen menm lènmi nou yo (Matye 5 :44). Men se pou nou sonje ke nou kapab renmen konsa sèlman lè nou ranpli ak Lespri Sen an. Se sèlman lè sa ke lanmou agapè Bondye sa kapab abite nan kè nou epi l'ap manifeste anvè tout moun ki nan antouraj nou yo.

Si nou eseye repwodwi yon lanmou ki vrè, jis epi ranpli gras tankou pa Bondye a, avèk pwòp fòs nou n'ap pran echèk. Li posib pou renmen nan fason sa, sèlman lè tankou yon miwa, nou reflete limyè Bondye devan lòt yo.

[[[Mande pou yon élèv li Women 5:5.]]]

Apot la di nou ke lè ke nou ranpli ak Lespri Sen an, lanmou Bondye a debòde nan kè nou. Lanmou an se “fwi” prensipal Lespri a. Se yon fwi ki ranpli nou avèk objektif ak valè ke lavi nou dwe konstwi sou yo. Men, lanmou an pa vini poukont li, men pito, lè lanmou sa vide sou nou, lavi nou ranpli avèk fwi.

[[[Mande pou yon elèv li Galat 5:22-23.]]]



- **Mande elèv yo pou ke yo konplete aktivite 4.**

4. LANMOU AN KAPAB APRANN

Kòm nou déjà sot wè sa, nou bezwen aprann yon nouvo fason pou nou renmen, diferan pa rapò ak mond lan. Lanmou Bondye a se yon kado pou nou, men se yon devwa ke nou dwe reyalize chak jou tou.

[[[Mande pou yon elèv li 1 Korentyen 14:1.]]]

Nan pasaj sa, apot Pòl pale nou de kòman fwi Lespri a ye, lè li debòde sou lavi nou, li parèt vizib pou moun ki nan antouraj nou yo. Nan fòm pou ekri grèk, premye sa ki mansyone a se sa ki plis enpòtan.

[[[Mande klas la: Ki fwi ki plis enpòtan ke Pòl mansyone?]]]

Konbyen fwi ki pwodwi nan lavi kwayan ki ranpli ak Lespri a? Mande yo pou ke yo site yo.

Aprè sa, retire fwi ki gen tranch yo epi separe yo pa tranch yo. Mande klas la:

Konbyen tranch fwi sa genyen? Answit, distribye tranch yo pou yo manje epi mande:

Ki gou nou wè tranch n'ap manje a genyen? Pou kisa yo tout genyen menm gou?]]]

Menm jan avèk yon fwi ki tou tranche, fwi Lespri a genyen anpil tranch, men yo tout genyen menm gou a ki distenge lanmou Bondye a.



- **Answit, mande elèv yo pou ke yo konplete aktivite 5.**

Nou menm ptit fi ak ptit gason Bondye yo, nou responsab devan Seyè a pou ke nou devlope fwi Lespri ke li fè nou kado a. Aprann renmen avèk lanmou Bondye sa, ranpli ak gras, jistis ak verite se yon devwa k'ap akonpanye nou pandan tout rès lavi nou. Nan pwochen lesyon yo, nou pral aprann devlope epi mete fwi lanmou Bondye sa yo an pratik nan lavi nou chak jou ke n'ap viv.



- **Mete fen avèk klas la pandan ke y'ap reyalize aktivite 6.**



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Lanmou:** *Agape* ak *agapao* se tèm grèk ke Nouvo Testaman itilize pou dekri lanmou Bondye anvè Ptit li (Jan 17:26), anvè tout ras limanite (Jan 3:16) epi anvè moun sa yo ki kwè nan Jezi ki se Kris la (Jan 14:21). Moun sa yo k'ap swiv Jezi ki se Kris la dwe eksprime lanmou sa youn anvè lòt (Jan 13:34) epi anvè tout moun tou (1 Tesalonisyen 3:12). Vèb sa itilize pou dekri lanmou ki se nati esansyèl Bondye a (1 Jan 4:8). Se yon lanmou dirab epi ki pwofon ki prewokipe li men pou moun sa yo ki pa merite lanmou sa. Se yon lanmou ki eksprime nan plizyè aksyon nan favè lòt moun yo, jan ke Jezi te fè li lè li t'ap bay lavi li pou Sali nou (1 Jan 4:9-10). Lanmou sa se pratik ki distenge kreyen ki nan Nouvo Testaman yo. Se avèk lanmou sa ke nou dwe renmen Bondye, lè n'ap bay lanmou ke li gen pou nou an repons.
- **Fileo:** Mo grèk *fileo* se langaj ke otè Nouvo Testaman yo te itilize pou dekri yon gwo afeksyon ant frè ak sè yo, zanmi oubyen kanmarad yo (Jan 3:35). Lanmou sa pran nesans nan zanmitay (2 Samyèl 1:26) epi pi bon egzanp lanmou sa se Jezi ki se Kris la (Jan 15:13-14). Jezi vle pou moun k'ap swiv li yo kiltive yon relasyon zanmitay ki pwofon avèk li epi pami yo tou.
- **Eros:** Tèm *eros* la soti nan mitoloji grèk la pou pale de moun sa yo ki te genyen yon fo dye ki te pote non Eros ki te aji nan bay lèzòm anpil apeti seksyèl. Women yo te genyen yon fo dye ki te sanble ak sa ke yo te konn rele Cupido, li menm ki te konn lanse flèch li yo epi se kont moun sa yo ki damou. Se nan sans sa ke vokabilè espanyòl *erotismo* sa pran nesans. Nan Bib la, lanmou eros la se atirans fizik natirèl ant yon gason ak yon fi, reponn pou mete òmonn yo an aksyon ak manda Bondye a pou ini nou nan maryaj epi fè nou repwodwi pou fòme yon fanmi. Lanmou eros la se yon bagay ke Bondye beni lè ke li rete andedan kad ke Bondye te etabli yo, sa vle di, andedan espas matrimonyal la (Efezyen 5:25).



Rezime

Moun kapab rive rekonèt vrè ptit fi ak ptit gason Bondye yo pa mwayen fwi yo. Lè Lespri sen an ranpli nou, fwi lanmou Bondye a vin anvayi lavi nou. Kalite lanmou sa diferan nan fason ke nou te aprann renmen nan mond lan. Se pa yon lanmou ki soti nan anvi nou yo oubyen nesesite emosyonèl oswa afektif nou yo, kòm lanmou eros la. Sa pa depann de si moun yo fè nou plèzi oubyen byen trete nou. Se yon lanmou ki pran nesans nan yon lespri ki ranpli ak lanmou Bondye, ki panse nan plizyè fason ki kreyativ pou demonstre lanmou jis sa, ki vrè a epi ranpli avèk gras Kreyatè tout lòt yo. Se yon lanmou ki manifeste nan favè tout lòt yo, menm pou lòt sa yo ki fè nou mal.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Siyale lis motivasyon egojis yo nan tablo a, bagay sa yo ki te ankouraje w fè yon bagay ki bon yon lè konsa.

- ___ Rive genyen popilarite oubyen respè
- ___ Fè anpil lajan
- ___ Byen parèt devan yon moun (konjwen mwen, paran m yo, patwon mwen, elatriye.)
- ___ Fè yon ve devan Bondye pou ke Bondye ban mwen yon bagay
- ___ Sanble pwen pou rele nan syèl
- ___ Chwazi pou vin lidè nan legliz la
- ___ Resevwa sètifika, meday oubyen prim
- ___ Evite pou yo pa revoke mwen
- ___ Resevwa akèy nan yon gwoup

AKTIVITE 2

Èske w konnen kèk moun ki te tonbe nan kèk pyèj nan fòm sa yo "dwòl" pou renmen?

- ___ Lanmou pataj : mwen renmen sèlman si moun renmen m
- ___ Lanmou enterè : lanmou pou lajan, pwoteksyon, byen
- ___ Mwen renmen moun ki ban m rezon
- ___ Lanmou kondisyonèl : mwen renmen si yo obeyi mwen
- ___ Lanmou di : mwen mal trete w paske mwen renmen w
- ___ Lanmou depandan: Mwen renmen paske mwen bezwen w
- ___ Lanmou enfidèl: mwen renmen lè m vle
- ___ Lanmou oblige: mwen renmen paske se devwa mwen
- ___ Lanmou soumisyon : mwen renmen paske mwen pè
- ___ Lanmou ki soumet la : mwen renmen paske li pi fèb


AKTIVITE 3

De kisa nan dimansyon lanmou Bondye yo ke yo pale la nan pasaj sa yo ki nan liv Sòm yo? Make nan kare ki kòresponn yo avèk yon X.


	Jistis	Verite	Gras
Sòm 33:4-5			
Sòm 36:5-6			
Sòm 40:11-11			
Sòm 88:11-12			
Sòm 98:2-3			
Sòm 119:75-76			

AKTIVITE 4

Identifye nan dyagram sa yo de ki kalite lanmou y'ap pale epi ekri non an anba yo chak.




Lanmou _____



Lanmou _____

AKTIVITE 5

An gwooup de 3 a 4 etidyan, obsève desen bon pye bwa a ak fwi espirityèl yo. Ki diferans nou jwenn ant pye bwa sa ak move pye bwa ke nou etidye nan lesson avan an?



AKTIVITE 6

Reponn kesyon sa yo epi ekri yon fraz pèsonèl pandan ke w'ap kominike bay bondye desizyon w yo epi mande èd li pou w reyalite objektif yo kote liv sa va gide ou.

- Èske mwen dwe chanje fason ke mwen renmen lòt yo?
- Kisa mwen dwe fè pou ke mwen aprann renmen tankou Bondye renmen an?
- Èske mwen dwe ranpli ak Sentespri a ak lanmou Bondye?
- Èske mwen vle pou ke Bondye anseye mwen reflete lanmou ki jis, vrè epi ranpli avèk gras la anvè lòt yo?
- Ki chanjman ke m'ap kòmanse fè semèn sa nan fason ke mwen demontre lanmou anvè lèzòt yo?



Lanmou ki bay kè kontan an

Leson 4



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Konprann** ke tristès la pa fè pati nati nou.
- **Identifye** fason pou kiltive lajwa Bondye a nan lavi li.
- **Chèche** nan Sentespri a konsolasyon ak gerizon pou blese emosyonèl ki koze doulè ak tristès.
- **Chwazi** viv avèk yon kè ki debòde avèk lajwa chak jou.



Resous Yo

- Plizyè foto oubyen imaj figi ki tris, sere ak moun k'ap kriye.

Nan lesion avan an, nou etidyé ke fwi Lespri Sen an se lanmou, yon lanmou ki eksprime sou plizyè fòm diferan nan lavi kretyen an. Nan okazyon sa, nou pral trete tèm lajwa, fwi ki nan lis ke apot Pòl te fè nan lèt li te voye bay kretyen nan peyi Galasi yo.

Li posib ke nan kominate nou an moun yo panse ke kretyen yo nou toujou pi tris. Èske genyen anpil kretyen k'ap panse menm fason an?

[[[**Montre imaj moun ki atriste epi serye, epi mande klas la:**
Pou kisa nou kwè ke kèk moun genyen lide sa ke nou menm kretyen yo nou se yon bann moun ki tris epi dekouraje? Èske lide sa gen relasyon avèk imaj ke nou menm kèk kretyen nou pwojte nan kominate nou yo?]]]

Nan kèk kote, Bib la di ke tristès la dwe youn nan karaktesistik lavi kretyèn. Okontrè, kè kontan an plase kòm youn nan wit kalite lanmou Bondye ke lòt yo ta dwe wè nan lavi nou.

Tristès la se yon bagay ke pèsòn pa swete. Akoz de tristès la, anpil moun tonbe malad fizikman, mantalman e menm lespri li kapab febli. Se tèlman konsa, tristès la konsidere kòm yon maladi avèk yon desepsyon an. Moun ki malad akoz de tristès yo pa byen manje, yo neglige ijèn pèsonèl yo e menm rive deranje lòt moun oubyen vin tounen ansasen. Moun ki tris yo genyen anpil pwoblèm pou konsève zanmi ak konjwen yo.



○ **Mande pou elèv yo konplete aktivite 1.**

Genyen anpil kretyen ki aksepte viv nan yon kondisyon tristès ki pèmanan kòm si sa te apèl ak vokasyon li. Yo aksepte soufrans lan kòm si se volonte Bondye pou lavi yo. Genyen kèk kongregasyon evanjelik, menm jodi a, yo enpoze manm legliz yo a pou ke yo pa fè okenn demonstrasyon lajwa nan piblik, pou yo pa asiste fèt ke moun ki pa kretyen ap òganize, yo menm defann yo abiye avèk rad nwa oubyen gri, pou medam yo kouvri tèt yo avèk vwal lè yo nan sèvis yo, pou yo pa aplodi kantik yo ak anpil lòt ankò.

Pa tradisyon katolik womèn nan, ki prezan nan kilti pèp nou yo, genyen kèk moun ki kwè ke soufrans ke nou pwovoke sou tèt nou, lè nou enpoze nou yon sakrifis, kòman pou nou mache rive nan katedral oubyen jene pandan plizyè jou, yo se bagay ki fè Bondye plezi epi ki tèlman deplase nan yon pwen ke li menm reponn ak priyè nou yo. Genyen anpil lòt ki kwè ke li pa posib pou ke kretyen an alèz nan mond sa, sèl felisite ke nou dwe anvi se sa ke n'ap genyen sen ou nan lavi ki pap janm fini an.

Fè tristès la tounen yon kalite lavi, se tankou afime ke Bondye se Kreyatè soufrans lan. Men, jan ke nou pral wè nan lesion sa, dezi kè Bondye se paske pitit fi ak pitit gason li yo, se pou kè nou kontan, se pou nou viv alèz nan lavi sa epi pèmèt ke moun ki nan antouraj nou yo kontan tou.



1. NOU SE PITIT GASON AK PITIT FI YON PAPA KI NAN LAJWA

Tristès fè nou malad paske li pa fè pati nati nou, se poutèt sa ke nou chèche kouri pou li pandan ke nou ranpli nou avèk anpil aktivite, men sa ki enpresyonan an se paske tristès la kontinye la pou 1 manifeste lè aktivite yo fini. Si nou chèche nan espas entènèt yo, n'ap jwenn plis pase 4 milyon paj ki bay resèt kijan yon moun kapab “echape” anba tristès.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 2.

Bondye prije lajwa nan kreyasyon 1 lan. Tristès la se yon bagay ke moun pat konnen nan jaden Edèn nan. Lèzòm te konn viv ak kè kontan jouskaske peche te vin antre nan ras limanite. A pati de la, rechèch felisite a pa plizyè mwayen vin yon bagay ke tout moun ap chèche.

Se akoz de sa yo lage kò yo nan alkòl, fè sèks san fwen, rasanblay byen materyèl, nan fè maji ak fo reliyion. Men malgre tout sa yo, yo wè ke tout efò yo fè yo se bagay initil epi yo pa kapab renpli vid ki andedan yo a.

Pawòl la fè konnen ke Bondye se Papa nou epi kòm yon bon Papa ke li ye, li vle pou tout pitit fi ak pitit gason viv alèz. Felisite nou tèlman enpòtan pou Bondye ke menm apot Pòl site li kòm dezyèm fwi Lespri a, aprè renmen.

☰ Mande pou yon elèv li Sofoni 3 :17-18. Aprè sa, mande elèv yo: Ki pwomès ke Bondye fè pèp li a atravè pwofèt Sofoni? ☰

Pou kèk nan nou, li difisil pou ke nou konprann ak aksepte ke Bondye renmen nou nan fason sa, petèt se paske papa oubyen manman nou te konn refize oubyen mal trete nou. Genyen kèk nan nou ki te leve san paran, oubyen paran ki plis okipe nan chèche pwòp felisite yo olye pou yo pran swen pitit yo. Men Bondye pa yon papa konsa.

Pwomès ke Bondye te fè pèp Izrayèl la atravè pwofèt Sofoni an, se menm bagay la pou nou chak jodi a. Lanmou Bondye a gen pwisans pou 1 geri blesi nou yo, pou renouve kè nou ak enprime lajwa nan kè chak pitit fi ak pitit gason li yo.

Lè nou gade lavi nou atravè je Bondye, nou konprann ke li pa sèlman pran nou an chaj, men pito, nou se sous ki fè kè li kontan ak fè 1 chante. Se nou menm pitit fi ak pitit gason li yo ki se lajwa li!

2. JEZI VLE TRANSMÈT NOU LAJWA PAPA A

Genyen moun ki panse ak Jezi kòm yon moun ke yo aksepte avèk reziyasyon soufrans, tankou yon moun ki te sèvi lòt yo konsa, men ofon, li t'ap soufri anpil pou fason ke 1 te wè limanite pèdi. Yo imajine li ki chaje gwo kwa a, ap obsèvè yon moribon klosure, ap bay san epi aksepte yon lanmò wonte epi nan doulè.

Se vre ke Jezi te bay tèt li epi li te klosure sou kwa a kòm mouton Bondye, yon fason pou ke nou kapab libere anba pouvwa peche. Men, objektif lanmò li a se pat pou nou viv alèz, okontré...se pou nou jwenn felisite lavi ki pap janm fini an!

Bib la afime ke Jezi se modèl nou ke li ye. Relasyon li avèk Papa a ak depandans li de Lespri Sen an yo te ranpli lavi li ak lajwa ki te rive touche lòt moun. Lajwa li pat depann de sikontans, ni de moun ki te nan antouraj li yo, ni de reyalizasyon pèsonèl li yo. Sous lajwa Jezi a se te relasyon ke Li te genyen avèk Papa li.

Jezi pat pè demontre kè kontan li. Kè li te kontan avèk bagay ki te plis senp nan lavi yo.



○ **Gide elèv ou yo pou yo konplete aktivite 3.**

Moun yo te kapab wè nan Jezi yon moun ki te toujou gen kè kontan epi moun ki t'ap swiv li yo te patisipe nan lajwa li a. Jezi te toujou gen kè kontan pou lavi epi chak jou ke li te viv sou tè sa, li ranpli avèk objektif. Li te vle transmèt disip li yo lajwa sa nan abondans ki te ranpli epi debòde nan kè yo.

Avan yo te touye Jezi, Li te priye yon fwa ankò pou disip li yo. Nou kapab wè prewokipasyon Jezi pou ke disip li yo pat pèdi lajwa, nan moman difisil ki te gen pou rive sou yo.

[[[Mande pou de volontè li Jan 15:11 ak 17:13.]]]

Jezi te konnen ke li pat posib pou rete nan chemen lavi kretyèn nan san lajwa Papa a. Yon pi bon tradiksyon pasaj sa se ta konsa: ... “*Mwen di nou tou sa pou kè kontan m’lan ka nan nou, pou nou ka kontan nèt ale*”. Youn nan bagay ki karakterize Bondye nou an se paske li renmen bay, li pa chich avèk okenn nan benediksyon li yo pou pitit fi ak pitit gason li yo. Lespri Sen an ranpli nou avèk menm lajwa Papa a, menm lajwa ki te ranpli Jezi a. Resevwa ak kiltive li tou depann de nou.

Bondye pa janm inyore tristès ak doulè nou. Nou menm kretyen yo k'ap viv nan yon mond kote ki genyen anpil mechanste epi anpil fwa mechanste sa yo ki antoure nou yo pwovoke nou anpil doulè ak tristès. Se poutèt sa ke Jezi te voye Sentespri a pou nou kòm moun ki t'ap gen pou 1 sèvi nou kòm Konsolatè.

[[[Mande elèv yo pou yo li Jan 16:22 ansanm. Aprè sa, mande klas la: Ki pwomès ke Bondye fè pitit fi ak pitit gason li yo lè ke y'ap pase moman tristès?]]]

Pwomès ke Jezi te fè a se ke pou okenn doulè oubyen tristès rete pou toutan, li kapab dire jouska lanmò oubyen jouskaske Jezi retounen epi mennen nou avèk li nan wayòm ki pap janm fini an. Jezi te pwomèt ke tristès la gen pou fini epi kè nou va ranpli avèk lajwa, yon lajwa k'ap dirab epi pa genyen okenn moun k'ap kapab retire li.

Nou pa dwe blyi ke dezi Bondye pou pitit fi ak pitit gason li yo se pou ke nou viv yon lavi ki abondan epi ranpli ak lajwa. Pa genyen okenn kote nan Bib la kote yo entèdi moun jwi de benediksyon ke Bondye ba yo. Men sa ki kapab jwenn kondannasyon se lè nou mete esperans nou nan byen yo, lè nou pa kontan ak sa ke Bondye ban nou epi pataje yo avèk lòt yo (1 Timote 6:17).

3. KÒMAN NOU KAPAB KILTIVE LAJWA A?

Lajwa sa ki se fri Lespri a epi ki dirab menm nan mitan eprèv ki pi di a, se te karakteristik ki te distenge premye kretyen yo. Yo t'ap viv nan yon kontèks de pèsekisyon reliye kote anpil nan yo te jwenn lanmò yo, tonbe anba esklavaj, asasine, menm jan avèk anpil frè ak sè nou yo nan peyi arab ak kominis nan peryòd ke n'ap viv la.

Se pandan, nou menm kretyen yo k'ap viv nan mond oksidental yo prefere evite tout sa ke nou konnen ki kapab pwovoke nou doulè, nou chape poul nou devan pwoblèm yo epi nou chèche chemen ki pi fasil la. Pawòl apot Jak yo kapab sonnen trè dwòl nan zòrèy nou... Nan Jak 1:2-3 li di konsa: “Frè m' yo, se pou nou santi nou kontan anpil lè nou wè nou tonbe anba nenpòt kalite eprèv. Paske, nou konnen byen, lè konfyans nou gen nan Bondye a tonbe anba eprèv, sa ban nou pasyans” (VJ 1999).

Jak ankouraje nou fè fas ak moman difisil yo avèk kè kontan, olye pou ke eprèv yo ta fè nou febli, lè nou fè fas kare avèk yo jan ke yo ye a, yon egzamen pou lafwa nou, li fè nou vin pi fò. Men pou ke nou genyen kapasite sa pou nou reziste fas ak difikilte sa yo avèk kè kontan, nou dwe fè egzèvis avèk misk lajwa nou yo lè ke n'ap toujou patisiye nan disiplin espirityèl sa yo.

Lekti Pawòl Bondye a ranpli nou avèk kè kontan, jan Sòm 119:162 afime sa: “Pawòl ou fè kè m' kontan. Se tankou si m' te jwenn yon gwo richès” (VJ 1999). Salmis la temwaye ke lajwa sa a pi bon pase lè yon moun jwenn yon trezò kache.

Reyini avèk plizyè lòt kwayan pou pataje youn avèk lòt se yon lòt nan disiplin yo ki alimante lajwa nou. Nan legliz primitiv la, kretyen yo te eksperimente gwo lajwa lè yo te koute temwayaj nouvo konvèti yo (Travay 15:3) ak kwazans legliz la nan chan misyonè yo. Yo te konn rejwi lè yo te konn pran nouvèl apot yo ak lòt frè ki te abite lwen yo, men ki t'ap sèvi Seyè a. Yo te rejwi anpil lè yo konn rankontre aprè anpil tan ke yo te genyen san youn pat wè lòt. Lanmou fratènèl nan mitan kretyen yo te yon pratik ki te alimante lajwa yo anpil..

Lajwa te tèlman solid nan kè premye kretyen yo ke menm pèsekisyon, ni pwoblèm ekonomik pat kapab rache li nan kè yo (2 Korentyen 6 :10). Nan mitan eprèv yo, yo te konn chèche konsolasyon nan men Sentespri a epi yo te konn ankouraje youn lòt. Yo te konn pratike charite kretyèn, moun ki te gen mwayen yo te konn pataje avèk lòt yo epi yo te konn priye youn pou lòt. Lè ke nou pratike disiplin sèvis la, nou ranpli avèk lajwa.

E poutan, **priyè san sès la**, se disiplin ki plis enpòtan pou toujou rete nan lajwa. Pòl afime nan 1 Tesalonisyen 5:16-17: “Se pou kè nou toujou kontan, piga nou janm sispann priye”. Lè nou pale ak Bondye, lajwa li a transmèt nan nou epi li tèlman plen nou li menm rive debòde nan kè nou, li geri blesi pase ak preznan nou yo, li kouri dèyè tristès epi panse pèdi echèk yo vin chanje pa mwayen anpil pwomès ki ranpli avèk esperans.

Nan lavi kretyèn nan nou dwe aprann *langaj louwanj* epi pratike li nan lapriyè, nan konvèsayon nou yo avèk lòt moun tou nan kantik yo.



○ Mande elèv yo pou ke yo reyalize aktivite 4.

Tèm plent, echèk, dezespwa pa mache avèk lajwa ki akonpanye debòdman Sentespri a. Nou kiltive lajwa lè ke nou pratike ekspresyon louwanj pou Bondye a nan kè nou.

4. LAJWA KAPAB PÈDI

Si nou pa kiltive lajwa a, nou kapab pèdi li. Sòm 51:12 di konsa: “*O Bondye, pa kite okenn move lide nan kè m’.* Mete bon lide nan tèt mwen, pou m’ sa kenbe fém.” Se wa David ki te ekri Sòm sa. Depi tou jèn li te konn fè eksperyans ak felisite nan lavi li. Nan Sòm 23:5, li te santi li kontan lè li te rele di “*koup mwen ap debòde*”. David te aprann di mèsi ak louwe Seyè a lè tout bagay te konn mache byen e menm nan mitan pwoblèm yo tou.

Men, byen okipe nan akonpli misyon wayòm nan, li te elwanye li de kominyon li avèk Bondye li epi li te tonbe nan peche, lè li te komèt adiltè avèk Batcheba epi aprè sa, li te tante kache sa, lè li te voye mari fanm sa nan yon pozisyon danjre nan batay la, pou ke li te mouri anba kout flèch lènmi yo. David te pèdi lajwa, li pat priye ankò, li pat chante chan louwanj ankò, tristès te anvayi kè li. Li te nonm ki te plis rich ak pwisan nan peyi Izrayèl, li te kapab fè nenpòt sa ke 1 te vle pou 1 te fè kè 1 kontan, men pa genyen anyen ki te kapab ranplase lajwa Bondye a ki te abandone kè li. Se poutèt sa ke li te rele Bondye, asireman ke li te fè sa avèk anpil dlo nan je 1 yo, pandan ke li te santi li koule nan gwo tristès, lè li te santi ke lavi li pat genyen okenn sans ankò si Bondye pa ta retabli lajwa Sali a pou li ankò.

Menm jan avèk David, nou menm tou, nou te eksperimante lajwa Bondye nan kè nou pou premye fwa lè ke nou te resevwa Sali a. Aprè sa, atravè fòmasyon disip, nou pral aprann resantre lavi nou konfòm ak Pawòl Bondye. Pazapa, n’ap transfòme nan fason ke n’ap panse, santi ak aji. N’ap sispann fè kèk bagay, paske yo pa transmèt nou felisite epi nou kòmanse fè anpil lòt bagay, ki ranpli nou avèk yon lajwa ke nou pat déjà eksperimante epi ke moun ki pa kretyen yo pa kapab konprann.

Sa dwe rive nan fason ke n’ap panse lè San ou reòdone priyorite ak dezi nou yo konfòm ak volonte Bondye.

Bagay ki te konn fè nou atriste nan tan lontan, tankou pa egzanp, achte yon pè soulye que nou ta renmen, kounye a sa vin pa afekte nou nan menm fason an. Men lòt bagay, bagay ke nou pat bay anpil enpòtans lontan, pa egzanp, kòman pou bay èd de yon moun chaje yon valiz mache, kounye a yo ranpli nou avèk satisfaksyon.

Nan novo lavi sa, byen rapid, nou dekouvri ke pa genyen anyen ki ta chanje nan sous lajwa ekstèn yo, ki te konn pwodwi nan nou yon eta lajwa ki pa dirab pa mwayen sous lajwa abondan e san sès Bondye a ki te vini nan kè nou pou li rete.



.....◦ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 5, 6 ak 7.

Aprè sa, mande klas la: Kisa ki pwodwi lajwa Sentespri a?

Lè nou mande Bondye pou li ranpli nou avèk Lespri Sen an, lajwa Papa a ranpli kè nou. Men, menm jan sa te pase David la, nou kapab pran distans nou de kominyon nou ak Bondye ti kras pa ti kras epi pèdi lajwa tou. Pou ke bagay sa pa rive nou, nou dwe pran swen trezò sa, pandan ke n’ap kiltive divès disiplin espirityèl yo, menm jan ke premye kretyen yo te konn fè sa.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Lajwa:** Se yon mo ki nan Nouvo Testaman an grèk ki plase kòm youn nan fwi Lespri Sen an ki se caris. Mo sa itilize anpil nan Bib la, sitou nan levanjil yo ak nan lèt apot Pòl yo. Bazikman, li siyifi santiman de felisite enteryè ki manifeste an plizyè mo, jès ak aksyon kè kontan ak rèl lajwa.
- **Louwanj:** Pawòl oubyen aksyon ke moun itilize pou louwe Bondye pandan ke l'ap deklare glwa ak gwo mèvèy li yo nan favè pèp li a, pandan l'ap di mèsi pou Sali ke li bay la, pwovizyon ak tout sa ke li fè, fè ak pral fè akoz de lanmou li genyen pou legliz li a.
- **Charite:** Atitud solidarite anvè moun sa yo k'ap soufri plizyè kalite nesesite, ki ofri tèt li pa mwayen de èd ekonomik, manje, rad, kay, atansyon medikal, edikasyon ak nenpòt lòt kalite asistans selon ka yo.



Rezime

Lajwa se youn nan anpil karakteristik lavi kretyèn yo. Se yon fwi Lespri ki ranpli lavi nou epi nou responsab pou nou egzèse pa mwayen plizyè disiplin espirityèl diferan. Lè eprèv yo vini, ranmase fòs nan fwi lajwa a ap ede nou reziste epi soti ak viktwa, olye pou nou ta koule nan labim tristès. Nou pa kapab evite moman difisil yo, men, nou kapab kontre kare yo avèk lafwa ak esperans, lè nou konnen ke pa genyen okenn eprèv, menm si li kapab trè fò, kapab separe nou de kominyon avèk Bondye, li menm ki se sous lajwa ki pa janm seche a.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Maladi tristès (depresyon) ki kapab prezante plizyè sentom diferan chak moun. Identife nan tès sa si w genyen kèk nan sentom sa yo kounye a nan lavi ou.

- ___ Anhedonia : Pa santi plèzi oubyen satisfaksyon nan prèske tout aktivite yo ke li te konn jwi nan tan avan yo.
- ___ Disfonksyon erektil nan gason yo: Pwoblèm pou fè oubyen kenbe yon erekson nan relasyon seksyèl.
- ___ Enkapasite pou atenn ògas la: Li pa jwi relasyon seksyèl li a avèk konjwen li kòm avan.
- ___ Estim de swa ba.
- ___ Anpil santiman tristès, nève.
- ___ Paralize epi pa kapab devlope devwa yo kòm dabitid.
- ___ Fatig san rezon aparan.
- ___ Panse negatif oubyen swisid
- ___ Anpil chanjman nan eta dam nan: Sòti nan moman lajwa pou antre nan tristès.
- ___ Manke somèy: Li pa dòmi byen, li pa repoze.
- ___ Pèdi apeti.
- ___ Mank de konsantrasyon.

AKTIVITE 2

Kisa w fè lè w santi w tris ak dekouraje? Siyale aktivite ke w chwazi kèk fwa, pou echape anba tristès ak dekourajman an, ant opsyon sa yo.

- ___ Mwen sòti al kouri oubyen maché
- ___ Mwen pratike espò nan lari
- ___ M'ap nan jimnas
- ___ M'al nan vakans
- ___ Mwen bwè kleren poukout mwen oubyen avèk plizyè zanmi
- ___ Mwen bwè medikaman oubyen dwòg
- ___ Mwen gade TV, fim oubyen feyton sou entènèt

- ___ Mwen gade espò
- ___ M'al nan sinema
- ___ Mwen li jounal
- ___ Mwen nавige nan òdinatè
- ___ Mwen gade pònografi
- ___ Mwen travay jouskaske mwen tonbe dòmi anba fatig
- ___ Mwen sòti al achte
- ___ Mwen rele yon zanmi oubyen manman mwen
- ___ Mwen kouche dòmi
- ___ Mwen sòti al danse avèk zanmi m yo
- ___ Mwen koute mizik
- ___ Mwen manje yon bagay ki gou anpil
- ___ Mwen kriye
- ___ Mwen netwaye kay la jouskaske li klere

AKTIVITE 3

An gwoup de 3 etidyan yo ki envesti nan pasaj sa yo plizyè okazyon ki fè kè bondye kontan, kè jezi ak zanj bondye yo. Òdone kolòn yo, pandan w'ap plase lèt la nan kolòn a dwat la, nan liy ki kòresponn nan pou chak vèsè nan kolòn a goch la.

- | | |
|-----------------|---|
| ___ Matye 11:25 | A. Manje avèk plizyè nouvo zanmi. |
| ___ Matye 19:14 | B. Fason ke timoun yo resevwa Pawòl la. |
| ___ Lik 15:5-10 | C. Reyini avèk legliz li. |
| ___ Jan 3:29 | D. Lajwa ti moun yo. |
| ___ Lik 19:5-10 | E. Konplete yon travay ke Bondye mande. |
| ___ Jan 17:4 | F. Yon pechè ki repanti. |

AKTIVITE 4

Siyale nan lis sa avèk yon lèt a fason sa yo pou pale ak aji, ki transmèt louwanj epi avèk yon lèt t, pou sa yo ki transmèt tristès ak dezespwa.

- ___ Ankouraje lòt yo avèk pwomès Bondye yo.
- ___ Itilize plizyè mo sal ak dezagreyab.
- ___ Repete oubyen ranvwaye anpil blag sou sèks ki degrade moun yo pou sèks yo.
- ___ Itilize langaj kritik negatif nan pale de lòt moun oubyen de pwòp tèt li.
- ___ Vizite yon malad epi priye pou gerizon li.
- ___ Kritike konjwen m nan lè mwen ansanm avèk lòt yo.
- ___ Pale koze entim patnè m nan oubyen yon zanmi ki te konfye m yon sekrè.
- ___ Fawouche lòt yo oubyen bay lòt moun ti non jwèt pou siyale andikap yo.
- ___ Remèsy Bondye pou pen chak jou a.
- ___ Resevwa frè nou yo ki te tonbe nan peche avèk lanmou ak akseptasyon.
- ___ Konsève yon pati nan ladim nan, pou si genyen yon emèjans nan fanmi an.
- ___ Sèvi nan legliz la avèk move lè, pa obligasyon.
- ___ Remèsy lidè espirityèl mwen yo avèk plizyè ti detay.
- ___ Chante plizyè kantik nan maten pandan ke m'ap prepare dejene pou fanmi mwen.
- ___ Rele sou pitit mwen an chak fwa ke li kite chanm gaye.
- ___ Kriye lajwa avèk nan mitan kantik louwanj.
- ___ Konsole yon ti moun piti ki frape pandan ke l'ap jwe.
- ___ Montre yon souri sensè lè w salye frè ak sè legliz yo.
- ___ Remèsy Bondye pou bote kreyasyon li.
- ___ Fè pastè m nan plent chak dimanch pou yon bagay ke mwen pa dakò.
- ___ Joure yon move kondiktè nan lari a.
- ___ Pataje levanjil la epi priye pou Sali yon zanmi fi oubyen zanmi gason.

AKTIVITE 5

Nan pasaj sa yo nan bib la, chèche sa ki pwodwi fwi lajwa nan lavi kwayan an.

Neyemi 8:10 _____

Sòms 16:9 _____

Sòms 43:4 _____

Ezayi 51:3 _____

Travay 2:26 _____

Women 15:13 _____

AKTIVITE 6

Reponn kesyon sa yo:

1. Nan moman sa, èske w santi w atriste, dékouraje, deprime, ki fè ke w pa menm kapab rive venk santiman tristès ki anvayi ou?
2. Èske w resevwa gerizon de blesi emosyonèl tan pase w yo ke w ap sipòte sa fè byen lontan?
3. Èske w pèdi kominyon w avèk Bondye akoz de kèk peche w te komèt?
4. Èske chak jou w ap batay kont move panse ak lespri pesimis?
5. Èske nan pi fò okazyon yo kè w pa kontan oubyen w fache? Èske fason w pale avèk lèzòt yo se avèk yon ton agresif?
6. Èske w santi w jalou pou felisite lòt moun paske w panse ke se yon bagay ke w pa kapab genyen?

Si w reponn di wi a kèk nan plizyè kesyon sa yo, pale avèk antrenè w la oubyen pastè w la aprè klas la pou resevwa konsèy ak gid espirityèl.

AKTIVITE 7

Drese yon lis de bagay ke w pral fè ane sa pou w kiltive lajwa bondye a nan lavi ou. Aprè sa, nan lapriyè, fè yon angajman avèk bondye epi pale avèk li osijè de dezi w genyen pou w ranpli avèk lajwa sa ke li te pwomèt ptit fi ak ptit gason li yo.



Nòt Mwen Yo



Lanmou ki fè nou vin tounen esntwiman lapè

Leson 5



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Idantifye** zòn nan lavi li yo ki manke lapè.
- **Dekri** efè benefis lapè a se fwi Lespri a.
- **Konprann** ke lapè a kòmanse nan lespri, li dirije emosyon yo epi deplase aksyon nou yo.
- **Angaje** li pou 1 vin yon ajan lapè, pandan ke l'ap swiv modèl Jezi ki se Kris la.



Resous Yo

- Plizyè papye jounal oubyen plizyè atik dijital avè anpil nouvèl dènye mwa a, sou sitiayson lagè yo, konfli, vvolans, nan peyi oubyen ak zòn li an. Yo se kapab estatistik swisid, asasina, aksyon vvolans, dezakò ant politisyen yo, ant plizyè antrepriz yo, ant gouvènman ak sendika yo ak anpil lòt ankò.

Entwodiksyon]]]

Twazyèm benediksyon an se fwi Lespri ki mansyone nan Galat 5:21 se lapè. Mo grèk ke apot Pòl itilize pou dekri li a se “*eirene*”. Ann gade siyifikasyon vokabilè sa selon jan ke li itilize nan Nouvo Testaman:

]]] Desine grafik la nan tablo a:]]]



Kòm nou sot wè ke kè poze nou te resevwa nan men Sentespri a pa defini kòm absans lagè ak konfli nasyon yo. Li fè referans ak yon eta lapè ki anglobe tout nou menm, lè li ranpli nou avèk yon santiman amoni enteryè ki manifeste nan relasyon nou yo avèk pwochen nou yo. Men pou nou menm kretyen yo nan mitan mond boulvèse sa, tout lide kè poze sa kapab sanble sèlman yon rèv womantik, enposib pou reyalize.

Genyen yon mond ki nan lagè nan antouraj nou. Plis lwen pase konfli moun ki gen zam yo oubyen anpil diferans politik ki egziste ant plizyè nasyon, nan tout plan yo, genyen anpil relasyon ki opoze. Nan nivo endividiyèl, moun yo pa tèlman renmen tolere youn lòt, yo fache fasil, yo renmen fè lènmi, yo fè diskisyon chak jou, yo toujou pete batay epi pa konnen kijan pou yo rezoud diferans ak konfli ki egziste nan mitan yo.

N'ap viv nan mitan anpil novo lagè, tankou lagè antrepriz, lagè sikolojik, lagè nan katèl dwòg yo, lagè politik nan kan kandida ak gouvènman yo, epi lis la kontinye. Ta sanble ke nou pa genyen okenn opsyon pou nou soti nan lagè sa ke nou deklannche youn kont lòt la.

]]] Distribye jounal yo oubyen rekoupe nouvèl yo epi mande elèv yo pou ke yo ekri ki kalite lagè ke y'ap deklannche nan moman ke n'ap viv la.]]]



..... o Aprè sa, mande elèv yo pou ke yo konplete aktivite 1.

Nan lesyon sa, n'ap poze tèt nou kesyon: Èske li posib pou nou eksperimente fwi kè poze sa nan yon mond ki nan lagè? Kòman nou menm ki kretyen yo kapab sèvi kòm enstriman lapè pou moun sa yo ki antoure nou?

1. NOU SE PITIT FI AK PITIT GASON YON BONDYE KI KONN BAY KÈ POZE

Li difisil pou nou imajine nou kisa ki se viv nan yon mond ki gen kè poze, kote ke chak moun ap viv nan lapè, avèk Bondye li, avèk lòt yo ak kreyasyon an tou. Men, se konsa ke sa te ye nan jaden Edèn nan lè ke peche pot ko antre nan kè lòm.

■■■ Mande pou yon elèv li 2 Korentyen 13:11. ■■■

Apot la fè moun legliz Korent yo sonje, moun sa yo ki te genyen anpil kalite opinyon diferan pa lontan sa, ke Bondye nou an se yon Papa ki bay kè poze ak lanmou. Apot la deklare ke sèl fason pou rete ranpli ak lajwa avèk kè poze se lè nou aprann viv nan tèt ansanm youn avèk lòt.

Adan avèk Èv te jwi de fwi Lespri Bondye a nan lavi yo, jouskaske yo te vin tonbe nan peche. Lanmou ki te egziste ant youn avèk lòt te vin ranplase pa akizasyon, inite a te vin tounen divizyon, lajwa te vin ranplase pa tristès, tò ak lawont. Sèpan an (Satan) te konnen ke si li te kraze linyon konfyans sa ant premye koup la ak Kreyatè li, yo t'ap genyen pou yo nan difikilte.

Lè relasyon ant lèzòm ak Bondye te kraze a, tout lòt relasyon yo te kraze tou. Fanm nan vin tounen yon objè seksyèl ki la pou gason yo itilize. Gason avèk fanm yo vin tonbe anba esklavaj. Limanite vin chanje wòl li kòm moun ki t'ap pwoteje kreyasyon an, li vin tounen moun ki vyole ak detwi mond natirèl la.

Apati de moman sa, istwa limanite te vin karakterize pa mwayen plizyè aksyon mechanste, soumèt, esklavaj, touye ak anpil lagè. Pèp Izrayèl la pat epanye, sof pou kèk peryòd kote ki pat genyen lapè, li te prèske toujou ap viv nan moman lagè, ensekirite ak konfli. Nan mitan eta ensekirite jeneral sa, pwofèt Ezayi te ankouraje pèp la pou devanse vini Prens lapè a.

■■■ Mande pou yon elèv li Ezayi 9:6. ■■■

Bondye te mande pèp Izrayèl la pou 1 te pran pasyans, se pou lapè Bondye a, lapè sa ki te pèdi epi ki ke yo te tèlman swaf, te déjà nan wout pou rive. Lapè ki te pwomèt la ta gen pou vini sou fòm yon moun, li menm ki ta gen pou pote non Jezi, nom Nazarèt la. Mouton ke Bondye te voye a, non sèlman ke li ta gen pou mete fen ak soufrans ak maladi, fwi peche yo, li ta gen pou misyon pou 1 restore lapè nan tout nivo tou.

2. JEZI KI SE KRIS LA TE KITE LAPÈ POU NOU

Nan sware ke Jezi te pran nesans lan, zanj yo te pwoklame nan syèl la: “*Tout glwa pou Bondye ki anwo nan syèl la epi kè poze pou tout moun k'ap viv sou latè, ala bon sa bon pou li vin pote sekou pou lèzòm!*” Se Bondye ki te pran inisyativ pou fè lapè avèk limanite! Bondye te montre bon volonté li nan ti bebe sa. Semans lapè a te simen nan Jezi epi li te kòmanse grandi nan mond sa.

Lè nou etidye liv Nouvo Testaman yo, nou wè byen klè ke se Jezi Kris ki semans lapè sa.



○ Mande pou elèv yo konplete aktivite 2.

Jezi ki se Kris la, se lapè Bondye ki tounen chè. Semans lapè sa kapab grandi nan lavi nou jodi a paske pouvwa Satan te detwi sou kwa a. Ezayi 53 :5 di konsa : "Men, se pou peche nou kifè yo te mete san l' deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè yo te kraze l' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze. Avèk tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon".

Satan pa genyen okenn pouvwa sou lavi nou, sof si nou ba l pèmision. Men si genyen kèk pati nan lavi nou ki poko soumèt anba pouvwa Jezi Kris, nou pap kapab eksperimente lapè total ke Bondye vle ban nou an.

[[[Mande pou yon etidyan li Women 16:20.]]]

Nan women 16 :20, Pòl afime ke Jezi ki se Kris la se moun sa ki genyen pouvwa pou kraze Satan epi mete li anba pla pye 1 yo. Bondye te déjà pale davans nan Jenèz chapit 3:15 lè li te di konsa: "*Ou menm ak fanm lan, m'ap fè nou lènmi yonn ak lòt. Ptit ptit pa l' ak ptit ptit pa ou ap lènmi tou. Ptit ptit li ap kraze tèt ou, epi ou menm w'ap mòde l' nan talon pye l'*". Pwomès sa te akonpli nan Jezi Kris epi li disponib pou nou menm jodi a.

Apati de sakrifis Jezi a sou kwa a, chemen pou ke tout relasyon yo te restore yo te restore. Rekonsilyasyon lòm avèk Bondye nan eksperyans delivrans lan se kòmansman an. Apati de la, gras ak travay Sentespri a, lapè Bondye a desann nan kè chak disip Jezi yo epi tout lòt relasyon yo te vin restore.

[[[Mande elèv yo pou ke yo li Kolosyen 1:19-20 epi obsèvre grafik aktivite 3.

Mande klas la : Pou ki rezon restorasyon relasyon ak pwòp tèt nou yo, lèzòt yo avèk Kreyasyon pou viv nan lapè a tèlman enpòtan?]]]

Se akoz de sa ke Jezi te gen anpil otorite ke avan li te monte al jwenn Papa a, li te di disip li yo ke li te kite lapè pou yo.

3. LESPRI SEN AN, GRAN AJAN LAPÈ

Pi gwo kado ke Lespri Sen an pote nan lavi nou se lapè. Li pa t'ap janm posib pou ke nou fè eksperyans lapè total sa san ministè Sentespri a.

[[[Mande pou elèv yo li Jan 14 :25-27 ansanm.

Aprè sa, mande klas la: Ki bagay ki vòlò lapè kretyen yo nan tan ke n'ap viv la?]]]

Jezi te prepare disip li yo pou moman difisil yo ta gen pou yo te fè fas yo, se pa sèlman paske Mèt yo a te gen pou kloure sou kwa a, men se pito paske yo ta gen pou yo wè li aprè rezireksyon an, yo t'ap tounen separe avèk li ankò, paske li t'ap gen pou 1 te retounen ale nan syèl pou rete avèk Papa li. Jiske la, Jezi te Mèt yo, li te dirije yo nan misyon an, men tou, se li menm ki te kenbe chemen lapè a. Lè ke Jezi te fin pati, se Sentespri a ki te pran responsablité twa fonksyon yo ki te tèlman nesesè pou ke disip yo te pèsevere epi pou ke legliz ki te fenk pran nesans lan te devlope ak efikasite: se li menm ki ta vin sèvi yo Mèt, gid nan misyon ak kè poze yo. Kòman nou kapab eksperimente lapè ke Sentespri a vle transmèt nou?

[[[Mande pou ke yon etidyan li 1 Tesalonisyen 5:23.]]]

Sèl fason nou kapab eksperimente lapè total Bondye a se viv nan sentete. Lavi sentete ak lapè espirityèl yo vini ansanm. Men, pou ke lapè sa kapab konplèt, li dwe ranpli lespri, nanm ak kò nou, sa vle di, tout nou menm epi pou ke aksyon nou yo manifeste nan mond lan.



◦ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4.

Lapè espirityèl

Premye kote nan lavi nou ki ranpli avèk lapè Bondye a se lespri nou. Women 5:1 afime: “*Koulye a, paske nou gen konfyans nan Bondye, Bondye fè nou gras, n'ap viv san kè sote ak Bondye, gremesi Jezikri, Seyè nou an.*”

Lè Seyè a netwaye peche nou yo epi nou viv nan sentete ak transparans devan Li, lespri an pè ak Bondye. Lapè nan lespri lòm nan ap rive posib sèlman lè nou depoze zam ke nou leve nan rebelyon kont Bondye yo epi desann nou devan otorite Kris la epi aksepte viv anba lalwa wayòm li an.

Lapè mantal

Lapè mantal la se yon don presye ki la pou moun ki la kounye a. Resevwa plizyè non diferan: kè poze nan nanm, lapè nan lespri, lapè mantal. Yo dekri li kòm yon eta lapè, trankilite, kè poze enteryè, absans enkyetid, twoub, prewokipasyon oubyen tristès.

[[[Mande pou yon elèv li Sòm 4:8 epi mande klas la: Kòman Salmis la dekri lapè sa ki sòti nan Bondye?]]]

Salmis la dekri yon eta lapè mantal oubyen sikolojik ki fè 1 rive reyalize yon somèy pwofon ak restoratè pa mwayen nwit. Yon somèy konsa ranpli nou avèk lajwa, li ede nou pou ke nou genyen bon kouraj pandan jounen an. Tout selil ki nan kè nou yo rive rejenere avèk yon somèy ki trankil, pwofon ak reparatè.

Pou ke nou viv ak kè poze, nou bezwen yon lespri pasifik. Nan Jan 15:25-27, Jezi te di ke se Sentespri a k'ap ede kenbe sa ke nou te aprann nan Pawòl li yo, mete sou li tout bon egzanp ke nou te genyen de Jezi yo tou. L'ap fè nou sonje anpil gwo eksperyans lòt moun tou, yo menm ki te konn mache nan lafwa devan nou, tout ansèyman ke nou te resevwa nan men antrenè nou yo nan legiliz la ak bon konsèy frè nou yo nan lafwa tou. Sentespri a kapab fè sa, sèlman si nou pase tan nou pou nou aprann Pawòl la ak si nou ranpli lespri nou avèk anpil bon ansèyman yo pou lavi kretyèn nou. Konsa, lè moman an rive, Lespri a kapab al pran Pawòl ke nou gen bezwen an nan enkonsyans nou, pou ke nou kapab reziste ak chak sitiayson ki pètibe nou.

Lè sikonstans ki antoure nou yo fè lespri nou twouble, olye pou nou chèche yon solisyon selon entèlijans nou, nou genyen yon tan pou priye epi kite Sentespri a aji.

Si nou aprann retire je nou sou pwoblèm nan, pou nou founi je nou sou Pawòl Bondye a epi priye mande pou Bondye inonde nou avèk lapè li, nou kapab genyen lespri nou byen trankil toutan. Menm si nou pa wè solisyon an kounye a, nou kapab repoze nan lapè ke Bondye pral ban nou solisyon.

[[[Mande pou yon etidyan li Filipyen 4:7.]]]

Lapè sa ki anvayi lespri ak memwa nou rive pasifye emosyon ak volonte nou tou. Emosyon ak volonte nou yo depann de panse nou yo. Si lespri nou pa trankil, fason n'ap santi nou avèk fason ke nou konpòte nou ap menm jan tou. Pou rive fè lapè avèk lòt moun, nou sipoze genyen panse lapè a avèk yo an premye.

Lapè pou kò a

Lè yon moun malad, lè li pèdi lasante li, jeneralman, li pèdi lapè tou. Maladi ak dizèt ke kò fizik nou ap soufri se youn nan plizyè konsekans peche yo. Yon maladi kapab vini akoz de menm moun k'ap soufri 1 la, oubyen pa mwayen de antouraj li.

Genyen anpil maladi ki se konsekans peche pèsonèl oubyen de yon move jesyon kò nou. Se nou menm ki responsab de sa ke n'ap manje, egzèsis ke n'ap fè, kantite travay ke n'ap reyalize, repo ke nou pa fè, elatriye. Genyen anpil lòt soufran ki vini se akoz de anpil vis ak peche ki antre nan kò nou, tankou libètinay seksyèl, adiksyon pou tabak, dwòg, alkòl ak anpil lòt bagay ankò. Genyen anpil lòt maladi ke nou pa responsab tou, men nou kapab rive genyen yo akoz ke se yon bagay ki pase de jenerasyon an jenerasyon, akoz de vis ke moun k'ap viv nan menm kay avèk nou yo te genyen (tankou tabak), akoz de move jesyon ke kreyasyon moun ki bò lakay nou yo (tankou kontaminasyon dlo a, van an avèk tè a) ak anpil lòt bagay ankò.

Toutotan ke n'ap viv nan yon mond ki kontamine avèk peche, nou pap janm rive jwenn gerizon total pou kò nou, sepandan, se yon bagay ki sèten tou ke lavi sentete a pote anpil benefis pou sante nou. Sa mande pou nou abandone peche a avan tout bagay.

[[[Mande pou yon elèv li Jan 5:14. Mande klas la: Pou kisa ke Jezi te avèti nonm ki te kokobe a?]]]

Lè ke Jezi te konn fè mirak gerizon yo, lè moun ki te mete konfyans nan li yo t'ap deplase, li te voye yo ale geri epi avèk kè poze. Nan Mak 5:34, Jezi te voye fanm ki te gen pèd le san ale konsa: “*Maî, se konfyans ou nan Bondye ki geri ou. Ou mèt ale ak kè poze, tande. Ou geri nèt*”. Madanm sa te pase douz ane ap viv ak yon lagè nan pwòp kò li. Lè nou tonbe malad, kò nou vin konvèti an yon teren batay ant anpil bakteri, virus, jèm, basil, mikwoòganis... Gerizon an vini lè ke Lespri Bondye a detwi lame mechan sa yo.

Anplis de sa, fanm nan t'ap viv avèk anpil krent, avèk doulè. Pandan douz ane li pat kapab jwenn afeksyon nan men fanmi li, déjà akoz de pèd le san li a, lalwa te considere li kòm enpi. Menm lwa sa te entèdi pou 1 pat al nan tanp lan pou chèche sekou nan men Bondye. Ta sanble ke li te yon fanm ki te genyen anpil byen materyèl, men li te tonbe nan povrete paske doktè te fin pran tout lajan ke li te posede, avèk anpil fo pwomès ke yo ta gen pou yo jwenn solisyon pou kondisyon 1 lan.

Maladi a te vòlò lapè li. Jezi pat sèlman restore sante li, men tou, li te voye 1 al rekòmanse yon lavi ki nan lapè konplètman.

Nou pa konnen sa ki te lakoz maladi 1 la, ni tout desepsyon ak move tretman ke li te konn pran pandan anpil ane. Men kounye a, li te dwe padone tout moun epi kòmanse yon lavi nan lapè avèk tout moun.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 5.

4. SÈVI MOND LAN KÒM ENSTRIMAN LAPÈ

Jezi te anseye disip yo pou yo te viv nan lapè youn avèk lòt e avèk lòt moun tou. Anpil fwa, disip yo te eseye rezoud konfli yo nan fason pa yo, oubyen konfòm avèk kilti yo, ann gade kèk egzanp.

Nan youn nan vwayaj yo, disip yo te fache sou moun ki te abite nan Samari yo ki pat ba yo kote pou yo te rete ak manje pou yo te manje. Jak ak Jan te pwopoze ke sa ki te pase yo se te yon rekonzans ki te “jis”, akoz de move tretman ke yo te resevwa yo. Yo te mande Jezi: “*Mèt, ou pa ta vle nou bay lòdpou dife nan syèl la desann fin ak yo?*” (Lik 9 :54).

Jezi pat pran anpil tan pou 1 te reyaji. Levanjil la di ke Jezi te reprann yo avèk pawòl sa yo: “*Nou menm nou pa konnen nan ki lespri ke nou soti, paske Ptit lòm nan pa vini pou pèdi nam lèzòm, men pito se pou sove yo*” (Lik 9:55-56). Jezi te fè yon konnen byen klè ke avansman wayòm li an pa depann de zam ak vyolans. Lapè pa janm rive fèt atravè vyolans. Se vre ke wayòm Bondye a gen pou wè avèk konkèt, men nou aple pou ke nou atenn nan moun yo atravè levanjil lagras, lanmou ak lapè. Akoz de reyakson vyolan sa a, de frè sa yo ki te Jan avèk Jak, pitit Zebede yo te pote non “pitit loray” (Mak 3:17). Yo te preznan nan anpil lòt gwo aksyon enteresan.

[[[Mande pou yon elèv li Matye 20:20-28 ak mande klas la: Ki demann ke Jan avèk Jak te pote devan Jezi?]]]

Jan avèk Jak te vle vin “chèf nan kesyon legliz la” pandan ke y’ap itilize enfliyans yo. Yo te vin fè yon demann devan Jezi, lè yo te itilize manman yo kòm pòt pawòl yo. Nou kapab imajine nou sèn nan...yo tou letwa mete ajenou devan Jezi, manman an pale pou yo epi li te touche pwen an dirèkteman. Frè sa yo ki te konn toujou ap pale anpil, yo te rete an silans fwa sa ap tann pou plan yo a te reyalize.

Lè Jezi te tandé demann nan, li pat reprann fanm nan, paske li te konnen ke se paske yo te manipile li-Jezi te pale avèk pitit li yo de preferans. Se yon bagay ki byen admirab lè n’ap gade kalite pasyans ke Jezi te pran avèk disip li yo, lè li t’ap tolere fason yo t’ap chèche enterè mesken yo, jalouzi yo, anbisyon san kontwòl yo. Jak avèk Jan te revele entansyon ki te plis fè nwa nan kè yo. Yo te vle pran avantaj sou lòt disip yo, pran pozisyon ki pi wo, resevwa pouvwa ak otorite sou lòt yo. Motif yo a te vrèman egois, chanèl. Avèk tout rezon, lòt disip yo te fache kont yo epi an plis de sa, Jezi te parèt pou mete lapè nan mitan yo epi li te anseye yo yon lesyon ki te vrèman enpòtan sou yon nouvo modèl de lidèchip espirityèl, modèl sèvitè a.

Lapè nan mond lan ak legliz la pap rive reyalize pa mwayen yon lidèchip ki egzèse fòs, dominasyon ak otorite sou lòt yo. Yon lidè ki itilize moun kòm objè pou li rive atenn benefis pèsonèl li yo, li pa diy pou 1 antre nan peyi kote Bondye Wa a. Lavi yon lidè dwe atache ak sèvis, endepandamman de fonksyon li, tout lavi li. Zam sèvis sa yo se zouti ki la pou kiltive lapè, yo se bwa ki lonje pou sèvi avèk edikasyon, manje, lasante, kay, afeksyon, konsolasyon, zanmitay.

Se pandan, malgre ke Jan avèk Jak te aprann lesyon yo a, petèt, Pyè se te dènye moun ki te vin konprann ke nou menm pitit fi ak pitit gason Bondye yo pa dwe pratike okenn fòm de vyolans.

[[[Li Jan 18:9-10.]]]

Aprè ke Pyè te fin koupe zòrèy Makis kise sèvitè Gran Sakrifikatè a, li menm ki te vin arete Jezi, Jezi kòm Mèt Pyè, te estope li. Jezi te restore zòrèy blese nonm sa epi Pyè finalman te konprann ke nou dwe mete konfyans nou nan Bondye, lavi ak desten nou, nou dwe remèt yo nan men li konplètman. Plizyè ane aprè, Pyè te pale ak kretyen yo nan fason sa: “*Paske: Si yon moun vle jwi lavi a, si l' anvi pase kèk bon kadè sou latè, se pou l' kenbe lang li pou l' pa pale moun mal. Se pou l' veye bouch li pou l' pa bay manti. Se pou l' sispann fè sa ki mal, se pou l' fè sa ki byen. Se pou l' chache viv byen ak moun. Se pou l' fè sa li kapab pou li viv byen ak tout moun. Paske, Bondye veye sou moun k'ap mache dwat devan li. Li tandem yo lè y'ap lapriyè nan pye l'. Men, l'ap vire do bay moun k'ap fè sa ki mal*”.

Disip yo te aprann ke moun k'ap swiv Jezi yo dwe gen vokasyon pou yo vin ajan lapè. Pwovèb lari a di konsa “fen an jistifye mwayen yo” se pa yon bagay ki gen valè tankou règ avèk kondwit pou pitit fi ak pitit gason Bondye yo ki se ajan lapè. Bondye pa sèlman ban nou misyon sa, yon plan pou lavi nou, men tou li ban nou anpil zouti ke nou dwe itilize: Fwi lespri Li a.

Kè poze a se youn nan zouti pwisan ke nou posede. Kòm legliz, nou ta dwe sèvi kòm ajan lapè sa nan mitan yon mond ki toujou nan lagè. Nou aple pou nou vin ajan lapè nan kominote n nan, pandan ke n'ap sèvi kòm entèmedyè epi anseye moun yo kòman pou yo rezoud konfli yo.

An mezi ke n'ap apwoche tou prè retou Kris la, defi nou an vin pi gwo chak jou, ap genyen mwens kè poze nan fanmi ak mond lan (Revelasyon 6:4). Kè poze a papa rive etabli kò 1 nan antouraj nou si nou pa travay di pou nou kreye li.



o **Gide etidyan yo pou ke yo konplete aktivite 6.**



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Awomaterapi:** Metòd gerizon kèk maladi ki baze sou plizyè efè ke awòm lwil esansyèl plant yo pwodwi nan òganis lan. Genyen kèk nan tretman sa yo ki itilize pou amelyore pwoblèm estrès, depresyon, enkyetid, fatig fizik ak mantal ak mank somèy. Lwil yo itilize pou fè masay nan kò, nan beny awomatik yo, pou ekoulman ak gwasans awòm nan tou.
- **Kontantman:** Eta lajwa. Gen kè kontan.
- **Kontwòl mantal:** Se yon teknik ki genyen pou misyon li, dirije aktivite mantal la, domine panse yo ak transfòme fason moun nan panse a. Li la pou fè manipilasyon, lavman sèvo ak sediksyon agresif lòt moun.
- **Lagè:** Li fè referans ak yon eta kontrè ki deklannche plizyè awfowntman ant plizyè moun, fanmi oubyen pèp.
- **Kè poze:** Nan Ansyen Testaman yo te konn itilize mo ebre shalom, ki vle di lapè, entegrite, byennèt, lasante. Se te yon fason pou ke yo te salye moun ki te vin oubyen ki vin vizite pèp Izrayèl la. Nan Nouvo Testaman, mo grèk la se eirene ki dekri relasyon tèt ansanm ant plizyè moun ak nasyon, zanmitay, absans agresyon ak lòd nan leta a ak legliz yo.
- **Yoga:** Doktrin filozofik ki pratike anpil teknik pou soulajman, respirasyon, moderasyon ak plizyè lòt kalite posti kòporèl avèk objektif pou atenn yon eta de pèfeksyon espirityèl ak mantal, pa mwayen kontwòl fizik ak mantal. Se yon bagay ki pwòp avèk reliyon Endou a.



Rezime

Lapè Papa a, lapè ke Jezi te kite pou nou an ak sa ke Sentespri a ranpli nou an se yon kè poze ki pafè, konplèt epi total ki anvayi tout nou menm. Lapè Bondye a ranpli tout nou menm pa mwayen Sentespri a. Apati de la, Lespri a aji nan memwa nou, li ranpli nou avèk anpil panse ki pasifik ki vin bay nesans avèk anpil santiman ak aksyon ki pasifik tou.

Chak kretyen aple pou vin sen epi vin ajan lapè pou moun k'ap viv nan antouraj yo, pandan ke y'ap kòmanse nan fanmi ak legliz la menm.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Siyale tout zòn sa yo nan lavi w k'ap konnen anpil konfli oubyen anpil sitiayasyon ki vòlò lapè ou.

Zòn kote mwen genyen anpil pwoblèm kounye a:

- ___ Aksepte pwòp tèt mwen (kò mwen, karaktè mwen lòt)
- ___ Relasyon avèk lòt moun/ plizyè moun nan fanmi an
- ___ Relasyon nan travay la / plas etid yo
- ___ Sitiayasyon avèk yon zanmi fi oubyen zanmi gason/ mennaj
- ___ Sitiayasyon finans
- ___ Delenkans nan peyi mwen /kominote
- ___ Anpil vwazen violan oubyen ki lakoz anpil pwoblèm

Sa ki lakòz konfli ke mwen genyen kounye a:

- ___ Diferans nan lide, enterè oubyen opinyon yo
- ___ Diferans valè yo
- ___ Enposiblite pou atenn plan ak objektif yo
- ___ Chòk karaktè
- ___ Entolerans, lè mwen pa renmen fòm tèt moun nan
- ___ Diferans yo oubyen konfli nan tan pase yo

AKTIVITE 2

An gwooup de 3 etidyan, se pou yo fè yon rechèch biblilik nan pasaj sa yo epi reponn kesyon yo.


a). Ki kote lapè Bondye a dwe anrasinen avan ke nou pote li bay lòt yo? (Lik 1:79)

b). Kisa ki te salitasyon Kris ki te leve soti vivan nan lanmò a fas ak disip yo ki te nan kache paske yo te pè moun sa yo ki t'ap pèsèkite yo? (Lik 24:36, Jan 20:19, 26.)

c). Kris la te vin kraze tout baryè ki te egziste nan mitan nasyon yo. Li te kòmanse ini Izrayèl avèk Legliz la. Site kèk nan baryè ki divize pèp yo jounen jodi a. (Ephesians 2:14)

d). Daprè opinyon pa w epi selon Kolosyen 1:20, èske nou kapab di ke kontra lapè ant syèl la avèk limanite te siyen avèk san Jezi a se yon bagay ki kòrèk? Èske nou ta kapab rive jwenn lapè yon lòt mannyè?

AKTIVITE 3



AKTIVITE 4

Nan lis sa a, siyale tout move mwayen ke moun ki nan kontèks ou yo ap itilize pou ke yo kapab rive atenn lapè espirityèl, mantal ak emosyonèl.

- Egzèsis fizik
- Yoga
- Meditasyon
- Medikaman ki bay soulajman oubyen kalman yo
- Koute mizik
- Ale an vakans
- Kontwòl mantal
- Awomaterapi
- Senp ak objè ki “atire” enèji pozitif
- Netwayaj pa mwayen ougan
- Rejim pou retire toksit nan òganis la
- Fè sa ke moun vle/fè kè yo kontan
- Evite konfli/Pa di sa ke mwen panse/Bay manti

AKTIVITE 5

Anba w'ap jwenn kat kolòn avèk yon lis ki genyen anpil bagay ki demontre mank de kè poze a. Siyale sa ke w genyen nan lavi w yo pou kounye a. Aprè sa, reponn : "Ki pati nan lavi mwen ki merite ranpli avèk lapè total Bondye a?"

Espiritiyèl	Mantal	Emosyonèl	Fizik
Peché	Dout sou Bondye	Tristès	Vyolans vèbal
Dezobeyisans	Prewokipasyon	Lachte	Adiksyon
Pèrèz pou lanmò	Negativite	Enkyetid	Anoreksi
Kilpablite	Krent	Estrès	Adiltè
	Mank de konfyans	Kolè	Libètinaj seksyèl
	Divizyon	Fanatis	Depresyon
	Prejje	Enpasyans	Pèd somèy
	Entolerans	Konplèks	Fatig
	Avaris		

AKTIVITE 6

Ekri lapriyè sen franswa dasiz la avèk pwòp mo pa w yo, pandan ke w'ap fè yon adaptasyon nan lavi w jodi a. Aprè sa, priye seyè a avèk mo ke w te chwazi yo.

O, Seyè, fè mwen vin yon enstriman lapè w la.

Kote ki genyen rayisans, se pou m pote lanmou.

Kote ki genyen ofans, se pou mwen pote padon.

Kote ki genyen divizyon, se pou mwen pote inite.

Kote ki genyen dout, se pou mwen pote lafwa.

Kote ki genyen erè, se pou m pote verite.

Kote ki genyen dezespwa, se pou m pote kè kontan.

Kote ki genyen fè nwa, se pou m pote limyè.

O, Mèt, fè m pa tèlman ap chèche pou m jwenn konsolasyon, men pito se pou m vin yon konsolasyon; Se pa pou moun konprann mwen; men pito se pou m konprann moun;

Se pa pou ke moun renmen mwen, men se mwen menm ki pou renmen moun yo.

Paske se nan: Bay ke n'ap resevwa;

Se nan padone ke n'ap resevwa padon;

Se lè n'ap mouri ke n'ap resistite pou Lavi ki pap janm fini an.

Amen



Lanmou ki pwodwi pasyans pi lwen pase limit la

Leson 6



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Rekonèt** bezwen pou kiltive fwi pasyans lan nan lavi li.
- **Idantifye** sitiyasyon sa kote li pèdi fasilite pasyans lan.
- **Konnen** kèk modèl pasyans nan Bib la.
- **Idantifye** kèk disiplin pou devlope pasyans nan lavi li.



Resous Yo

Chwazi youn nan opsyon sa yo pou w kreye yon anbyans nan ouvèti tèm klas la:

- Yon jwèt an gwoup ki mande itilizasyon pasyans, pa egzanp : jwe, kare majik, kastèt (Puzzle), mikado (ti bwa chinwa yo), oubyen anpil lòt.
- Yon bwat klips nan sa ki utilize yo nan biwo pou plase yo nan yon riban ki long.
- Plizyè bobin lèn ki dwe mare pou demare.
- Plizyè bout domino pou kole yo nan yon liy ki vètikal, youn akote lòt.
- Plizyè ti moso twal pou bòde ak men.

Entwodiksyon]]]

[[[Kòmanse klas la avèk aktivite ke w te prepare a. Bay yon tan ki ase pou ke yo tout kapab patisipe. Lè ke yo fini, pwovoke diskisyon elèv yo avèk kèk kesyon tankou sa yo: èske nou t'ap kapab reyalize aktivite sa san pasyans? Pou kisa kalite jwèt sa yo enpòtan pou ti moun yo? Kisa ki te plis fristran pou patisipe nan aktivite sa?]]]

Pasyans lan se fwi ke apot Pòl plase nan lòd nan Galat 5:22-23, aprè lanmou, kè kontan ak kè poze. Nan pasaj 1 Korentyen 13:4, apot la afime ke “renmen gen pasyans” epi pi devan nan vèsè 7 la, li di tou “renmen an rete tann tout bagay”. Pasyans lan se yon bagay ke tout kretyen ak kretyèn yo nou bezwen kiltive.



.....o Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 1.

Aprè sa, mande klas la: Ki sikonstans nan lavi chak jou yo ki lakoz ke nou pèdi pasyans? Èske moun ki nan kontèks nou yo ki konsidere ke pasyans lan se yon bon kalite oubyen yon feblès?

Mo grèk ki tradwi pasyans nan Nouvo Testaman an se vokabilè makrothumia. Nan mond kilti greco-women kote ke legliz la te pran nesans, pasyans lan pat konsidere kòm yon bon kalite. Sa ki pèmèt ke nou vin konsidere pasyans lan kòm yon bon kalite se akoz de mesaj levanjil la ak pratik lavi nan sentete a.

Ni vokabilè *makrothumia*, tankou fòm vèbal *makrothumein*, yo tout dekri kòm yon bon kalite ak atitid. Nou kapab aprann bon kalite sa nan tout bon egzanp ke nou jwenn nan Bib la, nan istwa Legliz kretyèn nan, nan men frè ak sè legliz nou yo. Men, menm jan ke nou pral etidye pi devan an, modèl pasyans prensipal nou se Bondye menm.

Etid Biblik]]]

1. PASYANS BONDYE A

Pasyans lan se youn nan anpil gwo karakteristik lanmou Bondye a. Nan anpil okazyon diferan nan istwa, nou menm lèzòm, nou fè pasyans Kreyatè a rive nan limit li. Lè pèp la te retounen sot nan esklavaj nan peyi Babilòn ak Pès, Levit yo te chante yon Sòm remèsiman anvè Bondye pou pasyans li, li menm ki anrejistre nan liv Neyemi.

[[[Mande pou yon elèv li Neyemi 9:29-31.
Kisa izrayelit yo te fè pou yo te depase pasyans Bondye?]]]

Pandan anpil ane, pèp Izrayèl la te abize yo de pasyans Bondye. Yo te konnen yo koupab, malgre yo te resevwa avètisman pwofèt yo osijè de danje ke yo lage kò yo ki te pwovoke kòlè Seyè a, yo te pèsevere nan lavi peche yo a.

Izrayelit yo te panse ke pawòl pwofèt yo pa t'ap janm rive reyalize. Yo te pran abitid fè peche chak jou, yo te viv avèk konfyans ke "plizyè ti dezobeyisans yo" te pase inapèsi pou Bondye epi se pou di ke anpil nan mitan yo te mouri san wè jijman Bondye kont yo.

Sepandan, nan yon tan ki make, jijman Bondye a te rive sou nasyon an epi se pitit ak pitit pitit yo ki te soufri konsekans lan.

[[[Mande pou yon etidyan li 2 Pyè 3:8-9.]]]



○ Aprè sa, mande pou klas la konplete aktivite 2.

Nan lavi Jezi a, nou kapab wè kòman fwi pasyans lan te la. Jezi ki se Kris la te aprann pou 1 te vin gen pasyans atravè Papa li. Li te pran pasyans ak anpil moun ki te vin kote 1 pou resevwa èd li, moun sa yo ki pat montre okenn konsiderasyon pou frajilite li kòm moun ak nesesite li pou repoze oubyen pou 1 manje. Li te montre pasyans avèk disip yo, yo menm ki te afiche anpil konpòtman ki san matirite ak egois. Li te pran pasyans ak manman li avèk frè li yo, epi anpil fwa, yo pat konprann egzijans misyon 1 lan (Matye 3:31-34). Li te demontre pasyans menm avèk moun sa yo ki te mal trete li, pandan li t'ap sipòte soufrans lan.

2. PLIZYÈ EGZANP PASYANS

Youn nan pi gwo egzanp pasyans yo, nou jwenn li nan lavi Noye. Avan inondasyon an, moun yo te konn viv pandan anpil ane, nan kèk ka, yo te menm konn rive viv 900 zan. Li difisil pou nou panse ak yon gato anivèsè avèk 900 balèn pa vre?



○ Mande elèv yo pou ke yo konplete aktivite 3.

Noye te aprann gen pasyans paske li te gen konfyans ke Bondye ta va gen pou 1 akonpli pwomè li yo. Konbyen nan nou ki ta kapab genyen pèseverans pou rete tann pandan san ane? Nou menm nou ta pase tout lavi a, men malgre sa, li parèt twòp lè nou dwe rete tann yon ane, senk ane oubyen dis ane.

Noye pat chita pou 1 tann, men pito li te travay avèk tout fòs li avèk rega li fikse sou vizyon ke Bondye te ba li a. Sa se youn nan anpil karakteristik sou pasyans ke nou aprann de Noye, pasyans lan se fwi Lespri a ke li ye.

Pasyans sa se yon bagay ki konfyé ak rete tann, men nan menm tan an, li travay, li aji. Bondye te fòme Noye ak fanmi li te fòme yon ekip de travay. Yo chak te dwe akonpli avèk pati plan pa yo pou ke ras limanite a avèk animal yo te kapab genyen opòtinite pou yo siviv.

Finalman, Noye avèk fanmi li te wè akonplisman pwomè Bondye a. Sepandan, li enpòtan pou nou siyale ke genyen anpil pwomè ke nou pap gentan wè li akonpli pandan moman ke n'ap viv sou tè a.

Nan 2 Pyè 3:8-9, apot Pyè anseye ke nou pa kapab jije tan Bondye a selon pèspektiv nou. Jodi a, nou viv lavi a nan yon fason ki klè, nou se moun sa yo ki fè manje rapid, nan vwayaj avyon yo, komunikasyon enstantane yo. Nou pa genyen anpil pasyans pou nou rete tann epi nou pa genyen anpil tolerans. Akoz de rit anprèsman nou, nou kapab rive panse ke Bondye dousman, men se pa yon reyalite. Fason ke li mezire tan an diferan ak pa nou an epi pasyans pa 1 la pi gwo pase pa nou an.

Pliske Bondye ap tann avèk pasyans pou ke li akonpli pwomès retou Kris la, se pa yon prèv de feblès oubyen endesizyon ki genyen nan fason ke l'ap travay. Pasyans sa se pito evidans de lanmou ak mizèrikòd li pou tout fanmi ki sou latè yo, yon fason pou ke li ba yo opòtinite pou yo sove (Matye 13:24-29). Nou genyen yon Bondye ki toujou pare pou 1 fè modifikasyon nan ajannda li akoz de lanmou li pou moun k'ap pèdi yo! Pandan ke n'ap rete tann evènman sa k'ap pote yon nouvo etap nan istwa delivrans lan, menm jan avèk Noye, nou dwe pèsevere nan akonplisman misyon ke Bondye te ban nou an.

Lòt egzanp biblik ki gen pou wè avèk aparans lan, se nan ka Abraram nan. Bondye te rele 1 pou 1 kite tè kote 1 te fèt la lè li te genyen 75 ane epi li te mache avèk Bondye jouska laj 175 ane. Nan Jenèz 15:1-7, Bondye siyen yon kontra avèk Abraram...

[[[Mande pou yon elèv li Jenèz 15:1-7.]]]

Bondye pwomèt Abraram tè Kanaran epi tou, li pral Papa yon gwo nasyon, men, pwoblèm nan se paske Abraram ak madanm li te genyen anpil ane sou tèt yo, epi yo pat genyen pitit. Li te vrèman difisil pou ke yo te aksepte yon pwomès konsa. Nan epòk sa yo, pat genyen okenn klinik pou kesyon ede fanm fè pitit, ni okenn fason pou konnen si li te posib ke nan kèk moman li t'ap posib pou Sara te vin ansent. Lè ke Abraram ak Sara te mezire possiblité yo avèk lasyans ke yo te dispoze nan tan sa, tout konklizyon lojik yo fè yo afime ke sa te yon pwomès enposib pou akonpli.

An nou imajine nou ke fwaye nou ta nan yon dezè, kote ke nou pap janm wè yon gout dlo lapli tonbe pandan tout lavi nou epi Bondye ta di ke zòn sa pral bay anpil manje ki chaje avèk jaden, ranpli avèk fwi, kote ke pap janm genyen mank dlo. Èske li t'ap fasil pou ke nou kwè ke sa ta kapab rive reyèlman?

Sepandan, nan liv Ebre 6:15, nou jwenn pawòl sa yo ki di: “*Abraram te rete tann ak pasyans. Se konsa li resevwa sa Bondye te pwomèt li a*”. Kont tout lojik imen ak possiblité syantifik, Abraram te rete tann epi rete tann. Aprè plizyè ane, lè Abraram te aje de 100 ane epi Sara te genyen 90 zan, li te fè Izarak. Istwa Abraram nan anseye nou ke nou bezwen gen pasyans pou ke nou wè benediksyon Bondye yo. Li enpòtan pou moun pase tan ap rete tann.

Dènye egzanp ke nou rive chwazi pou leson sa se Jòb. Liv Jòb la se yon zèv ekstraòdinè nan literati inivèsèl la epi li pwobab pou ke li se liv ki plis ansyen nan Bib la. Pou pi fò moun, li difisil pou ke yo imite Jòb epi konprann pwofondè trajedi ki te vini yo de yon jou a yon lòt nan lavi li.

Nan tèm ki modèn yo, nou ta kapab di ke Jòb te yon nonm ki te fè anpil siksè, yon moun ki te reyalize tout rèv li yo. Gras ak travay ak entèlijans li, li te genyen yon antrepriz ki te bay anpil fwi, yon bon pozisyon ekonomik, yon bèl madanm, plizyè bèl pitit, pwopriyete, bon sante epi sitou, li te santi li satisfè paske li te kiltive yon bèl relasyon avèk Bondye. Jòb pat dwe pèsòn moun anyen, menm Bondye 1 la.

[[[Mande pou yon elèv li Jòb 1:1-3.]]]

Jòb te yon nonm ki te gen kè 1 san tach epi pwòp devan Bondye. Rèv li se pou 1 te gran moun ak kè kontan pandan l'ap jwi fanmi li, pitit pitit li yo ak fwi travay li yo. Men, nan yon ti bat je konsa, lavi li te vin chanje konplètman.



o **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4 epi fè yon lis kalamite ki te rive nan lavi Jòb nan tablo a.**

An nou imagine nou menm yon ti kras kijan ke Jòb te santi li. Sikològ oubyen sikyat yo ta di avèk tout fòs yo ke nonm sa ap pase yon moman nwa, li plonje nan depresyon. Kisa nou ta kapab fè nan sitiyasyon si se ta nou menm? Èske nou t'ap plenyen? Èske nou t'ap lage chay la sou Bondye oubyen lòt moun?

Li posib pou ke nou ta rete tanm menm jan avèk li, kote ke men yon zanmi kapab apwoche pou konsole nou, pou ban nou yon ti kal espwa. Epi tou le kat zanmi Jòb yo t'al wè li, men, olye ke yo te ankouraje li, pawòl yo te fè Jòb plis mal. Pou eseye eksplike entèvansyon zanmi 1 yo, yo te di 1 pawòl tankou: "Reflechi byen tande Jòb, paske ou te dwe fè kèk bagay ki mal, ki byen mal ki fè ke Bondye pini w nan fason sa". Yo te rive jous nan limit rezistans Jòb, li menm ki te rive mande yo pou yo pat kontinye pale ankò: "Nou menm, kote nou pa konnen nou bay manti. Nou tankou dòktè ki pa janm geri pyès moun. Pito nou pe bouch nou! Lè sa a, n'a pase pou moun ki gen bon konprann!" (Jòb 13:4-5).

Malgre gwo doulè ke Jòb t'ap andire, li te konnen se pat Bondye ki t'ap fwete li. Li te genyen anpil sajès pou ke li te rejte tout move konsèy kat zanmi 1 yo, ki yo menm olye pou yo te geri blesi li yo, yo te vide sèl ladan yo avèk pawòl kritik ak akizasyon yo.

Lè kretyen ki fidèl ap pase pa yon moman eprèv, se lanmou ak konsolasyon lidè ak frè nan lafwa li yo ke li gen bezwen. Jòb te rete tann pou toumant lan te pase avèk pasyans, epi Bondye te rekonpanse lavi li. Li te leve kanpe, li te rekipere antrepriz li a, li te fòme yon nouvo fanmi epi li te viv 40 ane an plis ap jwi yon vyeyès beni (Jòb 42:12).


Nan tout pwosesis rekiperasyon sa a, Jòb pat janm doute si Bondye te ansanm avèk li. Malgre tout konsèy moun ki te antoure 1 yo, li pat janm pèdi konfyans nan lanmou Bondye pou li epi li pat janm sispann adore ak sèvi li. Jòb te rete tann Bondye, li te rete fidèl nan moman difisil yo epi finalman li te resevwa rekonpans li.

3. PASYANS NAN LAVI CHAK JOU

Mo grèk *makrothumia* ke Pòl mansyone nan Galat 5:22 kòm karakteristik fwi Lespri a, li fè referans ak kapasite pou tolere tout sikonstans difisil ki vini nan lavi a, tankou: anpil pwoblèm, maladi, ofans, blesi, pwovokasyon lòt moun.

Pasyans lan espesyalman kapab obsève nan konpòtman kretyen an nan fason ke li manipile relasyon entèpèsonèl li yo. Pasyans lan aji avèk pèsistans ak pèseverans : se twa bagay ki pa mache separe.

[[[Desine grafik sa sou tablo a.]]]





Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 5.

Li enposib pou moun viv lavi kreyèn nan avèk fidelite san pasyans. Genyen anpil moun ki konfonn lè yo panse ke pasyans lan se sinonim avèk chita tann, oubyen pa fè okenn entèvansyon lè ke genyen yon move aksyon ki pa jis rive devan je nou oubyen pa reyaji lè yo frape nou. Men jan ke nou te wè sa nan egzant Noye a, pasyans kreyen an dwe toujou prezan epi dinamik.

An premye lye, nou dwe genyen pasyans avèk pwòp tèt pa nou epi ofri nou espas ke nou gen bezwen pou ke nou devlope avèk lasante nan tout pati nan lavi nou. Nan tan ke n'ap viv jodi a, nou menm kreyen yo, nou anba anpil presyon. Vîtes lavi rapid ke anpil nan nou ap mennen fè nou mete plis presyon sou nou rive menm nan dènye limit.

Li enpòtan pou ke nou egzamine rèv nou yo avèk kantite tan ke n'ap dispoze pou reyalize yo. Rèv yo dwe reyalis konfòm avèk posiblité endividylèl nou yo. Nan liv Eklezyas 3:1, nou jwenn pawòl sa yo: “*Gen yon lè pou chak bagay. Bondye fikse yon tan pou chak bagay k'ap fet sou latè*”. Nou menm lèzòm, nou pa yon bann machin ki la pou podwi. Nou se moun ki kreye avèk yon objektif ki byen espesyal ki se genyen kominyon avèk Bondye, konnen Kreyatè nou an avèk pwofondè epi aprann de Li. Men, pi fò kreyen yo jodi a pa genyen tan pou yo priye, pou yo etidye Pawòl la, menm pou yo kiltive relasyon avèk fanmi yo ak lòt kreyen yo ki nan legliz la. Se aktivite ki ta dwe plis enpòtan nan lavi nou ki vin plis neglige. Nou pito kite priyrite mond lan pote nou ale, plan mond lan, sousi mond lan, epi konsa, san nou pa menm rann nou kont, nou fè tèt nou gwo mal epi nou pèdi sa ki pi bon an nan lavi nou. Nou bezwen mande Bondye pou 1 anseye nou wè lavi nou avèk je pa li epi ban nou sajès pou ke nou kapab desine yon pwojè pou lavi ki kapab fè 1 plezi nan tout sans.

Dezyèmman, pasyans lan dwe ede nou sèvi lòt yo pi byen. Jeneralman, lidè ki plis egzije moun ki nan ekip yo, se yo menm ankò ki plis egzije pwòp tèt yo. Pasyans ke nou pa genyen ak pwòp tèt pa nou an fè nou pa genyen pasyans ak lòt yo non plis. Sa fè nou vin fistre epi egois tou. Se anpil lidè kreyen ki pran echèk nan ministè yo paske yo mete twòp presyon sou pwòp lavi pa yo ak ekip yo a ki depase limit.

Nan Nouvo Testaman, pasyans lan se yon karakteristik ki pa kapab pa la pou egzèse yon ministè espirityèl epi dirije yon kongregasyon lokal (2 Korentyen 6:6, 1 Timote 1:16, 2 Timote 3:10). Se yon kalite ke tout moun k'ap preche Pawòl la dwe genyen tou (Tit 2:2) déjà ke ansèyman dwe delivre avèk lanmou, men se pa avèk kolè.

Nan sans sa a, pasyans lan se yon bagay ki enpòtan anpil pou reyalize ministè ke yo te rele nou an epi pou akonpayman nan mitan kreyen yo. Pi bon fason ke nou kapab fè pou nou devlope fwi sa nan lavi nou se lè ke nou travay avèk lòt yo. Yon bagay ki tèlman senp tankou chante ansanm oubyen li Bib la ansanm mande pasyans. Lè ke nou pran pasyans avèk frè nou yo, nou demontre yo konbyen ke nou renmen yo.



Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 6.

Twazyèmman, pasyans ki se fwi Lespri a dwe la nan tout sikonstans nan lavi nou. Tout moun aji avèk pasyans nan kèk sitiyasyon. Manman yo te pran pasyans avèk pitit yo, mèt yo pran pasyans pou ke yo anseye, etc. Men, pasyans kreyen an dwe yon bagay ke moun kapab wè nan tout sitiyasyon ke n'ap fè fas ak jan ke n'ap abòde lòt moun tou. Genyen anpil kreyen ki gen pasyans avèk moun ki nan legliz yo, men yo pa tolere pwòp fanmi yo. Genyen anpil lòt ki gen pasyans avèk pwòp tèt yo, oubyen zanmi yo, men yo pa genyen pasyans anvè lèzòt yo.

Sitiyasyon konfli avèk lòt moun yo, sitou pou moun sa yo ki atake ak frape nou se la ke pran pasyans nou an kapab epwouve. Lè yon moun frape nou, reyakson ki natirèl la se remèt li kou a menm kote a. Ego nou rele sou nou menm kote a pou di nou: Tire revanj! Li posib ke remèt kou a jwenn bravo nan men moun nan tan ke n'ap viv yo, men akoz de lanmou Bondye a ki nan lavi nou, li pap pèmèt ke nou reponn nan fason sa. Pasyans Bondye a se modèl nou, menm si nou gen chans pou nou vanje tèt nou nan fason sa. Se pasyans Bondye a ki modèl nou lè ke nou gen chans pou nou vanje tèt nou, devwa nou se deside pa fè 1.



Nou pa kapab chwazi lè ke nou pran pasyans avèk yon gwoup de moun epi nou pa pran pasyans avèk yon lòt gwoup. Nou responsab pou nou pran pasaysans avèk frè nou yo menm jan Bondye te pran pasyans avèk nou.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Atitud:** Dispozisyon kouraj ki degaje nan fason ke moun nan ap panse, reyaji fas ak kèk sitiyasyon. Sa kapab manifeste tou nan son vwa, postè kòporèl, nan jès yo ak anpil lòt ekspresyon ki pa vèbal.
- **Pèsistans:** Pèsevere oubyen pèsiste nan yon objektif.
- **Esperans:** Pou kretyen an, pèsevere siyifi konfye ak espere sa ke Bondye te pwomèt li a. Esperans kretyen an diferan ak pa mond lan, li vin pa baze sou yon bagay tanporè ankò, men pito se sou Bondye ki la pou toutan an, li menm ki pap janm mouri a epi ki genyen tout pouvwa. Lafwa ak esperans mache ansanm, yo grandi epi pran fòs pandan dewoulman lavi disip Seyè a (Ebre 11:1).
- **Pèseverans:** Nan Nouvo Testaman, pèseverans dekri kòm pèsistans kretyen an nan fason ke l'ap mache avèk Kris jouskalafen lavi li (Ebre 12:1). Kenbe kontak avèk Bondye chak jou se responsablite kwayan nan, deja si l neglige relasyon li avèk Bondye, li kapab tounen tonbe nan lavi peche a ankò epi pèdi lavi etènèl li (1 Korentyen 9:27).
- **Tolerans:** Respè pou chak opinyon yo oubyen pratik lèzòt yo lè ke yo differan oubyen kontré pa rapò avèk pa nou yo. Pasyans ak konpreyansyon anvè moun ki fenk ap aprann yo, fèb yo, moun ki pa genyen disiplin yo, etc.
- **Bon kalite:** Dispozisyon pou panse ak aji konfòm ak kèk lide tankou lanmou, jistis, bonte, etc.



Rezime

Pasyans lan se youn nan anpil bon kalite nan lanmou diven ke Bondye bay avèk fwi Lespri a. Lanmou ki gen pasyans lan se lanmou ki manifeste nan lavi kretyen an nan relasyon entèpèsonèl li yo avèk lòt yo, nan relasyon yo avèk Bondye ak konpòtman li fas ak pwoblèm yo ak sikonstans ki difisil nan lavi yo.

Pasyans lan se yon fwi menm jan ak lòt yo, nou responsab pou ke nou kiltive li. Nou aprann pasyans nan egzanp lòt yo ak pwòp eksperyans nou lè nou mete konfyans nou nan pwomès Bondye yo epi lè nou familyarize nou avèk lòt yo. Lanmou ki gen pasyans lan pa ka pa la pou ke nou sèvi Bondye avèk lòt yo.

Nou bezwen pasyans, lafwa ak esperans pou ke nou pa pèdi vizyon lavi kretyèn nan epi rive fè rankont avèk Seyè a avèk fidelite.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Ekri wi oubyen non nan liy sa selon repons li:

- ___ Èske w te pèdi pasyans avèk kèk moun nan dènye jou sa yo?
- ___ Lè w kanpe nan yon liy w'ap tann pou yo ba w atansyon, eske w santi w dekoraje epi ou santi w mal alèz?
- ___ Si yon zanmi tonbe rakonte w yon istwa “byen long” èske w gade mont ou plizyè fwa epi w kanpe konvèsasyon an plizyè fwa pou w mande eskiz?
- ___ Èske ou fache si yo pa pote manje ou ba ou byen vit nan yon restoran?
- ___ Lè w'ap kondwi, èske w klaksone anpil fwa lè machin ki devan pa w la mache pi dousman?
- ___ Lè vwazen k'ap viv nan depatman pa w la yo ap fè yon fêt, èske w fache akoz de bwi a epi rele joure?

AKTIVITE 2

Li pasaj 2 Pyè 3:8-9 yon lòt fwa ankò epi aprè sa, reponn selon eksperyans pèsonèl ou: Nan ki zòn ke mwen fè rezistans pou obeyi oubyen soumèt mwen ak volonte Bondye nan peche a? Konbyen pasyans ke Bondye te pran avèk mwen?

AKTIVITE 3

An gwou de twa a kat patisipan, chèche kèk detay nan lavi noye avèk fanmi li nan pasaj sa yo.

Ki laj Noye te genyen lè li te vin papa? Kòman pitit li yo te rele? (Jenèz 5:32)

Kisa ke lèzòm te fè ki te fè Bondye pèdi pasyans? (Jenèz 6:5-7)

Konbyen ane Noye te pase ap pèsevere nan konstriksyon lach la? (Jenèz 5:32 ak 7:6)

Konbyen semèn ke Noye te rete tann pou inondasyon an te fini? (Jenèz 7:17-24)

Konbyen ane ke Noye te pase ap viv? (Jenèz 9:28-29)

AKTIVITE 4

An gwooup de de elèv, fè yon lis de tout kalamite ki te vini nan lavi jòb selon jòb 1:6 a 2:10.

AKTIVITE 5

Ranje kolòn sa yo, pandan w'ap plase lèt premye kolòn nan devan deklarasyon dezyèm kolòn nan, jan sa dwe koresponn nan. Ki repons ki gen pou wè avèk chak enfòmasyon?

	Vèsè	Afimasyon
A	Ebre 6:12	Nan mitan soufrans lan, nou dwe fè kè nou kontan nan esperans ak pèseverans nan lapriyè.
B	Women 12:12	Lapriyè a ede nou demontre rekonesans nou anvè Seyè a.
C	Women 8:25	Pandan ke n'ap rete tann akonplisman pwomès Bondye yo, nou dwe kontinye travay epi sèvi lòt yo avèk lanmou.
D	Kolosyen 4:2	Pèsistans nou manifeste lè ke nou rete tann menm sa ke nou pa kapab wè avèk pasyans.

AKTIVITE 6

Pi devan, w'ap jwenn yon lis bagay ke nou fè nan legliz la pou ke nou konnen ak sèvi youn lòt. Make sa yo pou moun sa yo ki bezwen plis pasyans jouskaprezan.

- ___ Ti bebe yo ki kriye nan moman sèvis la.
- ___ Koute yon moun k'ap pale nan yon fason ki twouble oubyen avèk yon ton ki byen ba.
- ___ Reponn anpil kesyon moun ki fenk vin patisipe nan legliz la.
- ___ Ede gran moun ki nan asanble a yo rive nan chèz yo oubyen monte machin.

- Chante nan gwooup de moun sa yo ki difisil pou yo sezi ton avèk melodi yo.
- Netwaye ji ti moun yo te jete.
- Paran yo ki mennen timoun yo al pase yon tan nan aktivite a.
- Sè yo ki te blyie pote sa yo te pwomèt la .
- Parese yo.
- Fèb espirityèl yo oubyen moun ki dekoraje yo.

AKTIVITE 7

Pi devan, nou wè ke genyen yon seri de sitiyasyon kote ke bib la montre nou pou ke nou aji avèk pasyans. Nan kolòn ki nan mitan an, souliye tout mo sa yo ki dekri reyakson w pou kounye a epi aprè sa, nan kolòn adwat la, souliye tout pratik sa yo ke w'ap bezwen devlope plis nan lavi ou.

Sitiyasyon	Reyakson mwen pou kounye a se	Sa ke mwen dwe devlope
<i>Anpil pwoblèm ak sitiyasyon difisil pou rezoud.</i>	Mwen dezespere, mwen ranpli avèk estrès, mwen paralize, mwen bay lot yo pote chay la, mwen kouri pou responsablite mwen.	Priye pou mande Seyè a sekou. Chèche èd. Travay pou jwenn solisyon pwoblèm. Panse avèk esperans (Women 5:3-5).
<i>Anpil diferans entèpèsonèl.</i>	Kritike, diskite, reponn avèk ògèy, kouri pou konfli, renonse, mete fen avèk relasyon, mwen fè vanjans tèt mwen, mwen refize salye oubyen pale avèk moun sa a.	Priye pou mande bon konprann ak lanmou Seyè a. Chèche konsèy. Afwonte avèk lanmou. Padone. Mande padon si mwen ofanse kèk moun.
<i>Anpil diferans kiltirèl.</i>	Kritike, meprize, egzile tèt mwen, lonje dwèt sou bagay ki pa bon, rasanble avèk yon goup ki depaman, chanje legliz.	Priye pou mande lanmou ak konpreyansyon. Eseye konprann, kiltive relasyon, chèche sa ki pozitif.
<i>Konfli avèk dirijan yo.</i>	Kritike, patisipe nan plizyè aksyon manifestasyon, pentire grafiti, sal non moun sou rezo sosyal yo.	Priye pou mande tolerans ak lanmou pou padone. Pale avèk lanmou pou fè l wè erè li. Konvenk li pou l chanje yon sitiyasyon. Rann byen pou mal.
<i>Kriz politik, ekonomik, sosyal, etc. nan peyi a.</i>	Pa mete tèt pa mwen, mwen renmen plenyen, fè pwomosyon pou vyolans, ofanse responsab yo, tire avantaj pèsonèl sitiyasyon an.	Priye pou mande sajès pou dirijan yo. Ede moun ki afekte yo. Fè pati de yon solisyon. Vin yon enstriman lapè ak konpreyansyon (Ezayi 28:16).



Lanmou ki manifeste sou fòm solidarité

Leson 7



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Konprann** ke vrè adoratè yo pratike jistis ak lanmou nan favè moun ki nan bezwen yo.
- **Angaje** li nan konstriksyon yon sosyete ki pi kòrèk epi ki plis solidè.
- **Abandone** kalite lavi endividyle ak konsomatè a.
- **Adopte** lanmou ak mizèrikòd Bondye a kòm kalite lavi.



Resous Yo

- Twa fèy papye kote w'ap ekri yon misyon sekrè pou twa etidyan. Papye sa yo pral double oubyen ap andedan plizyè anvlòp oswa yo pral plase sou tab la, avan ke elèv yo rive nan sal klas la. Ekri sou do yo chak: "Misyon sekrè". W'ap ekri konsiy sa yo sou do yo chak:
 - a. Nan 10 premye minit dewoulman klas la, pran yon bagay youn nan elèv yo san mande pèmision epi piga li remèt li menm si elèv la plenyen anpil.
 - b. Nan 5 premye minit dewoulman klas la, anmède youn oubyen de elèv, pa egzanp: Rale cheve, chatouyèt, bay yon ti kout pye tou, epi pa mande eskiz.
 - c. Nan 10 premye minit dewoulman klas la, kritike plizyè kamarad, pa egzanp: Kritike rad li, kout peny li pran, figi somèy li, di ke li fache sou li paske lòt jou li pat di 1 bonjou, etc. Pa janm di eskiz nan okenn moman akoz de move konpòtman an.
- Plizyè ti sachè avèk konfiti, plizyè lòt avèk chokola epi plizyè lòt avèk ti pètpèt mayi. Ti sachè yo dwe ase pou tout elèv yo. Mete yon nimewo enpè nan yo chak, pa egzanp: 5, 7 oubyen 9 inite.

Entwodiksyon]]]

[[[Chwazi twa elèv pou yo pran anvlop yo epi pou yo konsève sekrè a. Endike yo ke pèsòn pa konnen sa ki nan misyon yo, jouk nan lè klas la kote ke mèt la endike li. Kontinye klas la byen nòmal, inyore entèripsyon yo, si yon moun fache epi reyaji nan yon fason ki fò, mande elèv yo ke si yo genyen kèk pwoblèm, tanpri, rezoud li aprè klas la.]]]

Senkyèm karakteristik fwi Lespri ki mansyone nan lis Pòl la nan Galat 5:22, se atansyon. Pou resanblans ant mo grèk la chrétos, jantiyès ak *christos*, Kris, moun nan premye syèk yo te rele kretyen yo *chrétos*, sa vle di “moun ki jan ti yo”.

[[[Mande klas la: Si nou ta fè yon ankèt avèk moun yo jodi a nan kominate a, pandan ke n'ap mande yo: Soti nan 1 pou rive nan 10 (pliske 1 pi ba pase 10) konbyen moun legliz yo emab avèk vwazen yo? Ki pouvantaj ou kwè nou ta jwenn?]]]

Diksyonè bay kòm sinonim atansyon: jantiyès, afablite, koutwazi, liberalite ak edikasyon. Kòm sinonim objektif emab, nou jwenn: atansyon, afeksyon, kòdyl, plezi ak afektye. Atansyon a pa tèlman komen nan sosyete n'ap viv la ki fè ke nenpòt aksyon san enterè lanmou pou pwochen an klere tankou yon limyè nan fè nwa. Men, nou abitye avèk aksyon ki pa genyen koutwazi ak fason ke moun yo abòde lòt moun san konsiderasyon ak gwosyete tout kote.



- o Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 1.
Aprè sa, mande yo: Èske nou emab avèk sosyete a?
Èske moun nan tan n'ap viv la bay atansyon enpòtans?
Nan kisa kominate nou an t'ap chanje si nou ta abòde youn lòt avèk atansyon?

Etid Biblik]]]

1. ATANSYON, KALITE LAVI SEN AN

Nan Bib la, atansyon an avèk gwo lanmou pwofon Bondye a se de bagay ki mache ansanm. Demonstrasyon lanmou sa dekri nan Ansyen Testaman avèk mo ebre jesed, ki tradwi kòm gratis, mizèrikòd, jenewozite. Lanmou emab anvè pwochen an se youn nan kondisyon lavi ki san tach ke Bondye mande pèp li a.

[[[Mande pou yon elèv li Miche 6:6-8.]]]

Kòm anpil lòt pwofèt, Bondye te rele Miche pou ke li te sèvi pòt pawòl li nan yon epòk ki te genyen anpil gwo pwoblèm politik ak sosyal. Pandan ke li t'ap riske lavi li, Miche leve vwa li pou defann peyizan yo, moun sa yo ke gouvènman ki te santre nan Jerizalèm nan te pran tout tè yo epi lage yo nan povrete. Nan epòk pa 1 la, pratik enjistis la te yon bagay ki te nòmal epi olye pou jij yo te defann moun ki te viktим yo, yo te pi pito sipòte moun ki te fè zak yo.

Nan vèsè avan yo ki nan chapit 6 la, nan plizyè okazyon Bondye rele yo “pèp mwen”, pandan ke li t'ap fè yo sonje kote yo soti ak istwa yo pandan ke y'ap mache ansanm. Izrayèl te pèdi memwa, aksyon yo te reflete vrè idantite yo kòm pèp Bondye a ki sen, yo te blyie apèl yo, misyon yo pamí tout pèp ki sou latè.

Nan vèsè 6 ak 7 la, Miche dekri ògèy ke lidè pèp kòwonpi sa yo te genyen lè ke yo t'ap apwoche yo bò kote Bondye. Yo te nan fè piyay ak tout ipokrezi, yo te konn eseye negosye avèk Bondye, yo te eseye konvenk li avèk anpil kado epi diskite sou benediksyon li yo. Menm pratik vòk sal sa yo,-ki se kòripsyon- ke yo te fè ant yo menm, yo te vle aplike yo nan relasyon yo avèk Bondye. Jouskalè sa yo te toujou pare pou ke yo te ofri pitit yo nan sakrifis, pandan yo t'ap itilize yo kòm monnen, pandan ke yo t'ap itilize yo kòm monnen echanj pou tòde ponyèt Bondye.


Nan sosyete sa, tout bagay genyen yon pri. Relasyon ant moun yo te motive akoz de enterè. Pa genyen okenn bagay ki kapab bay nan plas anyen. Yo te blyie si yo te pitit fi ak pitit gason Bondye ki bay tout bagay akoz de lammou li. Yo sezi wè kijan ke Bondye ap entèchanje gras avèk yo, yo te mande pwofèt la avèk ògèy sou kòman yo te dwe prezante devan Bondye pou ba li adorasyon.

Bondye reponn yo, menm si se pat respons sa ke yo t'ap rete tann. Nan vèsè 8 la, Seyè a di ke genyen twa bagay ke Bondye mande pèp li a: *“Men, Bondye déjà di nou sa ki pi bon pou nou fè ak sa ke l'ap atann de nou. Se byen senp: Bondye vle pou nou byen aji youn avèk lòt, se pou nou janti avèk moun ki pi fèb yo, epi se pou nou adore li kòm sèl Bondye”*.

Bondye di ke, pou nou vin vrè adoratè, nou dwe fè kèk chanjman nan lavi nou. Pou rès Bib la nou konnen ke pou nou prezante nou devan Bondye, nou dwe mennen yon lavi ki sen. Anpil fwa nou konfonn lè nou panse ke Bondye mezire sentete nou sèlman nan dimansyon relasyon nou avèk Li. Nou twonpe tèt nou si ke nou kwè ke pou nou vin sen, asiste legliz la ap ase, bay ofrann, peye ladim, priye ak li Bib la.

[[[Desine grafik ki plase nan tablo a.]]]

Nan lòd ke kòmandman Bondye yo ki parèt nan vèsè ki nan Miche 6:8 la enpòtan anpil. Ann gade:



2. PRATIKE JISTIS

Lide jistis ke pwofèt nan Ansyen Testaman yo differan ak pa nou an. Sa pa gen pou wè avèk yon lide oubyen konsèp de yon bagay de yon bagay ke nou kapab diskite oswa ekri plizyè liv. Sa pa gen pou wè ak yon tribinal kote nou pral defann nou oubyen reklame pou koupab yo resevwa pinisyon ke lalwa etabli.

Amòs 5:24 di konsa: “*Tankou dlo k'ap kouri larivyè, se pou nou rann tout moun jistis nan peyi a. Tankou yon kouran dlo k'ap kouri san rete, se pou nou toujou fè sa ki dwat!*” Jistis ke pwofèt yo pale de li a pratike nan relasyon ant moun avèk moun. Li pa sifi pou ke nou konnen yon konsèp ki klè osijè de sa ki jis, men pito se pratike jistis nan tout sa ke n'ap fè epi se nan fason ke n'ap abòde lòt moun.

Nan epòk pwofèt yo, Bondye leve vwa li pou li defann moun ki fèb epi san defans yo plis espesyalman.

■■■ Mande pou de elèv li Ezayi 10:1-2 ak 1:17. ■■■

Atravè pwofèt Ezayi, Bondye te rele pèp li a pou yo te kanpe an defans moun sa yo ki pa gen pèsòn, moun sa yo ki tankou moun envizib nan sosyete nou yo, moun yo plis meprize yo, moun sa yo ki pa genyen okenn kondisyon de baz pou yo mennen yon lavi ki diy. Moun sa yo ki pèdi espwa epi toutotan ke pèp Bondye a pa lonje men ba yo pou ke yo soti nan sitiyasyon difisil yo, yo pap janm kapab genyen yon pi bon avni. Moun ki envizib nan epòk ke pwofèt yo t'ap viv la se menm bagay la pou jodi a : endijan yo, ti moun ki lage nan lari yo, moun k'ap viv nan gwo povrete yo, moun ki sibi zak piyay nan byen yo anba aksyon otorite ki vòlè yo, moun sa yo ke yo eksplwate nan travay yo, chèf fwaye ak ti moun yo, òfelen yo, etranje yo, ansyen yo.

Legliz kretyèn yo pretann genyen kèk kalite ministè konpasyon oubyen panye lanmou yo, don pou rad, oubyen medikaman. Yo fè anpil pwojè konstriksyon ak preparasyon kay, bous pou djòb, plizyè klinik medikal ak anpil lòt bagay ankò ke yo pote pou rezoud nesesite yon fanmi oubyen kominote a. Nou di Bondye mèsi pou legliz sa yo ki se sèl ak limyè atravè pratik bon atansyon nan kominote kote yo twouve yo a.

Sepandan, Bondye ap tann plis bagay nan men nou: plan li se itilize nou kòm entriman pou li vide jistis li tankou yon rivyè dlo vivan! Ann imajine nou yon rivyè k'ap grandi akoz de gwo lapli yo, ki debòde epi anvayi tout kote moun ap pase. Ebyen, Bondye ban nou misyon pou ke nou etann lajistik ak sistèm ki kòwonpi yo ki antre nan kominote nou yo, pwovens nou yo, peyi nou yo. Jodi a se tan pou ke nou leve kanpe, se sa ke Seyè a di nou, se pou nou konsakre pwofesyon nou yo epi ankouraje jèn nou yo pou ke yo fòme tèt yo nan plizyè karyè k'ap pèmèt ke genyen chanjman nan sosyete nou yo. Se lè sa ke jistis wayòm Bondye a ap avanse sou latè, pou ke sa rive reyalize, nou dwe soti kite zòn kote nou santi nou alèz yo epi itilize resous nou yo pou pote esperans bay pèp nou yo.



○ Mande klas la pou l konplete aktivite 2.

3. JANTI AVÈK LÒT YO

Mo ebre *jesed* la tradwi nan kèk vèsyon biblik tankou konpasyon, bonte, lanmou dirab, mizèrikòd, fidelite ak devosyon. Nou twouve nou fas ak youn nan anpil mo ki plis empòtan nan vokabilè etik ak teyolojik Ansyen Testaman. Nouvo Testaman itilize tèm grèk *chestotes*, ki vle di janti, gen afeksyon, gen bon prensip, respekte lòt moun. Tou de tèm sa yo dekri yon afeksyon ki ekstraòdinè, se pa yon

aksyon sipèfisyèl, men pito se afeksyon ki soti nan fon zantray yo. Se kalite lanmou sa ke Bondye genyen pou pèp li a. Se yon lanmou ki fò, dirab epi ki ranpli ak gras: se li menm ke yo te voye nou nan mond lan pou nou vin revele.

[[[Distribye ti sachè yo bay tout elèv yo. Eksplike yo ke y'ap kapab manje sa yo jwenn andedan li, men se lè yo fè kamarad yo kado pi fò ladan li. Byen obsève kijan youn ap abòde lòt pandan dewoulman aktivite a. Gade si elèv ki te gen djòb anmède lòt yo pat resevwa kado, oubyen si yo rive ba yo men anba obligasyon. Ankouraje konvèsasyon ki genyen kesyon tankou sa yo: Avèk ki premye moun ou te panse pou w te bay kado konfiti w yo? Avèk kilès ou jwenn li te plis difisil pou w te pataje kado w la? Kijan w te santi w lè w te dwe bay pi fò? Kijan w te santi w lè w te resevwa pi fò? Sa ki pat janti yo... Èske yo te santi ke yo te merite kado a? Èske yo te santi ke yo te genyen obligasyon pou yo te remèt kado a? Èske genyen kèk ki te bay epi pat resevwa anyen? Kòman yo te santi yo? Lè diskisyon an fini, revele devwa sekèr a ki te andedan anvòp yo.]]]

Kòm nou sot wè la, nou pa genyen abitid pou nou pratike lanmou san enterè sa. Ann gade kèk karakteristik sou bon lanmou sa ke Bondye vle pou nou pratike.

Se lanmou ki sensè

Fè yon bagay sèlman pou akonpli oswa byen parèt, oubyen fè yon moun plezi, se pa yon bon bagay. Tout aksyon flatè, menm si se pou Bondye oubyen pou yon moun, se yon komedi, yon manti. Petèt nou kapab twonpe yon moun (espesyalman moun sa k'ap chèche flatè), men nou pa kapab twonpe Bondye, li menm ki konnen tout entansyon ki andedan tout kè.

[[[Mande pou yon elèv li Jòb 32:22 epi mande klas la:
Kisa Bondye panse de flatè yo?]]]

Bondye pa sipòte ipokrizi. Flatri a se yon similasyon, yon aksyon fòse, yon koken ki kache vrè entansyon yo. Se menm bagay la ki pase avèk komedi ki se yon demonstrasyon afeksyon ki egzajere epi ki menm vin depase limit ki jeneralman chèche fason pou 1 afebli volonte lòt moun nan pou jwenn yon bagay ke li vle.

Nou dwe fè anpil atansyon lè ke anpil moun ap apwoche bò kote nou avèk fo jantiyès, pou nou pa tonbe nan pyèj flatè ak komedi ki reveye vanite nou. Vòlè ak kasèd ponyèt yo itilize taktik pyèj sa yo pou rive atenn konfyans lòt moun.

Jantiyès ki sensè a pa limite oubyen konfòme li nan ranpli plizyè ti kondisyon sou kòmandman Bondye yo non plis. Konpasyon an santre sou konstwi relasyon ki solid epi ki dirab. Pa sèlman chèche ranpli yon kondisyon legal, tankou nan ka maryaj, men ki gen pou objektif, konstwi relasyon ki sen epi solid.

Se lanmou ki dirab epi fidèl

Lanmou ki dirab epi fidèl la pa yon bagay nou jwenn tout kote nan sosyete ke n'ap viv la, kote ke genyen yon lanmou san angajman. Nou menm lèzòm, nou genyen tandans antre nan yon relasyon avèk Bondye jan ke nou te aprann antre nan relasyon avèk lòt moun yo. Kòman lanmou nou pou Bondye ye? Èske se yon lanmou ki angaje? Èske li dirab ak fidèl? Èske nou pratike li nan tout moman ak tout sitiyasyon? Èske nou kapab apresye angajman nou avèk misyon Bondye a? Konbyen nou fidèl ak konstan nan sa ki gen pou wè avèk viv konfòm avèk prensip ak valè wayòm Bondye a?

Epi, kijan lanmou ke n'ap pratike nan fanmi lafwa a ye? Youn nan pwoblèm ke nou wè nan legliz kounye yo, se ke relasyon ant manm yo pa fonde ditou. Jodi a li tèlman nòmal pou moun yo chanje legliz epi blye ansyen frè ak sè yo. Kalite lanmou sipèfisyèl sa ki parèt frèt an mezi ke tan ap pase, ki pa apwofondi zanmitay la, ki pa kiltive relasyon yo, se pa lanmou sen ki te pratike nan legliz primitiv la.

[[[Mande pou yon elèv li 1 Tesalonisyen 2:8 epi mande klas la: Kòman Pòl dekri lanmou ke legliz Tesalonik la te genyen an?]]]

Se yon lanmou ki ekstraòdinè, sa ke Pòl dekri pou mouton li yo, yon lanmou kote ke li envesti pwòp lavi li. Yon lanmou ki konstwi anpil relasyon ki dirab atravè istwa. An mezi ke n'ap grandi kòm disip Kris, nou dwe aprann fòm renmen nouvo ak “revolisyonè” sa.

Lanmou ki sensè a enspire konfyans

Fidelite Papa a lè li montre nou lanmou li ki te pouse salmis la kriye di: “*Seyè, ou pa janm sispann gen pitye pou mwen. W'ap toujou pwoteje m', paske ou renmen m'. Ou p'ap janm lage m'*” (Sòm 40:11b).

[[[Mande pou yon etidyan li Ebre 4:16.]]]

Paske Bondye te toujou gen lanmou pou pèp li a epi avèk nou tou nan tan pase a, nou te santi nou avèk konfyans pou chèche li lè nou nan bezwen. Nan menm fason an, nou menm kretyen yo, nou dwe kiltive konfyans moun yo nan nou, pou ke fas ak yon nesesite, yo pa doute pou vini devan nou pou sekou.

Konfyans sa dwe resipwòk. Petèt, nou kapab abite avèk moun ke pèsòn pa genyen konfyans nan li, akoz de pase li oubyen kondisyon li nan moman sa, menm moun ki pa kwè nan yo menm, nan kapasite yo, ke Jezi kapab chanje lavi yo. Se poutèt sa ke kesyon kiltive konfyans lan tèlman enpòtan. Aksyon lanmou ki sensè yo itilize avèk anpil pwisans pa mwayen Lespri Sen an, li menm ki touche kè yo, li menm ki reveye memwa k'ap dòmi yo, li menm ki ouvè je avèg espirityèl yo, epi fè kokobe emosyonèl yo leve mache. Epi Bondye fè nou fè pati de mirak sa yo!

Konpasyon pou moun ki nan nesesite yo

Lanmou konpasif la pa dwe limite fanmi nou oubyen manm legliz yo. Bondye konnen ke avèk fidelite nou blye moun sa yo ki pa andedan sèk zanmitay nou yo, moun sa yo ki se pwochen nou tou. Se poutèt sa ke Seyè a ajoute yon lis ki genyen anpil moun ki nan bezwen nan mesaj pwofèt yo ak kòmandman ki nan lalwa a yo. Men, menm si lis sa long anpil, li pa dwe yon obstak pou aksyon nou yo, paske lanmou mizèrikòd Bondye a elaji jouskaske li anvelope tout kreyati a.

Nou ta kapab di ke règ lavi nou ta dwe, fè tout byen ke nou kapab epi ak tout moun ke nou kapab. Nan sosyete nou yo jounen jodi a, pa manke opòtinite pou ke nou pote solidarite nou, paske nenpòt ki kote ke nou gade, genyen moun ki gen nesesite. Genyen nesesite pou travay, pou lasante, lanmou, edikasyon, kay abitab, zanmitay, ak anpil lòt bagay ankò. Moun ki nan bezwen yo twouve yo nan tout kwen nan sosyete a, menm nan mitan anpil fanmi ki genyen yon nivo ekonomik mwayen oubyen wo.

Se vre tou, ke nou pa kapab satisfè tout bezwen moun ki nan antouraj nou yo, men si nou pare, nou kapab toujou fè yon bagay pou ede yon moun oubyen yon fanmi.

[[[Mande klas la: Ki kalite nesesite emosyonèl oubyen espirityèl ke moun nan kominote nou an genyen? Kisa nou ta kapab fè kòm manm solidè nan kominote a, pou satisfè kèk ladan yo?]]]

Jantiyès la dekri yon kè ki jenere, ki fè plis pase sa ke moun ap rete tan, plis pase sa ke lòt moun ta prêt pou fè pou lòt moun. Se lanmou pwofon Bondye sa ki te pouse li bay Pitit li a, pou sove nou anba dezespwa ak esklavaj peche a. Bondye se modèl lanmou solidè nou.

Petèt nou konsidere tèt nou kòm moun ki solidè, paske nou reyalize yon aksyon ki gen charite ladan li de tanzantan, pa egzanp, lè yo rele nou nan kèk ministè nan legliz la, oubyen lè ke genyen yon katastwòf nasyonal oubyen trajedi nan kominote a. Men aksyon sa yo, menm si yo bon, yo pa ase. Travay restorasyon ke Bondye vle fè nan lavi moun nan se yon bagay ki entegral, li anglobe tout moun nan. Li pa baze sèlman sou satisfè yon nesesite k'ap pase. Bondye vle ba yo yon lavni ki nouvo, ranpli ak lavi, esperans! Yon travay tèlman pwofon mande yon gwo angajman bò kote pitit fi ak pitit gason Bondye yo.

Fòmansyon disip Jezi a te transfòme lavi disip li yo paske li te diferan ak pa lòt mèt nan epòk pa li a. Lanmou sensè Bondye ki abite nan kè nou dwe pouse nou envesti lavi nou nan lòt yo, pandan ke n'ap konstwi relasyon moun avèk moun ak yon zanmitay ki dirab.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 3.

4. ADORE SÈL VRÈ BONDYE A

Pou mwen vin yon vrè adoratè, mwen pap bezwen pou ke lòt moun rekonèt mwen kòm “kretyen”, oubyen vin manm yon legliz “x” oubyen fè pati de yon fanmi ki se moun legliz “z”. Sa pa depann de pozisyon oubyen fonksyon mwen andedan estrikti eklezyastik oubyen sèvis mwen nan yon ministè a, oubyen fòk mwen ap etidyé nan yon seminè oubyen lekòl ministryèl. Nan lòd Miche 3:8, nou wè ke pratik jistis ak jantiyès nan relasyon entèpèsonèl nou yo, se sèl bagay ki fè nou gen aksè pou prezans Bondye. De pratik sa yo se paspò vrè kretyen an.

Enstitisyonalisyon legliz la ak konstriksyon tanp yo, nan kèk fason, sa fè nou elwaye nou de mond lan epi devye nou de vrè teren batay nou. Kòm rezilta, sa ke n'ap fè nan ministè nou yo pwodwi mwens chanjman nan sosyete ki antoure nou an. Vyolans lan ogmante chak jou, kòripsyón, malnitrisyon, diferans sosyal, maladi akoz de transmisyon seksyèl, gwosès anpil ti adolesan yo, swisid yo, abandon gran moun yo. Sa ki fè sanblan ke “dye” mond sa plis pwisan pase Bondye ke nou menm kretyen yo n'ap adore a.

[[[Mande klas la: Kòm legliz, èske nou kapab fè yon bagay diferan de sa ke nou te deja fè pou rive jous jodi a, pou elimine mal k'ap fini ak lavi moun ki nan kominote nou an?]]]

Se pou sa ke Jezi te voye nou pou nou “ale” nan Gran Misyon an (Matye 28:16-20), non sèlman kòm pòt pawòl mesaj levanjil la, men pito kòm fòmatè yon sosyete ki tou nèf ki domine pa mwayen valè wayòm Bondye yo, atravè yon fòmasyon disip transfòmatè ki anseye moun yo viv konfòm ak modèl Jezi a.

Lè nou konnen tandans ke nou genyen pou ke nou konsève benediksyon yo epi blye nesesite lòt moun yo, Bondye ensiste pou ke nou foure tèt nou nan zèv redanmsyon an. Sa vle di, nou menm ki se moun pa Bondye yo, nou dwe fè pati de jwè ekip li a, nou dwe anbwase menm objektif yo, nou dwe angaje nou avèk misyon li avèk tout sa ke nou ye ak tout sa ke nou genyen.

Kalite lavi vrè adoratè a pa menm jan avèk pa yon moun ki endividyle epi materyalis pou viv lavi a. Sa yo se chèn ki anchene kretyen yo; sa yo se riz satan pou li distrè pèp Bondye a epi elwaye li de vrè misyon li nan mond sa. Lè nou gen dèt sou kat kredi nou epi jwenn mwayen pou nou prete pou achte anpil atik oswa byen ki pa tèlman endispansab an reyalite, nou fè nou pase kòm esklav ban yo epi byen yo vin tounen zidòl ke nou viv ak travay pou yo. Nou pa dwe blye ke Jezi ki se Kris la te mouri pou 1 rann nou lib de tout chèn ki te anchene nou ki te fè nou tounen esklav. Pa genyen okenn kalite opresyon lòm ki akseptab pou Kreyatè nou an.



◦ **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4 y 5.**

Moun ke Bondye konsidere kòm vrè adoratè se moun sa yo ki mache nan misyon an avèk li chak jou. Jezi se pi bon egzant nou, li menm ki te sèvi moun yo imilye yo avèk anpil imilite, li te abwase moun ki majinalize ak jete yo, li te menm kriye pou vil yo, lè li te wè eta yo, lè li te wè jan moun yo te pèdi direksyon yo akoz de mankman de gid espirityèl.

Nou dwe mete ògèy ak remò de kote epi aprann mache nan imilite, pandan ke n'ap adopte kalite lavi sèvitè. Nou menm tou, nou dwe sonje ke yon jou nou te nan bezwen epi se Bondye ki te anbwase nou avèk lanmou san enterè li a. Se Bondye ki te transfòme lavi nou, pandan ke li mete nou nan yon pozisyon kote ke nou kapab ede anpil lòt moun.

Se gras ak fwi Lespri a ke nou kapab pratike lanmou ki gen mizèrikòd ak bonte sa, ke Bondye te vide sou lavi nou. Jodi a, ann pran desizyon pou ke nou kite Bondye itilize nou kòm enstriman lanmou ki sensè a. Ann travay pou ke nou pote jistis ak lanmou solidè nan favè moun ki san defans epi ki nan nesesite yo. Ann abandone postè endividyle ak endiferans nou yo. Ann fè pati de chanjman an, ann vini kòm moun ki la pou pote restorasyon yo.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Konpasyon:** Mo orijinal ebre a pou “vin gen bonte” se jesed. Li tradwi kòm bonte, lanmou dirab, mizèrikòd, fidelite ak devosyon. Li site plis pase 240 fwa nan Ansyen Testaman nan tout liv Sòm yo. Vokabilè sa se youn nan mo ki plis enpòtan pou dekri konpòtman ke Bondye ap rete tann nan men pitit fi ak pitit gason li yo.
- **Dekadans:** Se lè moun nan pèdi pwogresyon pèfeksyon an, yon chemen pant ki mennen echèk, yon pwosesis ki pa bon. Dekadans moral la afebli sisyete a lè li kite sitwayen yo ekspoze epi vilnerab anba tout kalite menas. Dekadans moral la te koz disparisyon anpil gwo anpi, kòm gouvènman Women, pa egzanp.
- **Minimalis:** Kalite lavi ki refize konsomasyon ak akimilasyon byen materyèl yo. Li baze li pou retounen nan lavi ki senp, nan atenn ak konsève sèlman sa ki nesesè pou aktivite chak jou yo ak viv nan yon fason ki alèz epi an sante. Repouse lide liks la, pou peye sipli pou plizyè atik mak la pou refize anpil bagay ki itil jouskaprezan sèlman pou swiv yon mòd oubyen yon tandans.
- **Solidè:** Se moun ki ede lòt moun san atann pou 1 resevwa anyen an retou. Moun ki solidè a idantifye li avèk nesesite lòt moun epi akonpanye li sou wout la pou 1 kapab atenn objektif li yo.



Rezime

Lanmou sensè a se youn an plis nan plizyè kalite lanmou sen Bondye a ke nou dwe pratike nan lavi nou. Li gen pou wè avèk yon lanmou ki san kondisyon, ki idantifye li avèk moun ki nan nesesite yo, li ofri 1 zanmitay ki sensè epi li toujou antre nan fè rechèch solisyon toutan. Kòm legliz, lè nou pratike lanmou solidè sa, wayòm Bondye a vin pi pwòch epi li vin manifeste nan kominate nou yo. Kòm rezulta, moun yo mete konfyans yo nan kretyen yo, kè yo ouvè bay Jezi ki se Kris la, lavi yo restore epi kominate yo transfòme.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Siyale kèk nan aksyon jantiyès ki souvan manifeste nan konteks ou a:

- ___ Bay yon moun ki gran moun oubyen fanm ki ansent plas pa w lan nan yon bis.
- ___ Salye kèk moun ke w pa konnen nan lari oubyen plas piblik.
- ___ Di yon moun k'ap travay nan lari mèsi pou bon travay ke l'ap fè (polisye, doktè, pwofesè, elatriye.).
- ___ Fè wout pou ke yon moun ki kokobe oubyen sou chèz woulan pase.
- ___ Pandan ke w'ap kondwi, bay legen ak lòt machin ki vle foure tèt li nan lari a nan moman ki genyen anpil blokis.
- ___ Ede yon gran moun chaje sak ke li sot nan mache a.
- ___ Bay yon gran moun k'ap desann machin men oubyen yon eskalye.
- ___ Ede yon fanm ki san mari chanje kawoutchou machine li ki gen pwoblèm.
- ___ Pran swen ti pitit vwazin nan pandan ke l'ap regle yon dosye papye.
- ___ Di yon vwazen ki fenk vini rete nan katye bò lakay mwen an byen vini avèk yon pla bonbon oubyen gato.
- ___ Ede yon kamarad klas mwen ki gen difikilte pou konprann tèm kou a.
- ___ Achte manje oubyen rad pou yon fanmi ki nan bezwen, pou yon motivasyon ki pèsonèl.
- ___ Seche kouvèt beny piblik la aprè nou fin itilize li.
- ___ Bay yon manman ki pote yon ti moun piti plas nan liy nan.
- ___ Oryante yon kliyan pou 1 jwenn sa ke li bezwen an nan yon magazen konpetisyon.
- ___ Ede yon ti moun piti mare lasèt sapat li.
- ___ Leve fatra atè a epi mete li nan poubèl ki la pou mete tout fatra yo.

AKTIVITE 2

An gwoup de twa ak kat patisipan, reponn kesyon sa yo:

- a. Ki kèk fòm kote moun ki nan kominate w yo san pwotèj? Pa egzanp: Asirans sante.
- b. Ki gwoup moun sa yo ki "envizib" nan kominate w la, yo menm ki san defans oubyen nan gwo povrete? Pa egzanp: Chèf fwaye yo.

- c. Ki kalite sipò ke moun sa yo bezwen pou ke yo soti nan sitiyasyon depaman yo a.
- d. Kisa ke nou ta kapab fè depi nan legliz nou avèk resous moun ke nou genyen yo, pou pote chemen solisyon pou moun sa yo?

AKTIVITE 3

**Ki kalite angajman ke w ta kapab pran pou w ede yon moun oubyen fanmi nan kominate a?
Make nan lis sa.**

- Fè acha oubyen regle dosye pou yon moun ki déjà gran moun
- Ede yon ti moun oubyen adolesan peye lekòl li
- Kontribye avèk yon panye manje chak mwa
- Bay medikaman chak mwa pou yon moun ki soufri yon maladi kwonik
- Pran swen jaden flè yon vwazen chak jou
- Pran swen pitit yon manman oubyen yon papa ki selibatè
- Al chèche yon ti moun nan lekòl la ki genyen manman 1 ap travay
- Bay sipò a kèk ti moun nan koze etid yo
- Pratike kèk espò avèk ti moun oubyen adolesan yo ki nan katye a
- Bay moun ki refijye yo kote pou yo rete jouskaske yo jwenn yon kay
- Bay oryantasyon gratis sou anpil benefis oubyen resous ki kapab soti nan men gouvènman an
- Transpòte oubyen akonpanye yon gran moun oubyen moun ki kokobe ale kay doktè.

AKTIVITE 4

An gwoup de 2 a 3 patisipan, reponn kesyon sa yo:

- a. Nan kisa kalite lavi endividyle ak materyalis kretyen yo manifeste nan konteks pa w la?
- b. Kòman n'ap kapab ede frè ak sè nou yo rive pratike kalite lavi solidè ak jenere a ki distenge sitwayen wayòm Bondye yo?
- c. Kisa nou panse osijè de kalite lavi minimalis la? Èske kalite lavi Jezi a te minimalis?
- d. Èske nou kwè ke nou menm kretyen yo nou ta dwe adopte yon kalite lavi ki pi senp? Èske nou panse ke nan fè li nou ta kapab konte sou plis resous ekonomik pou ede moun ki nan bezwen yo?

AKTIVITE 5

Lanmou san enterè a dwe antre nan pratik, se sèlman konsa ke l'ap vizib pou moun ki antoure nou yo. Evalye lavi w epi pran desizyon pou lavni pandan ke w'ap reponn kesyon sa yo:

- a. Ki aktivite ke mwen ta kapab abandone pou m genyen plis tan pou m demontre lanmou yon fason ki plis pratik anvè moun ki nan kominote mwen yo?
 - b. Èske mwen genyen kèk moun ki te fè m mal? Kisa ke mwen ka fè pou mwen kapab wè lanmou mizèrikòd Bondye a k'ap aji nan lavi mwen?
 - c. Ki chanjman ke mwen dwe fè nan lavi mwen apati de jodi a, pou mwen adopte m ak kalite lavi ki pi senp epi konsa genyen plis resous pou m ede lòt yo ki nan nesesite?
 - d. Ki baryè mwen ta dwe kraze pou m konstwi relasyon amitye ak angajman avèk kèk nan vwazens m yo?
 - e. Kòman mwen kapab itilize pwofesyon oubyen ofis mwen pou montre lanmou san enterè a nan favè moun ke yo pa wè oubyen san defans yo nan kominote a?



Bonte: Lanmou Aktif

Leson 8



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Konprann** diferans ki genyen ant gras ak bonte.
- **Idantifye** aksyon bonte yo ki kapab pa konsidere kòm bagay ki pa gen afeksyon.
- **Reflechi** sou tout avantaj ke lanmou sensè a pwodwi nan lòt yo.
- **Angaje** li pou devlope bon kalite lanmou Bondye a nan lavi li.



Resous Yo

- Plizyè moso papye blan.
- Plizyè kreyon pou ekri.

Entwodiksyon]]]

Nan lesion ki te vini avan an, nou te etidyé kalite lanmou san enterè a. Bondye, se karakteristik fwi sa ke Pòl mansyone nan lis ke li drese nan Galat 5 :22-23. Mo grèk ki nan tèks orijinal la se *agathosune*, ki dekri yon moun ki genyen yon bon nati, sensè, sèviyab, onèt epi ki gen mizèrikòd, ni nan fason ke l'ap viv tankou fason ke l'ap abòde lòt moun. Èske karakteristik sa yo sanble? Ki diferans ki genyen ant lanmou ki sensè a avèk lanmou ki plen avèk bonte a?

Premye a, konpasyon an dekri aspè jantiyès ak solidè bonte a. Bonte se youn nan anpil aplikasyon konpasyon an. Bonte a se atitid pou bay lòt yo plis pase sa ke yo gen bezwen, ni espirityèl kòm materyèlman. Men, bonte a tou fè referans ak fè byen pou lòt yo, menm lè nou dwe aji avèk fòs epi li pa nesesè pou nou toujou aplike metòd ki mou.



Mande elèv yo pou ke yo konplete aktivite 1.

Mo *agathosune* se yon vokabilè ki pou kretyen sèlman. Li mansyone nan Nouvo Testaman kòm yon kalite ki pwòp ak frè ak nan lafwa yo, moun sa yo ki te rejenere epi pran nesans nan lavi espirityèl kòm pitit fi ak pitit gason Bondye.

Pandan ke Pòl t'ap ekri legliz nan lavil Wòm nan, li di yo konsa: “*Frè m' yo, mwen gen fèm konviksyon nou gen kont bon santiman nan kè nou, nou gen kont konesans sou nou pou yonn ka bay lòt konsèy* (Women 15:14). Sa vle di, nan pwosesis devlopman efikas disip Jezi a, grandi nan konesans Pawòl la ak nan pratik bonte a dwe mache kòrèkteman.

Nan lesion sa, nou pral etidyé kèk egzanz de kèk moun ke yo konsidere kòm bon nan Pawòl la.

Etid Biblik]]]


1. BONTE KREYASYON AN

Premye fwa ke lide bon an parèt nan Bib la se nan istwa Kreyasyon an.

]]] Mande klas la: Konbyen fwa ke mo bon an parèt nan Jenèz 1:1-30? Ki kantite bagay ke Bondye kalifye kòm bon bagay?]]]

Nou kapab obsève nan istwa sa ke nan fen sisyèm jou a, nan vèsè 30, aprè ke li te fin konplete tout zèv li yo, Kreyatè a kontan pou li, li evalye li epi di avèk anpil kè kontan, ke tout bagay nan kreyasyon li yo te bon anpil. Mo ebre ki pou bon an se tov epi li trè rich nan siyifikasyon li: janti, bèl, jis, moralman bon, pratik, bay dezi, gen bote, sa yo ke nou kapab rezime *an twa sifikasyon*:

[[[Desine grafik ke nou jwenn ki nan tablo a.]]]



Pliske pou yon moun konsidere kòm bon moun devan je Bondye, lavi nou dwe akonpli twa kondisyon sa yo: Nan premye pozisyon, kreyasyon Bondye a te fè sa ke Bondye t'ap atann de li a. Nou chak te resevwa lavi kòm kado, men ansanm avèk kado sa, nou jwenn tou yon objektif andedan plan Bondye a pou Kreyasyon Li a. Talan ak don nou yo, apèl pèsònèl nou avèk pasyon ke Bondye mete nan kè nou pou rezoud yon pwoblèm ki afekte anpil lòt moun endike nou chemen ke Bondye chwazi pou nou an. Lè Bondye gade nou epi wè n'ap akonpli objektif li yo osijè de lavi nou, kè li ranpli avèk lajwa.

Nan dezyèm pozisyon, kreyasyon an reflete nati sen Kreyatè a. Yon moun ki konsidere bon moun pou Bondye se moun sa a ki viv nan sentete, ki abandone peche, ki pa genyen yon kè ki rebèl anvè Bondye. Bon moun nan viv pou fè Bondye plezi epi se poutèt sa ke li pa peche kont pwochen li. Se yon moun ki diferan de lòt yo, paske li vin pa egoyis ankò epi li toujou chwazi fè sa ki kòrèk nan je Seyè li.

[[[Mande pou yon etidyan li Detewonòm 30:15. Mande klas la: Ki desten moun sa yo ki elwaye yo de sa ki byen epi chwazi fè sa ki mal?]]]

Bondye kontan lè 1 wè pitit fi ak pitit gason li yo montre vrè nati sen yo epi chwazi fè sa ki byen.

Nan twazyèm pozisyon, nan kreyasyon orijinal la, tout èt vivan yo t'ap viv nan tèt ansanm ak kè poze, fason yo t'ap viv la te fè yo tout jwi menm byennèt la. Yon moun ki bon, se moun sa ki pwodwi kè kontan nan favè lòt moun. Li pa egoyis, li genyen yon kè ki jenere, li chèche opòtinite pou 1 fè sa ki dwat pou li beni lavi lòt moun. Lè Bondye gade yon moun konsa, li kapab wè zèv li yo, epi zèv sa yo bay temwayaj de bonte ki genyen nan kè li. Bondye kontan lè li wè pitit fi ak pitit gason li yo ap pataje lanmou nan mond sa epi kontribye ak fason ke tout kreyasyon li a ap viv nan tèt kole.

2. JEZI, YON BON MÈT

Lik 18:18-30 rakonte nou osijè de rankont ant Jezi avèk yon nonm ki te lidè nan kominote li a ki te ale kote Jezi epi li rele l: "bon Mèt".

[[[Distribye moso papye ak kreyon yo pou reyalize dinamik la: "Definisyon negosye". Ekri fraz sa nan tablo a: "Jezi te bon paske..." epi mande elèv yo pou ke yo konplete nan yon fason ki endividyle. Lè fini, y'ap reyini pa de epi yo pral negosye lide yo pou yo ekri yon sèl fraz ki reprezante sa ke yo tou de panse. Lè yo fin konplete etap sa, elèv yo pral reyini an gwoup de 4 (2 pè, yo chak ap genyen yon definisyon). Chak gwoup pral elabore yon sèl repons pou fraz ki reprezante lide kat patisipan yo. Lè gwoup yo fini, konplete fraz la sou tablo a avèk sipò tout gwoup yo, jouskaske yo rive jwenn fraz ki rezime panse tout klas la. Aprè sa, li fraz ki fini an epi felisite elèv yo pou travay ke yo te reyalize a.]]]

Nou tout kapab dakò ke Jezi te bonte ki te vin fêt nan lachè. Li klè ke nonm sa te kapab rekonèt diferans ant Jezi ak lòt antrenè oubyen mèt yo nan epòk li a. Antrenè yo te anseye ke "pat genyen anyen ki te bon andeyò lalwa", se poutèt sa ke Jezi te reponn : "Pou kisa w rele m bon?...Pa genyen yon sèl moun ki bon, se sèlman Bondye ki bon".

Se yon nonm ki te bon nan je vwazen ak vwazin li yo. Li te obeyi kòmandman yo depi lè li te tou jèn, pèsòn pat kapab siyale okenn peche nan li. Anplis de sa, nonm sa te resevwa lavi ki pap janm fini an, se pandan, li te chèche wè Jezi paske li te santi 1 te manke yon bagay, li pat kwè ke lavi li te fè Bondye plezi san pou san. Li mande: "Kisa mwen dwe fè pou m eritye lavi ki pap janm fini an te manke pou l te bon nan je Bondye?"

[[[Mande pou yon elèv li Lik 18:22-27. Mande klas la: Kisa nonm sa te manke pou l te bon nan je Bondye?]]]

Repons Jezi a te demonstre kijan li te konnen kè lòm byen. Pwooblèm nonm sa se pat richès li, men pito, li t'ap viv pou pwòp tèt pa li. Se richès la ki te zidòl li, li te bay tout enèji 1 pou li, panse ak devosyon li. Si li te vle santi 1 reyalize nan lavi, li te dwe viv pou lòt yo, avèk menm pasyon ke li te viv pou pwòp tèt li a.

Diferans ant Jezi ak antrenè nan epòk sa yo kapab manifeste nan parabòl talan yo ki nan Matye 25:21.



- o Mande pou elèv yo konplete aktivite 2.
Aprè sa, mande yo pou yo pataje repons yo a avèk rès klas la.

Kòm nou te deja sot wè li nan pasaj sa yo, Bondye renmen lè nou fè plis pase sa ke lòt yo ap atann de nou. Objektif nou pou fè byen pa dwe mwayen pou nou fè ke lòt moun yo mete yo prè pou yo bay. Bonte a gen pou wè avèk ale pi lwen, se lanmou sensè, lanmou ki chèche okazyon pou fè plis byen ki posib pou lòt yo.

Nou wè lanmou sensè sa youn ak yon lòt fwa nan fason ke Jezi t'ap aji. Li fè bagay pou nou ke pèsòn lòt moun pa tante fè, epi li te fè yo paske moralman li te kòrèk nan je Bondye pou sa. Lè li t'ap mete lalwa an defi, li te padone fanm jenès yo, li pat repouse fanm ki te gen pwoblèm pèd lesan an ki te touche 1 la, men pito, li te geri li kòm rekonpans, li anpeche yo te kraze ak kout Wòch fanm yo te kenbe nan adiltè a, li te geri anpil moun ki malad nan jou repo a. Nan tout okazyon kote li te deside aji, li te toujou plase lalwa moral Bondye a avan tou. Youn ak yon lòt fwa, li te riske lavi li lè li pat ataque lalwa lòm nan, lè sa te aboli pa volante Bondye. Li te tonbe anba kritik tou, yo te mal entèprete li, oubyen idantifye li kòm ekstremis politik.

Jezi te reprann kèlkeswa moun ki ta menase byennèt entegral moun. Li te detwi maladi yo, li te chase demon yo, li te kalme tanpèt, li te akize lidè reliye yo epi li te fè tout sa avèk bonte li ki sen.

Jezi te fè anpil bagay ke pèsòn pat atann de li, se pa paske li te plis pase lòm, men pito paske li te pèmèt ke lavi li te sèvi yon kanal kote bonte Bondye te koule.

Li te siprann moun yo lè li te miltiplier pen ak pwason yo, men tou, lè li te tèlman ap soufri sou kwa a, li te mande Papa padon pou moun sa yo ki te mal trete li (Lik 23 :34). Nan tou de ka yo, sa ki te motive Jezi a se te menm lanmou ki chaje ak bonte ak mizèrikòd Bondye sa, yon lanmou ki pa anchaje li pou fè sa moun ap rete tann, men pito, pou akonpli sa ke Bondye vle.



• **Oryante elèv yo pou yo konplete activities 3 and 4.**

3. JOZÈF, MOUN LAVIL ARIMATE A

Anplis de Jezi, genyen de nan disip li yo ke moun rekonèt akoz de bonte yo nan Nouvo Testaman. Premye a se Jozèf, moun lavil Arimate a. Wòl li te tèlman enpòtan pandan dewoulman antèman Jezi a, non li site nan tout kat levanjil yo:

[[[Mande pou kat elèv li:
Mak 15:43-46, Lik 23:50-53, Jan 19:38-42 ak Matye 27:57-60.]]]

Lè nou obsève detay ke chak evanjelis yo rapòte, nou kapab konnen plis sou istwa Jozèf ak relasyon li ak Jezi. Jozèf se te moun lavil Arimate, yon vil ki te nan pwovens Jide nan yon distans de 35 kilomèt nan Nòdwès lavil Jerizalèm. Se te yon nonm ki te byen edike epi rich.

Sa fè depi byen lontan, Jozèf te disip Jezi, men li t'ap swiv li an sekrè, menm jan avèk Nikodèm, yo te manm Gran Konsèy Jerizalèm nan oubyen Sanedren an. Pa genyen ni youn nan yo de a ki te dakò avèk manm konsèy yo nan plan yo te fè pou arete epi kondane Jezi. Li pwobab pou yo te absan nan reyinyon sa ke yo te planifye byen rapid epi nan orè devan jou.

Bonte ak jistis Jozèf te manifeste nan kouraj ke li te genyen pou 1 te prezante devan Pilat epi mande kò Jezi a. Nan epòk sa yo, tout kò kriminèl ki pat gen fanmi ki pou reklame yo te konn rete sou kwa pou kaw ak chen mawon manje yo epi aprè sa, yo te konn antere rès yo nan yon twou ki piblik. Sof Jan, rès disip yo te rete byen lwen ap gade soufrans ak lanmò Seyè a epi aprè sa yo te kouri al kache. Men, Jozèf avèk aksyon bonte li te sove kò Jezi nan fen tris sa, nan sans sa li te byen konsève lanmò ak diyite mèt li a.

Youn nan kondisyon pou mande kò a, fòk moun nan te genyen yon tonbo nan Jerizalèm. Jan ansanm avèk Mari, manman Jezi te nan Galile epi yo pat genyen byen nan lavil la. Jozèf pran responsabilite sa epi li fè kado yon tonbo tou nèf ke li te achte pou li ak fanmi li. Tonm nan te fouye nan yon gwo Wòch e sa se te kado ke disip sa te fè mèt li kado.

Nikodèm te mete tèt li ansanm avèk Jozèf lè li te swiv koutim nan, yo prepare kò a avèk pwodwi awomatik ak banday pou plase li nan tonm nan. Aprè sa, Jozèf fè woule wòch la pou mete so sou tonbo a.

Sa ke Jozèf te fè lè li te prewokipe li epi anchaje li de kò Jezi pou ba li yon antèman ki gen onè, se yon aksyon admirab ki fè nou sonje li jouk jounen jodi a. Bonte li te pèmèt ke li te venk krent li epi fè sa ki te kòrèk nan je Bondye.

4. BANABAS

Disip sa ke nou pral pale de li la, li menm ke yo konsidere kòm moun ki gen bonte se te Banabas. Lè li te piti, yo te rele 1 Jozèf epi li te yon levit ki te moun zile Chip. Se disip yo ki te ba li ti non jwèt Banabas sa ki te vle di “konsolatè”.

Banabas se youn nan moun ke yo te plis respekte nan Legliz Jerizalèm nan. Premye fwa ke non sa te mansyone se te nan liv Travay 4 :32-37, nan okazyon kote ke li te vann yon teren epi pote lajan bay apot yo pou ke yo te founi tout bezwen kominote lafwa ki te fenk pran nesans lan. Tout moun te rekonèt li pou jenewozite ak onètete li.

[[[Mande pou yon elèv li Travay 11:22-26. Aprè sa, mande klas la: Ki lòt kalite espirityèl ke ekriven Lik mansyone ke Banabas te genyen?]]]

Banabas te demontre aksyon li yo ke li te yon moun ki te ranpli avèk Sentespri a. Banabas te genyen yon don ki pat tèlman komen, li te kapab wè kapasite moun yo, jèn yo sitou. Nan Travay 9:26 ak 31, Li di ke lè ke Pòl te rive nan lavil Jerizalèm pou prezante devan apot yo, pou li te reyini nan Legliz la, yo pat vle resevwa li paske yo pat kwè nan konvèsyon li a epi yo tout te pè. Men, Banabas te passe men pran Pòl, li te chita pou koute istwa 1 la epi li te konvenki dèsk Jezi te chanje kè Sòl. Aprè sa, li te itilize enflyians li yo, espesyalman avèk Jak ak Pyè pou ke yo tout te reyini avèk Pòl. Banabas te prezante Pòl epi li te sipòte istwa 1 la. Kòm rezulta, Pyè tou te konvenki epi te envite Pòl pou 1 te rete avèk yo pandan de semèn. Se sa konsa ke Pòl te rive antre nan ekip ministeryèl disip yo nan Jerizalèm. Akoz de bonte, Banabas te gen kouraj pou yo rete bò kote Pòl nan yon moman tèlman enpòtan pou lavi kretyèn li. Si Banabas pat kanpe nan favè Pòl, istwa a t'ap diferan.

Aprè sa, Banabas te jwenn komisyon pa mwayen apot yo, li pati pou l'al nan Legliz Antyòch ki te nan mitan yon gwo epòk konesans, akoz de temwayaj manm legliz yo, men yo pat genyen antrenè ak predikatè pou fè ansèyman nan lafwa Jezi a (Travay 11:1-22). William Barclay di osijè de desizyon sa: “*Pa lagras de Dye, yo te voye moun ke yo te voye yo. Yo ta kapab voye yon moun avèk yon mantalite ki rèd epi byen di ki ta kapab lalwa tounen yon dye epi ki ta kakab konsève prensip avèk règ yo; men yo te voye nomm ki te genyen kè ki pi gran nan tout Legliz la. Yo te voye Banabas*”.

Lè Banabas te wè sa ki te rive ya epi plis ak plis moun ki soti nan plizyè ras ak kilti diferan te vini mete ajenou nan pye Kris la, li te chèche sipò yon moun ki plis prepare pase li. Pòl se te moun sa ke nouvo legliz la te bezwen ak Banabas te fè richès li, li mete li apa pou travay la. Yon fwa ankò, bonte Banabas la manifeste li nan pozisyon pou pèmèt ke legliz la grandi.

Nan chapit 13:1-3, yo di nou ke aprè kèk ane nan ministè Pòl ak Banabas te antrene plizyè antrenè nan Antyòch. Legliz la te déjà gen lidè espirityèl epi yo te pati pou fonde plis legliz nan lòt vil yo. Nan kòmansman, Banabas te lidè ekip misyonè a, aprè sa, Pòl pran ministè a an chaj. Banabas te fè yon ti panche epi okipe dezyèm plas, lè ke sa te antre nan favè avansman misyon yo. Aprè plizyè ane sèvis ansanm, Banabas ak Pòl separe epi yo pat janm tounen vin mache ansanm ankò nan misyon an.

[[[Mande pou yon elèv li Travay 15:36-41. Mande klas la: Kisa ki te motif separasyon sa?]]]

Pòl pat vle mete konfyans li nan Mak ankò pliske li te abandone yo nan yon tan. Konfli ant Pòl ak Banabas la te yon bagay ki serye epi Banabas pat bay legen. Yon lòt fwa ankò, nou wè ke Banabas te bay tout li menm pou yon jèn li te wè yon gwo kapasite nan li pou avansman wayòm Bondye a. Banabas te defann epi akonpanye Mak, menm jan ke li te fè sa pou Pòl sa fè plizyè ane ki deja pase epi li te mennen li avèk li pou ale nan zile Chip. Aprè sa, non Banabas pa janm tounen site nan liv Travay la ankò. Selon tradisyon an, jwif ki te lènmi kretyen yo te bat epi touye Banabas nan zile Chip epi Mak te kapab kouri epi chape poul li pou antre nan rejjyon Aleksandri, kote ke li te sèvi kòm antrenè ak predikatè legliz la pandan plizyè ane.

Bondye Banabas la te pèmèt li mete tout tan li apa pou 1 te fòme jèn gason sa, pandan ke anpil lòt moun pat kwè nan li. Nan kèk ane pi ta, pandan ke Pòl te fèmen nan prizon nan lavil Wòm, li te rekonèt li epi ekri Timote Pawòl sa yo: “*Se Lik sèlman ki la avèk mwen. Pran Mak avèk ou lè w'ap vini. La ban m' yon bon kout men nan travay la*” (2 Timote 4:11). Mak te demonstre ke li se yon sèvitè ki te enpòtan pou legliz la, li te rete bò kote Pyè tou pandan ministè li epi te rive vin kòm yon pitit pou apot la (1 Pyè 5:13). Mak tou te otè premye levanjil ki te sikile nan legliz yo nan epòk sa yo.



.....◦ **Gide elèv yo pou ke yo konplete aktivite 5.**



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Dilijan:** Moun ki deside kòman pou 1 aji nan chak moman, nan pran devan nan tout evènman yo, nan aji avèk desizyon ak kreyativite pou bay solisyon ak pwoblèm yo. Li fè referans ak entèvni nan yon sitiyasyon, pou pote èd li san ke pèsòn moun pa mande li.
- **Sanedren:** Gran konsèy Jerizalèm nan ki te konpoze de 71 manm, yo tout te sòti nan branch fanmi jwif yo. Pami yo, te genyen plizyè paran chèf prêt la, ansyen avèk eskrib yo. Sou pèmisyon Gouvènman Women an, Gran Konsèy sa te konn jije ka ki plis enpòtan yo epi li te kapab kondane a mò, men, kondannasyon sa te dwe konfime pa reprezantan women an.
- **Toleran:** Moun ki pran plezi li nan gou ak dezi ji ajen, li toujou eseye evite konfli oubyen fè lènmi.
- **Pèmisiv:** Se moun ki toleran depase, ki bay lòt pèmisyon avèk fasilité pou pèmèt ke li fè nenpòt sa ke li vle, san enkyete li pou konsekans yo oubyen byennèt moun sa oswa moun ki nan antouraj li yo.



Rezime

Lanmou sensè a gen relasyon avèk yon aksyon ki jis epi jenere, nan tout okazyon ak sikontans lavi a. Se yon bonte ki pa tonbe anba enfliyans pa mwayen opinyon lòt moun, ni pa mwayen kondwit li, men pito, li chèche fè bagay yo selon plan Bondye yo. Moun ki gen bonte a pran pwòp desizyon li yo, li pran plas li bò kote moun ke yo pa konprann yo, li pran pasyans ak moun ki pi fèb yo ak moun ki fenk ap aprann yo, li kwè nan kapasite moun yo epi akonpanye yo pou ke yo kapab rive bay sa ki pi bon de yo menm pou wayòm Bondye a. Yon moun ki ranpli avèk bonte Bondye a remèt pwòp tèt li epi tout sa li genyen se pou pèmèt ke lòt yo kapab konnen epi grandi kòm disip Jezi yo.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Siyale nan lis la kèk sitiyasyon ke w te viv, kote ke yon aksyon bonte pat kapab parèt kòm aksyon jantiyès pou moun ki pwotagonis la.

- ___ Vaksinen yon ti moun piti
- ___ Netwaye yon blese ki enfekte
- ___ Plase yon zo ki sòti nan plas li
- ___ Sakrifye yon cheval ki blese
- ___ “Fè dòmi” yon ti chen ki vye anpil epi malad
- ___ Etabli plizyè politik kont konsomasyon alkòl oubyen dwòg
- ___ Entèdi yo vann ti moun yo manje ki mal prepare nan lekòl yo
- ___ Epanye adolesan an de move zanmitay yo
- ___ Pa dakò van yon medikaman san preskripsiyon.

AKTIVITE 2

Reponn kesyon sa yo, aprè w fin li pasaj ki siyale yo.

- a. Ki sèvitè sa yo ki te resevwa kalifikasyon bon ak fidèl nan Matye 25:14-28?
- b. Kisa sèvitè yo te reprann nan te fè?
- c. Konbyen bagay nou menm kretyen yo nou sispann fè akoz de parès?
- d. Ki resanblans ou jwenn ant parabòl sa ak Jak 4:17?
- e. Pou Bondye ki relasyon ki egziste ant parès ak peche?

AKTIVITE 3


Li paragraf sa epi apre sa, reponn: kòman ansèyman sa aplike ak sitiyasyon mwen an kounye a?

“Bonte Bondye nou an dwe reflete nan konpòtman nou. Efezyen 5:8-10 di konsa: ‘Nan tan lontan, nou te nan fènwa. Men koulye a, paske n’ap viv ansanm nan Seyè a, nou nan limyè. Se sa ki fè, fok nou mennen tèt nou tankou moun k’ap viv nan limyè a. Paske, limyè a fè moun fè bagay ki bon, bagay ki dwat ak bagay ki vre. Chache konnen sa k’ap fè Seyè a plezi’.

Men genyen anpil moun ki konfonn tolerans ak bonte, endiljan oubyen pèmisiv, sa vle di pa di anyen fas ak fot yo oubyen fè pòz li pa wè peche a. Men, Bib la anseye ke nou pa kapab separe mizèrikòd Bondye a de jistis li, pa genyen ni youn ki pi gwo pase lòt. Nou pa kapab mete nan tèt nou ke paske Bondye bon, nou kapab fè tout sa ki vini nan lide nou, pliske de tout fason nou pap jwenn okenn pinisyon.”

AKTIVITE 4

Mansyone kèk nan lalwa peyi w la ki pa ta dwe dirije lavi kretyen yo, pliske yo kanpe kont lalwa moral bondye a. Lalwa moral bondye a rezime an 10 kòmandman yo. 4 premye yo fè referans ak renmen bondye epi 6 lòt yo se pou renmen pwochen an. Jezi rezime lalwa moral bondye a an gran kòmandman ki nan Matye 22:37-39.



AKTIVITE 5

Reponn kesyon sa yo pou fè yon evalyasyon de nivo bonte ke lavi w montre. Aprè sa, ekri objektif pèsònèl ou yo pou w fè kalite lanmou ki sensè a pi efikas.

- Ki konpòtman Jezi ke nou dwe imite selon 1 Pyè 2:21-23? Nan ki konpatiman mwen plis bezwen pratike bonte a, jan Jezi te fè 1 la?
- Ki egzanp ke mwen dwe swiv nan lavi Jozèf, nomm laval Arimate a? Nan ki sitiyasyon mwen pral kòmanse montre lanmou sensè sa, menm jan ke Jezi te fè 1 la?
- Ki karakteristik lanmou sa yo ki mansyone nan 1 Korentyen 13:4, ki te la nan lavi Banabas? Kilès ladan yo ke mwen dwe amelyore nan lavi mwen?
- Nan ki sitiyasyon nan katye m nan ke moun yo bezwen pou ke nou menm kretyen yo nou aji pou vin kèk enstriman ki vizib pou defann valè moral wayòm Bondye yo?
- Ki chanjman ke mwen bezwen fè nan fason ke m'ap panse ak aji pou m vin yon enstriman ki vizib nan bonte Bondye k'ap manifeste nan mond lan?



Lanmou ki Pèsevere a

Leson 9



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Konnen** tout karakteristik lanmou ki solid la, dirab, konfyab epi fidèl.
- **Evalye** nivo lafwa li oubyen konfyans nan Bondye.
- **Reflechi** nan danje yo pou baze sou tout desizyon nou yo epi aji nan eta dam nan.
- **Identifye** tout zòn devlopman li yo kòm disip kote ke li bezwen yon angajman ki plis sere.



Resous Yo

- Ekri nan 5 moso papye oubyen papye bristòl, ak gran lèt nan yo chak, youn nan mo sa yo: manti, mank de konfyans, endiy, enfidelite, enfòmalite.
- Nan 5 lòt mòso papye oubyen bristòl ki gen menm gwosè a, senk lòt mo: verite, konfyans, fidelite, fòmalite.
- Tape oubyen kole mòso papye yo sou tablo a.

Entwodiksyon]]]

Kalite lanmou sa ki se fwi Lespri a ki nan Galat 5:22-23, tradwi nan plizyè vèsyon kasteyann diferan nan Bib la kòm: fidelite, onètete epi tou kòm lafwa oubyen genyen konfyans nan Bondye. Vokabilè grèk ke Pòl itilize a se pistis ki dekri non sèlman yon moun ki kwè, gen konfyans, gen lafwa, men tou tankou yon moun ki fidèl, ki serye oubyen kredib.


[[[Distribye senk mòso papye avèk mo yo sou tab la:
manti, mank de konfyans, endiy, enfidelite, enfòmalite. Aprè sa,
mande pou ke elèv yo fòme 5 gwoup epi pou chak gwoup chwazi yon mo.]]]



- Oryante elèv yo ki te déjà prepare yo pou ke yo konplete aktivite 1.
Lè yo fini, mande yo pou ke yo pataje repons yo a avèk rès klas la.

Chak mo sa yo: manti, mank de konfyans, endiy, enfidelite, enfòmalite, genyen kontrè yo, sa vle di, yon mo ki dekri atitud oubyen konpòtman kontrè.

[[[Mete 5 lòt mòso papye yo ki genyen mo tankou verite, konfyans, fidelite, fòmalite.
Aprè sa, mande elèv yo pou ke yo rasanble mo yo pou yo jwenn sa ki dekri atitud oubyen kondwit kontrè a. Plase de mo ki kontrè yo sou tablo a ki ta dwe rete jan sa endike la. Ajoute senbòl yo plis oubyen mwens, epi eksplike elèv yo ke sa kalite ki nan kolòn agoch la ke Lespri Bondye vle ki pou devlope nan lavi nou, e poutan, sa ki nan kolòn adwat yo dwe rejte nan lavi tout disip Jezi yo.]]]



Se 5 kalite sa yo ki dwe grandi nan lavi nou: konfyans, sètitid, fidelite, pèseverans ak verite, yo se bagay ki relye yo avèk nevyèm karakteristik fwi Lespri ke nou pral etidyé nan lesón sa.

1. KONFYANS

Youn nan premye lesон ke nou aprann an jeneral ak nan lavi kreyèn nan an patikilye, se mete konfyans nou nan lòt yo. Rive fè lòt moun avèk tèt pa nou konfyans se yon bagay ki endispansab pou yon devlopman mantal ak emosyonèl efikas. Men sa ki plis enpòtan an se aprann mete konfyans nan Bondye. An reyalite, nou pa t'ap kapab grandi nan lavi kreyèn nan epi kiltive yon relasyon lanmou ak zanmitay avèk Kreyatè a si nou pa aprann mete konfyans nou nan Li. Oze 12:6 di konsa: “Konsa, nou menm ptit ptit Jakòb yo, tounen vin jwenn Bondye nou. Pa janm sispann renmen l’. Fè sa ki dwat devan je li. Pran pasyans! Toujou konte sou Bondye”.

Bondye anseye nou pou ke nou mete konfyans nou nan Li pandan ke l'ap demonstre ke li se yon Bondye ke moun kapab fè konfyans, yon Bondye ki akonpli pwomès li.

[[[Mande pou yon elèv li Jozye 23:14. Aprè sa, mande klas la: Ki asirans ke Jozye te genyen?]]]

Lavi yon kreyen vin byen diferan lè li aprann mete konfyans li totalman nan Bondye. Se pandan, mete konfyans lan se pa yon bagay ki fasil pou tout moun, sitou lè moun nan konn abitye fè move eksperyans avèk anpil lòt moun ki te déjà trayi konfyans li.



◦ Mande pou elèv yo konplete aktivite 2.

Jan ke nou sot déjà wè li nan pasaj ki nan Oze 12:6 la, nou dwe pran desizyon pou nou mete konfyans nou nan Bondye, nan tout moman ak sikostans. Nou demonstre ke nou kwè nan pwomès li yo lè ke nou obeyi li, pa egzanp, lè nou peye ladim. Lè ke nou peye ladim epi bay ofrann avèk libète, Bondye kapab wè ke nou konfye nou nan pwomès li yo ke li va ban nou tout sa ke nou manke (Filipyen 4:19).



◦ Mande pou elèv yo konplete aktivite 3.

Jan nou sot wè sa nan aktivite 3, nan Bib la, yo ankouraje nou mete tout konfyans nou nan Bondye. Nou pa kapab renmen Bondye avèk tout kè nou si nou pa mete konfyans nou nan Li. Nou dwe rejte tout krent nan lavi nou epi aksepte ke Bondye se èt ki plis konfyab nan linivè a, li menm ki pap janm fè nou wont.

2. KONFYANS OUBYEN LAFWA

Sa ki kontrè ak enfilit se konfyans, se li menm tou ke nou rekonèt kòm lafwa. Nan lavi kreyen an, moun kapab fè eksperyans avèk plizyè nivo lafwa. Nan kòmansman eksperyans lan kòm disip Jezi, lafwa delivrans lan parèt. Sa se lafwa, ke lè nou mete atansyon nou, sa fè ke moun ki nan penitans lan mete konfyans li nan Jezi ki se Kris la totalman pou resevwa padon pou peche 1 yo ak pwomès lavi ki pap janm fini an.

[[[Mande pou yon elèv li Women 10:8-9. Mande klas la: Kisa yon moun dwe fè pou I netwaye peche li yo epi resevwa kado lavi ki pap janm fini an?]]]

Sèl kondisyon pou rive genyen lavi ki pap janm fini an se kwè epi konfese.

Dezyèm nivo lafwa a se lafwa kòm yon don. Sa se lafwa ki parèt nan lis kado espirityèl yo nan 1 Korentyen 12:1-11. Don lafwa a fè referans ak yon kado Lespri a ke kèk kreyen yo resevwa, ki

pouse yo mete yon lafwa an pratik ki pi gwo pase pa lòt kreyen yo. Moun ki don lafwa sa yo rive atenn gwo objektif pou wayòm Bondye a, paske tout sa ki parèt enposib pou lòt yo, yo menm yo konsidere 1 kòm bagay ki posib. Se ak lafwa sa ke Jezi te fè referans nan parabòl gress seneve a.

[[[Mande pou yon élèv li Matye 17:20.]]]

Nou tout kapab devlope don lafwa sa, si nou aprann mete konfyans nou nan Bondye epi nou sispann wè obstak yo kòm baryè ki enposib pou travèse.

Twazyèm nivo lafwa a se lafwa kòm fwi. Sa se lafwa ki entèrese nou pou etid lafwa Lepri a. Mo grèk pistis la vle di depoze nenpòt sikorans nan lavi, tout konfyans nan Pawòl Bondye ak zèv li yo. Fwi lafwa manifeste nan asirans sa ke Bondye la avèk nou tout kote ke nou ye, nou kapab konte sou Li ak fidelite li avèk tout fòs nou.

Lafwa ki se fwi Lepri a se yon lafwa ki diferans paske li toujou pozitif, epi yon lafwa ki gade moun yo ak lavni avèk esperans, paske li genyen tout konfyans li ke Bondye pral akonpli pwomès li yo. Se lafwa sa ki fè nou genyen lajwa nan mitan eprèv yo, se sa ki fè nou chante louwanj pou Bondye nan mitan difikilte yo, se lafwa ki gade pi lwen, sa ki kwè ke genyen yon plan Bondye pou tout bagay ak tout moun.

Se lafwa sa ki gade pi lwen pase siksè chak jou yo epi ki konfyé li nan Bondye ki se Seyè istwa lavi a. Se lafwa sa ki pouse nou patisipe ak tout sa ke nou ye ak tout sa ke nou genyen, nan plan restorasyon li pou limanite, pandan ke n'ap devlope ministè ke li te rele nou vin akonpli a avèk jwa ak esperans.

3. FIDELITE AK PÈSEVERANS

Lafwa a dwe repons natirèl kreyen an bay fas ak fidelite Bondye. Lafwa, fidelite ak pèseverans mache ansanm, youn pa kapab pratike san lòt la. Men... Èske sa se yon bagay ki fasil pou nou pratike fidelite nan tan ke n'ap viv la? Pa genyen anyen ki sanble trankil nan antouraj nou. Gouvènman yo chanje, moun yo kontinye ap chanje opinyon, chanje langaj, chanje madanm ak mari, chanje teknoloji, chanje mache ak valè lajan. Nan konteks yon chanjman tèlman sovaj tankou nan sa ke n'ap viv la, sanble ke fidelite a pase mòd.

Nan kilti konsomasyon ke n'ap viv la, nou aprann bay chanjman yo enpòtans. Asireman, gwoup ki vin jwenn avantaj nan chanjman sa yo se antrepriz yo ki vle vann nou pwodwi ke yo mete sou mache a. Pou kisa ke pwodwi desetchab yo atire nou konsa?

Se yon bagay ki senp: Paske yo pa vle pou nou rekipere yo. Si nou pale pa egzanp de plat, kiyè, fouchèt, kouto, vè, napking, nou pap genyen pou nou lave yo, seche ak sere yo. Nou di ke nou prefere bagay sa yo paske yo pi bon pou nou. Se nan menm fason an, pa genyen anpil enterè pou nou repare bagay ki kraze yo, li pi fasil ak rapid pou nou achte yo ankò.

Anplis de kontaminezon atmosfè a, pwoblèm nan se paske nou aprann trete moun menm jan ke nou bay bagay materyèl yo valè a. Jodi a, antrepriz yo pale de "mete men nan bagay anbwate yo", sa vle di yo se anplwaye ki pa la pou toutan nan travay la oubyen ki travay mwatye tan epi ki resevwa yon ti salè ki pa anpil, epi yo resevwa yon ti benefis ki byen pòv. Nan sans sa, antrepriz la pa mare pye li avèk ouvriye sa yo ke li kapab ranplase yo nenpòt lè ke yo pap bezwen yo ankò.

Jodi a, menm jan ke nou detache nou byen fasil avèk objè ke nou rele "anbwate" yo, se avèk anpil fasilité ke nou detache nou de zanmi nou yo, madanm ak mari, travay, legliz la tou. Nou kapab wè sa byen klè nan kalite relasyon ke koup yo ap mennen kòm moun ki marye. Y'ap viv nan

menm kay, san obligasyon, mòd la retounen. Verite a se paske pa genyen okenn “anchènman” pa genyen angajman avèk yon relasyon ki dire pou lontan. Jodi a, fidelite ak entegrite a nan yon tan ki pwolonje konsidere kòm yon obstak pou libète endividyle yo.

Nou pa menm fè efò ditou pou ke nou repare relasyon ki kraze yo. Lè ke fason ke n'ap abòde lòt moun vin difisil, sa ki pi fasil la se pran malèt epi ale lòt kote, nan menm fason an ke lè ke nou pa renmen yon pwodwi ankò: Nou selman chèche lòt. Se nan menm fason an, lè bagay yo pap mache jan ke mwen ta renmen an nan legliz la, pèsonèlman, mwen chèche lòt legliz pou m ale.

Kilti anbwate a kontré ak angajman ki pwofon. Nan kontèks nou an, valè pou nou angaje nou avèk yon bagay oubyen yon moun se yon bagay ki fin pèdi nèt. Nou fè tout tan nou ap chèche bagay ki tou nèf, chanjman, nouveau eksperyans, se kòm si nou ta ap chèche fason pou nou jwenn yon bagay ke nou te manke. Lide ke yon bagay kapab rete dirab pou anpil tan pa yon bagay ki sonnen menm jan nan yon atmosfè kote ke tout bagay chanje detanzantan. Fidelite ak angajman yo sanble abitid ki déjà pase mòd.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4.

[[[Aprè sa, mande elèv yo si yo gen koneksyon entènèt sou telefòn yo, pou yo chèche fraz “kretyen san angajman” epi wè konbyen sit web k'ap prezante tèm nan. Aprè sa, mande klas la: kòman kesyon mank de angajman kilti ki antoure nou yo afekte nou kòm kretyen?]]]

Nan atmosfè endividyalis ke n'ap viv kounye a, moun yo vle gen libète pou fè sa ke yo vle avèk lavi yo, san okenn chèn pa mare pye nou. Yo vle genyen libète pou chanje opinyon ak chwazi ant plizyè opsyon toutan. Yo prefere di... “m'ap rive lè mwen kapab oubyen m'ap wè si mwen kapab”. Sa vo pou di, “piga nou konte sou mwen” oubyen “mwen prale si mwen pa jwenn yon bagay pou m fè nan week-end lan”. Avèk eskiz sa yo, nou tante fè moun dakò avèk nou, sa yo demonstre ke nou pa vle pou okenn angajman limite libète nou. Pou ke nou konsève endepandans ak libète nou, nou asire nou pou ke pèsòn pa konte sou nou.

Sa nou wè kòm rezulta konpòtman endepandans sa, se moun ki santi yo sèl konplètman, yo genyen yon gwo vid andedan kè yo, yo inyore ke sa yo gen bezwen se kiltive relasyon damou pwofon, zanmitay, konfyans epi pou yo rive jwenn sa, fòk yo etabli yon angajman ki dirab.

Nou pat kreye pou nou etabli relasyon ki pa dirab, nati nou kòm moun bezwen kilti relasyon zanmitay pwofon yo. Kouri lwen angajman nan relasyon yo fè nou malad.

Men, piga nou twonpe tèt nou : Li pa posib pou ke nou se vrè pitit fi ak pitit gason Bondye san angaje nou avèk fidelite. Depi nan tan Ansyen Testaman, kretyen yo te konnen ke Bondye reponn fidelite nou avèk fidelite.

[[[Mande pou yon elèv li Sòms 101:6.]]]

Salmis la fè konnen ke Bondye genyen je li fikse sou moun sa yo ki fidèl avèk Li, li chwazi moun sa yo pou sèvi li epi pou yo toujou viv toutan nan tèt ansanm. Se nan moun sa yo ke Bondye mete konfyans li, paske avèk aksyon yo, yo demonstre jan yo fidèl. Moun ki fidèl yo se moun ki genyen yon konpòtman ki san repwòch. Yo pa pafè, paske yo pa egzante pou yo komèt erè, men yo onèt nan relasyon yo avèk Seyè yo a avèk lòt moun.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 5.

Menm jan sa te pase avèk nou, Bondye prefere travay epi viv avèk moun ki konfyab, avèk moun ki fidèl.

4. VERITE KONT ONÈTETE KI SOU KONDISYON

Lòt nan karakteristik moun nan tan kounye yo, se ale nan direksyon ke emosyon yo voye yo. Nan antouraj nou, nou kapab wè moun ki panse ke yo pafè, sèlman lè yo pran desizyon ki baze sou jan ke yo santi yo. Rezilta a se paske moun yo sèlman fè yon bagay si yo gen “anvi”, mwen pral legliz la si mwen gen anvi oubyen mwen pral netwaye aprè, lè mwen anvi fè sa...èske nou konn abitye tandem fraz sa yo?

Sa k'ap pase a se paske nou pratique yon onètete pou nou menm, men se pa yon onètete ki pa domine pa mwayen prensip oubyen valè ke nou adopte pou lavi nou, men pito, angajman nimewo nou an se anvè fason ke nou santi nou.

Yon lòt fason yo anseye nou pratique onètete nan kilti kontanporen an, se nan konpòte nou kèk fason, sa vle di, kontinye “règ jwèt yo”. Pa egzanp, si mwen bay manti pou yon zanmi, mwen demontre onètete mwen nan favè li. Li akseptab pou mwen fè nenpòt bagay ilegal nan antrepriz la, se nan fason sa ke chèf yo ap atann pou m demontre fidelite mwen. Se yon bagay ke tout zanmi nou yo ap atann pou ke nou toujou defann yo nan tout bagay, pa egzanp, nan twonpe manman nou, mennaj nou oubyen pwofesè a. Yo konsidere zanmi konsa kòm yon moun ki fidèl. Se pandan, si yon zanmi fi di nou ke li pap apiye nou nan yon manti, nou doute de fidelite ak kalite amitye li a.

Sayil avèk Samyèl tou te viv nan yon kontèks ki te genyen anpil chanjman. Te genyen yon nouvo fòm gouvènman ki te fenk ap tabli kò li nan peyi Izrayèl, pandan ke yo te toujou ap viv nan lagè akoz de konkèt tè Kanaran, kont pèp lènmi yo. Li te konn chanje fòm ke Bondye te konn pale avèk pèp li a. Se Samyèl ki te dènye jij epi premye pwofèt la, e poutan, te genyen yon gran diferans ant Sayil ak Samyèl epi sa te gen pou wè avèk angajman yo, avèk onètete kote ke yo tou de a te baze desizyon yo.

[[[Mande pou yon elèv li 1 Samyèl 13:1-13.]]]

Nan pasaj sa a, nou wè ke Sayil se te yon wa ki pat pran angajman ki serye. Menm jan ak anpil lòt moun jounen jodi a, yo gade kijan yo santi yo pou yo pran desizyon yo epi aji nan lavi yo. Nan ka pa Sayil la, li te kite emosyon 1 pote li, li te fè tout fanmi li detwi epi mete tout fanmi lòt nasyon yo an danje. Ann pa bay tèt nou manti, tout sa ke nou fè nan lavi n'ap gen rekompans.

5. MISYON YON LEGLIZ KI FIDÈL

Byen rapid, legliz evanjelik la gentan kòmanse grandi nan tout mond lan. 122 pouasan ant 1900 ak 2000 evanjelik grandi nan mond lan, pandan ke legliz katolik grandi yon 6 pouasan epi legliz ôtodòks grandi 50 pouasan. Sa rive fèt akoz de gwo angajman ak fidelite ke legliz evanjelik la montre avèk evanjelizasyon, konpasyon kretyèn ak plantasyon legliz nan tout kilti, sitou nan dènye 200 lane yo.

Se pandan, legliz evanjelik kounye a genyen yon gwo feblès epi sa se akoz de ti pwofondè espirityèl. Nan Amerik Latin nan jodi a, pi fò nan kretyen yo gen pwoblèm espirityèl.

Jodi a n ap fè fas ak youn nan pi gwo defi nou pa janm konnen nan tout istwa legliz la, ki se fòme gwo ekip moun ki kwè sa yo, pou ke yo kapab vin gen matirite ak angajman avèk sentete nan lavi yo. Men n'ap kapab pote solisyon ak pwoblèm sa sèlman si lidè ki espirityèl yo angaje yo pou yo nan fè fòmasyon pèp Bondye a, olye pou yo konsantre yo sèlman nan fè anpil pwogram

enteresan, pou atire ak distrè yon foul moun. Lè ke legliz la soufri de yon gwo angajman avèk kesyon fòmasyon disip ki pou transfòme lavi yo a, sa bay pou rezilta anpil kretyen fèb, enkonstan ak san angajman. Jodi a, Bondye ap rele lidè yo pou yo vin reyalize wòl prensipal yo te aple pou yo te fè a.

[[[Mande pou yon elèv li Efezyen 4:11-16. Aprè sa, mande klas la: Ki responsablitè prensipal ke Bondye bay lidè legliz yo?]]]

Objektif lavi kretyen an se aprann viv nan sentete, nan swiv modèl Jezi ki se Kris la. Sa se Gran Komisyon ke Jezi te bay legliz la lòd akonpli ak apèl primòdyal lidèchip li a. Pwogram evanjelizasyon nou yo dwe oryante moun yo vin pran yon angajman avèk yon fòmasyon disip ki pwogresif pou ke yo kapab genyen siman espirityèl ki solid kote lavi ak ministè yo kapab bati.

6. MISYON LANMOU K'AP PÈSEVERE A

Jan ke nou sot deja wè sa nan pwen avan yo, bon kalite lanmou fidèl sa pa jwenn moun ki byen konprann ak pratike li nan antouraj nou. Sepandan, nou menm ki se disip Jezi, nou genyen kòm responsablitè pou ke nou devlope kalite fwi Lespri a.

Genyen kat karakteristik nan lanmou sa ke nou dwe pratike nan lavi nou.

[[[Montre elèv yo grafik la: Misyon lanmou k'ap pèsèvere a, nan aktivite 6.]]]

Nou kapab wè nan grafik sa, kòman atravè yon pwosesis fòmasyon disip k'ap gide nouvo kwayan an nan pran angajman li avèk Jezi ki se Kris la, pèp ak misyon li a. N'ap obsève nan dezyèm kolòn grafik la, tout senk angajman ke nou menm kretyen yo nou responsab pou ke nou anseye nouvo konvèti yo rive vin manm ki genyen yon lanmou ki solid, dirab, konfyab epi fidèl:

- a). Angajman pou viv antan ke disip Jezi ki sen, ki genyen gwo rasin ki pwofon nan Pawòl Bondye a (Kolosyen 2 :5-7).
- b). Angajman avèk legliz lokal la ak ministè a. Anseye yo pou ke yo toujou fidèl nan prezans yo, ladim ak ofrann yo.
- c). Agajman avèk travay Bondye a nan mond lan. Anseye yo pou ke yo konsakre lavi yo nan sèvis Bondye, nan sèvi lòt yo pa mwayen pratik kado espirityèl yo epi konfòm avèk apèl endividylek ke yo genyen.
- d). Angajman avèk pwòp developman ak fòmasyon entegral pou pèmèt yo reyalize yon ministè ki efikas devan Bondye, devan pèp li a avèk mond lan.



.....◦ Mete fen ak klas la avèk aktivite 7 ak tan angajman an avèk lapriyè a.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Senserite:** Karakteristik yon moun ki montre tèt li jan ke li ye a, moun sa genyen idantite ak fason ke 1 ye klè epi ki gen pou wè ak valè 1 ak kwayans li yo tou.
- **Kwayans:** Kwè epi dakò avèk sa lèzòt yo di oubyen avèk kèk lide oswa kwayans. Nan ka pa kretyen yo, se kwè nan Pawòl Bondye ak pwomès li yo.
- **Senserite:** Karakteristik yon moun ki montre tèt li jan ke li ye a, moun sa genyen idantite ak fason ke 1 ye klè epi ki gen pou wè ak valè 1 ak kwayans li yo tou.

- **Kwayans:** Kwè epi dakò avèk sa lèzòt yo di oubyen avèk kèk lide oswa kwayans. Nan ka pa kretyen yo, se kwè nan Pawòl Bondye ak pwomès li yo.
- **Kilti konsomatè a:** Kalite lavi pou atenn ak rasanble byen nan yon fason ki egzajere epi ki pa toujou yon bagay ki nesesè. Jodi a, anpil maryaj kraze epi anpil lòt moun ap viv avèk gwo dèt akoz de itilizasyon kat kredi, pou yo achte yon bann pwodwi ki pa menm nesesè, sèlman akoz ke yo vle chanje modèl oubyen paske yo vle alamòd.
- **Anbwate:** Kalite lavi konmatè a pa asosye ak avantaj ke moun kapab fè sou pwodwi yo, sa ke y'ap gen bezwen aprè yon tan kounye a déjà voye jete nan fatra oubyen fè kado. Anpil nan pwodwi sa yo itilize yon sèl fwa, sa ki bay anpil pwoblèm nan atmosfè a.
- **Enstabilite:** Mank de stabilite oubyen pèseverans nan yon bagay. Fasilite pou chanje opinyon, fason panse, chanje konjwen, zanmi ak anpil lòt bagay ankò.
- **Lafwa kòm kado:** Kado lafwa a se kapasite ke moun nan genyen pou 1 mete konfyans li nan Bondye, pou 1 satisfè bezwen ki reyèl yo nan yon fason mirak, avèk yon asirans ki fèm ke l'ap jwenn repons. Se pa yon lafwa ki san sans, men pito se yon lafwa ki baze sou pwomès li yo, nan konesans lanmou ak konviksyon ke kòm moun epi legliz la, n'ap sèvi konfòm ak plan Bondye epi nou mande selon volonte li (Matye 17:20). Kretyen ki gen don lafwa yo gen kapasite pou ke yo ankouraje lòt yo mete konfyans yo epi rete tann pwovizyon Bondye nan yon sitiyasyon detèmine.
- **Veridik:** Se yon moun ke tout moun kapab mete konfyans nan li paske li toujou pale laverite epi li onèt oubyen fidèl.
- **Fidelite:** Se yon moun ki rete fidèl ak yon lòt. Nou kapab fè referans ak yon moun ki toujou rive a lè tou oubyen yon moun ki vrèman responsab lè li gen pou 1 jwe kèk wòl.
- **Endividyalis:** Se tandans pou panse ak aji yon fason ki endependan, san moun sa pa rete atache ak nòm oubyen koutim ki an valè yo, menm si se nan sosyete a oubyen nan yon gwoup moun. Konpòtman sa defann siperyorite dwa endividylèl yo sou dwa tout lòt moun yo. Orijin mo sa sot fè yon sèl avèk tèm "endividylèl" ak "is", se poutèt sa ke panse endividyalis la atache ak peche egois, vanite, egolatri (pran pwòp tèt yo pou dye) ak rebelyon fas ak otorite ki soti nan Bondye.
- **Onètete:** Yon moun ki onèt se yon moun ki toujou montre yon fidelite ki pa chanje, pa egzanp anvè yon moun, anvè yon koz oubyen objektif nan lavi li. Se yon moun ki gen lonè, déjà nan tout okazyon, li mache sou anpil nòm ak prensip ke li adopte pou lavi li.
- **Pèseveran:** Yon kretyen ki gen pèseverans se yon kretyen k'ap mache avèk Kris jouskaske lavi li fini (Ebre 12:1). Konsève relasyon avèk Bondye chak jou se responsablite kretyen an, déjà ke si li neglige relasyon li avèk Bondye, li kapab retonbe nan lavi peche a epi pèdi lavi etènèl li (1 Korentyen 9:27).



Rezime

Nou kapab rezime kalite fwi Lespri sa kòm fidelite ki kontrè avèk san konfyans, enkredilite, enfidelite, enstabilite ak manti. Jodi a li difisil anpil pou yon moun rive devlope kalite espirityèl sa nan mitan yon kilti konsomatè ak endividyalis konsa k'ap kouri lwen angajman ki serye yo epi ki menm ap pran desizyon yo konfòm ak fason yo santi lide yo ye, olye pou ke yo baze yo sou valè ak prensip ki antoure yo nan Pawòl Bondye a. Pou ke nou kiltive fidelite a nan lavi nou, nou dwe mete tout konfyans nou nan Bondye, li menm ki ban nou tout rezon ak evidans sou fidelite li. Jodi a, legliz kretyèn yo bezwen kretyen ki angaje yo pou ke yo mennen yon lavi nan sentete, avèk misyon Bondye a ak legliz lokal yo a. Yon legliz ki san angajman se yon legliz ki envizib nan mond lan. Men yon legliz ki fòme nan yon pwosesis fòmasyon disip pwogresif, non sèlman pral viv nan sentete, men tou, li pral transfòme mond lan pandan l'ap bay lòt sèvis avèk anpil lanmou. Lavi kretyèn ki fè Bondye plezi a, se sa ki pran angajman ki pwofon ak dirab yo, sa ki pèsevere nan renmen Bondye, renmen lòt yo epi sèvi lòt yo.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Pou ke nou kapab rive reyalize li an plizyè gwoup. Se pou nou ekri mo ke nou chwazi a nan liy nan epi aprè sa, reponn kesyon yo.

- Èske _____ se yon bagay ki komen nan kominote kote moun yo ap viv la?
- Èske ou kapab mansyone kèk okipasyon oubyen pwofesyon kote ke li pi fasil pou moun pratike _____?
- Èske nan kèk okazyon ou te la c)k e kèk kretyen te pratikel tou? _____

AKTIVITE 2

Komplete tès sa pou w kapab evalye "Nivo konfyans Aktyèl li". Mete X nan kolòn ki kòresponn ak repons li an. Fè total kantite X ki nan chak kolòn epi aprè sa, li rekòmandasyon ki anba yo pou chak rezulta.

	Pa Janm	Pa Fwa	Toujou
Mwen kwè ke tout sa Bondye di yo gen pou reyalize nan lavi mwen kanmèm.			
Mwen santi m asire pou m remèt Bondye tout kontwòl avni mwen.			
Mwen kwè ke Bondye toujou rete kote mwen epi li pap janm abandone mwen.			
Lè mwen priye, mwen mande Bondye pou ke volante li fèt.			
Mwen kwè ke Bondye renmen mwen menm jan ke li renmen lòt yo.			
Mwen kwè ke Bondye toujou renmen m menm avèk defo mwen genyen yo.			
Mwen kwè ke se Bondye ki pi byen konprann mwen.			
Mwen kwè pliske mwen peye ladim, Bondye ap banm tout sa ke mwen gen bezwen.			
Mwen depose tout chay mwen yo nan men Bondye, pandan ke mwen kwè ke l'ap fè sa ki pi bon an.			
Mwen kwè ke Bondye te netwaye tout peche m yo epi l'ap banm lavi.			
TOTAL			

Evalyasyon rezulta yo:

- *Pi fò nan X yo nan kolòn nan se “Toujou”. Konfyans ou nan Bondye se yon bagay ki solid, men, revize si genyen plizyè kote w bezwen pran matirite epi kòmanse travay nan sa.*
- *Pi fò nan kolòn nan se “Pa fwa”. L'ap gen pou w travay pou amelyore pati espesifik sa anpil epi pran desizyon pou mete konfyans ou nan Bondye nan yon fason ki total kòmanse depi jodi a. Ou dwe chanje fason w'ap panse ak bagay ou konnen ki gen pou wè avèk feblès ou nan koze konfyans. Obeyi Bondye, menm si w pa “santi” twòp konfyans epi rete tann pou wè kòman ke Bondye akonpli pwomès li yo.*
- *Pi fò nan kolòn “Pa janm”. Etidye demonstrasyon ak prèv fidelite Bondye nan Pawòl la. Pran desizyon pou w kòmanse li yon pwomès Bondye nan Bib la chak jou epi repete li chak fwa ke ou kapab pou w kapab memorize li. Priye pandan ke w ap deklare ke ou mete konfyans ou nan Bondye epi mande l pou li ogmante lafwa ou ak konfyans ou nan li. Rejte tout lide dout oubyen konfyans ke Satan pote nan lespri ou. Evite ak tout moun ki kapab fè w pèdi espwa oubyen simen dout nan lespri w osijè de fidelite Bondye. Pale avèk frè ak sè nan lafwa yo ke ou konnen ki genyen lafwa yo solid, pou w dekouvri kòman yo te kiltive konfyans sa nan Bondye epi aprann de eksperyans yo.*

AKTIVITE 3

Reyalize aktivite sa pa de. Se pou nou li pasaj biblik sa yo epi fè yon lis ki pou genyen kèk nan rezon ke nou genyen pou nou mete konfyans nou nan Bondye.

- a. Sòm 91:9-11 _____
- b. Women 5:8, 8:34 _____
- c. Ebre 13:8 _____
- d. Sòms 18:17 _____
- e. Efezyen 5:2 _____
- f. Jeremi 29:11 _____
- g. Ezayi 12:2 _____
- h. 1 Korentyen 10:13 _____

AKTIVITE 4

An plizyè ti gwoup de twa ak kat elèv, se pou nou reponn kesyon sa yo:

- a. Kòman kilti anbwate ki antoure nou an afekte nou kòm kretyen?

- b. Kòman pwoblèm moun k'ap kouri pou angajman yo a afekte legliz la jodi a?

AKTIVITE 5

Fè yon reyalizasyon ki genyen de a twa elèv. Nan lis sa genyen kèk sitiayson nan lavi a kote ke nou dwe mete konfyans nou nan lòt moun. Se pou nou konplete nan dezyèm kolòn nan: Ki kalite w ta chèche nan mon sa? Aprè sa, reponn kesyon ki anba yo.

Sitiayson oubyen nesesite	Kalite oubyen plizyè kalite etik oswa moral
Kite timoun piti mwen an pou l pran swen li pou mwen	
Fè yon preparasyon nan kay la	
Fòme yon sosyete pou yon biz-nis	
Konfye li dosye ki prive epi mande konsèy	
Repare motè otomobil	
Pran swen plant mwen yo oubyen bét mwen yo ki nan kay la	

- a. Èske w ta kapab di ke kalite sa yo dekri yon moun ki fidèl?
- b. Èske li fasil pou ke nou jwenn nan antouraj nou moun ki fidèl ke nou kapab fè konfyans?
- c. Èske w sonje kèk trezakson oubyen krim ki te anglobe youn oubyen plizyè moun ki pat fyab?
- d. Èske sa te rive ke yon moun ke w te mete konfyans ou nan li twonpe ou?

AKTIVITE 6

Grafik: Misyon lanmou k'ap pèsevere a



AKTIVITE 7

Evalye lavi w pandan ke w'ap reponn kesyon sa yo. Aprè sa, fè plizyè gwoup pa de pou nou pase yon moman de priyè pou reyafime angajman nou yo avèk Seyè a.

- a. Selon Revelasyon 2:10, fidelite a genyen rekompans li nan letènite. Obsève 4 karakteristik fidelite yo nan dènye kolòn ki sou bò dwat grafik aktivite 6 la epi reponn: Si ou ta nan prezans Bondye jodi a epi lavi w ta nan evalyasyon, daprè opinyon ou...Èske w t'ap pase egzamen an? Kisa w ta dwe kòmanse fè depi jodi a pou w fè volonte Bondye nan lavi ou?
- b. Li Matye 25:21 epi reflechi: èske w prezante kèk kondisyon devan Bondye pou w kapab rete fidèl avèk li? Èske w prè pou w sèvi Bondye sèlman lè bagay yo ap byen mache pou ou? Èske w sispann peye ladim ak ofrann avèk liberalite lè ekonomi ou ap mal mache? Si kèk nan repons ou yo la se wi, ou bay yon prèv de mank lafwa epi ou pat rete fidèl jan ke Bondye ap atann li de pitit fi ak pitit gason li yo. Kisa w pral fè osijè de sa?
- c. Ki chanjman ke w ta dwe fè pou ke Bondye avèk moun k'ap viv nan antouraj ou yo ta kapab mete konfyans yo nan ou?
- d. Obsève 4 angajman kote ke fòmasyon disip la pa dwe mennen nou epi reponn: Èske genyen kèk pati ki bezwen ranfòse nan lavi ou? Èske w bliye kèk nan objektif ak angajman sa yo? Ki desizyon ke Bondye ap atann de ou jodi a?



Lanmou ki pwodwi dousè a

Leson 10



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Apresye** modèl imilite Jezi ki se Kris la.
- **Konprann** ke nou dwe renonse lògèy pou ke nou renmen moun ki lènmi nou yo.
- **Konsidere** egzanp Jezi a nan fason ke n'ap trete lènmi yo.
- **Pratike** plizyè konpòtman pou devlope dousè ak imilite nan relasyon yo.



Resous Yo

- Yon sachè pistach ak tout po.
- Yon gwo mas tankou sa ke bòs mason yo konn itilize pou demoli mi yo oubyen pou yo kraze kèk bagay plat (si w pa kapab jwenn youn, itilize foto kopi youn ki enprime oubyen pwojekte).
- Plizyè bib Vèsyon Jerizalèm an liv oubyen telefòn selilè.
- Gade si yo gen bezwen diksyonè pou aktivite 3.

Entwodiksyon

Jezi te kòmanse mesaj li a ke nou konnen sou non Prèch sou Montay la avèk yon seri de pwomès. Kèk nan benediksyon sa yo te destine pou moun sa ki t'ap soufri pou plizyè koz diferan. Men plizyè lòt nan rekonpans sa yo te destine pou moun sa yo ki te montre karaktè yon vrè pitit fi ak pitit gason Bondye.

Mande elèv yo pou ke yo li Matye 5:1-12 epi idantifye: Ki kalite karaktè sa yo ki pral kapab jwenn bon rekonpans lan? Kisa k'ap rekonpans lan nan chak ka?

Kòm nou sot déjà wè li, pi fò nan rekonpans ke Jezi te pwomèt yo, se pral pou moun ki montre kèk karaktè tankou, moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, moun ki dou yo, moun ki pa gen move lide nan tèt yo, moun ki gen kè sansib ak moun k'ap travay pou lèzòm viv byen youn ak lòt yo. Sa ki pi bèl la se paske nou pap kapab rive atenn bon kalite sa yo avèk pwòp fòs nou. Pa egzanp, pou rive jwenn padon devan Bondye, nou dwe imilye nou devan Bondye epi rekonèt povrete espirityèl nou, sa vle di, nesesite ke lespri nou genyen pou 1 rejwenn lavi ak rejenere pou vin genyen yon novo lavi ki plen ak richès espirityèl. Se sèlman nan fason sa ke nou kapab vin sitwayen peyi wa ki nan syèl la. Se menm jan tou, nou pa kapab netwaye peche ki nan kè nou, se sèlman Bondye ki kapab ban nou yon kè novo epi ki pwòp, san peche. Men, yon fwa ke kè nou fin pwòp, nou responsab pou ke nou ekate nou de tout kalite peche epi konsève lavi nou san peche.

Lè moun nan ap travay pou lèzòm viv byen youn ak lòt epi gen kè sansib, sa yo se kalite lanmou ki se fwi Lespri a, nou te etidyé tou de nan lesson ki sot pase yo. Men genyen lòt kalite ki genyen yon rekonpans ki vrèman espesyal “resevwa latè kòm eritaj”. Sa se dousè, lòt karakteristik lanmou Bondye ke Lespri a vle fè vin bon nèt nan lavi nou.

Mo grèk ke Pòl itilize nan Galat 5 :23 se *prautes*, li menm ki tradwi kòm imilite nan plizyè vèsyon biblik. Vokabilè grèk orijinal la dekri yon atitud imilite, senp ak soumisyon devan Bondye, menm dousè a, bonte ak souplès la. Yon moun ki dou se yon moun ki renmen bay atansyon li, janti epi prêt pou 1 sèvi lòt moun. Nan etid lesson sa a, nou pral aprann plis sou kalite fwi Lespri a atravè modèl Jezi ki se Kris la.

Etid Biblik

1. KONPÒTMAN IMILITE JEZI ANVÈ PAPA A

Jezi se pi bon modèl nou sou dousè ak imilite nan kè a. Apot Pòl dekri bèl pasaj ki se Filipyen 2:5-11 osijè de bon kalite sa ke Seyè a te genyen an.



- Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 1.

Sèl fason ke yon moun kapab kiltive yon atitud imilite devan Bondye se mete ògèy de kote. Jezi te renonse tout anbisyon pèsonèl, ak dezi pou genyen anpil fanatik ak respè, li te mete lògèy sou kote.

Yon fwa ke kè a fin debarase li de ògèy la, li vin prè pou ke li anbwase volonte Bondye pou lavi nou. Menm jan ke Jezi ki se Kris la te soumèt li anba pafèt volonte Papa li epi konsa li te kapab akonpli misyon ke li te anchaje 1 la, akoz de lanmou ke li genyen pou nou. Nou pa kapab fè ekowasyon pou nou retire nan lanmou an, pliske se lanmou Papa a ki te enprime nan Pitit la, se li menm ki te motive li fè pi gwo nan tout sakrifis ki egziste pou sove kreyati ke li renmen yo.

Apot Pòl eksplike nan Filipyen 2:7, ke Seyè a te imilye pwòp tèt li. Vèb grèk ke apot la itilize a se kenoun, ki siyifi vide. Jezi te vide tèt li de glwa li pou vin fèt kòm yon moun. Li di tou nan 2 Korentyen 8:9, “*Nou konnen ki favè Jezikri, Seyè a, fè nou. Li menm ki te rich, li fè tèt li tounen pòv pou nou. Konsa, lè l' fè tèt li tounen pòv la, li fè nou rich*”. Sa vle di, Jezi te kite tout bagay ki te fè 1 gen pouvwa pou 1 te enpoze li sou lèzòm dèyè. Li te soumèt li anba grangou, fredi, maladi, resevwa vyolans ak mepriz. Pa genyen okenn nan bagay sa yo ki t'ap rive pase si li te parèt devan lèzòm nan gran glwa diven li.

Jezi te renonse tout privilèj li yo etan ke Bondye, epi se konpòtman sa ki te fè li “pran fòm sèvitè”, sa vle di yon esklav, pou ofri limanite yon sèvis ke sèlman Pitit Bondye a ki sen t'ap kapab reyalize : peye pri peche nou sou bwa kalvè a, peye dèt nou devan Bondye epi ban nou kado lavi ki pap janm fini an.

Nan Filipyen 2:8, li kontinye pale de imilite Kris la ak soumisyon li fas ak volonte absoli Bondye Papa a. Nan moman avan ke li te jwenn arestasyon li, Matye di nou ke Jezi te deklannche yon gè espirityèl nan jaden Jetsemani.

[[[Mande pou yon elèv li Matye 26:36-46.]]]

Nou pa konnen kontni pi fò nan lapriyè entim Jezi yo devan Papa li, men asireman, youn nan bagay ke li t'ap chèche anpil se pou ke volonte pa li te soumèt anba volonte Bondye pou ke lavi li te kapab itil nan akonsplisman misyon 1 lan. Li te montre nou priye nan fason sa tou : “*Se pou volonte w fèt, sou tè a menm jan ak nan syèl la*” (Matye 6:10).

Nan kontèks ke Pòl t'ap pale ak moun laval Filip yo se paske te manke tèt ansanm nan mitan manm legliz yo nan emosyon ak aksyon yo. Li pa posib pou nou obeyi Bondye epi sèvi li avèk yon kè ki plen ak lògèy. Kondisyon pou yon moun vin pitit Bondye se renmen Li avèk tout kè a, tout lespri nou, avèk tout nanm nou ak tout fòs nou (Mak 12:30). Se poutèt sa ke depi nan tan lontan, Bondye deklare ke nou peche lè ke akoz de remò nou, nou fè rebèl fas ak volonte li (Pwovèb 21:4).

Nou wè menm karaktè enb ak dosil sa tou nan Sentespri a. Mank de egois nan trinite a se yon bagay ki parèt byen klè nan relasyon ki genyen ant Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Pa genyen okenn pari pou gen pouvwa, pa genyen batay pou yon genyen plis popilarite pase lòt. Sentespri a se yon sèvitè pa ekselans, pandan ke l'ap fè plizyè travay diferan pou byennèt ak Sali nou. Se li menm ki atire nou vini nan lanmou Bondye a, se li menm ki fè nou fèt yon lòt fwa, li ban nou don yo, li ranpli nou avèk lanmou Bondye, li se pwofesè nou epi li se gid ki fè nou toujou sonje tout bagay! (Jan 14:26). Menm jan avèk Jezi ki se Kris la, li pa chèche glwa pou pwòp tèt pa li, men pito pou Pitit la ak Papa a. èske li pa ta bèl pou ke nou menm lèzòm ta pratike kalite lanmou sa nan fanmi, legliz ak sosyete nou an?

2. DOUSÈ JEZI A NAN FASON KE L'AP SÈVI AVÈK LÒT MOUN

Pou ke nou pi byen konprann osijè de kalite dousè nan relasyon moun ak moun yo, nou dwe wè jan ke li manifeste nan lavi Jezi.

Pandan epòk ke Jezi te sou latè, li te fè zanmi ak tout kalite moun : moun rich, pòv, moun ki gen plizyè pwofesyon ak ofis diferan, moun malad oubyen ki t'ap soufri pou plizyè koz diferan, moun ki genyen edikasyon ki byen wo ak moun ki pa konn li tou. Li te relye li ak moun ki te fè zanmi avèk li, ki te renmen ak respekte li, ak moun ki te atake ak pèsèkite 1 tou, li te fè zanmi avèk moun ki te trayi 1 yo ak sólda ki te maltrete li jou li te menm rive mouri : Men dousè Seyè a te rive manifeste nan fason ke li t'ap abòde yo tout, menm avèk lènmi li yo.

Si te genyen yon sèl moun nan tout istwa ki te genyen puisans pou detwi tout lènmi li yo, se te Jezi. Kisa nou menm nou t'ap fè si nou ta genyen tout pouvwa pou ke nou fè lòt yo fè sa nou pi pito?



○ **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 2.**

Lè Pitit Bondye a antre nan listwa, li pat fè sa avèk pouvwa fòs militè, oubyen fòs richès oubyen konesans, oswa yon pozisyon. Wa maj yo te rive soti nan Oryan pandan ke yo t'ap chèche yon wa epi yo te jwenn yon ti bebe ki fenk fêt nan yon fanmi travayè ki pat gen gwo ran sosyal. Jezi kòmanse ministè li avèk yon atitud enb pandan le li t'ap mande pou Jan te batize li, lè li te rekonèt enpòtans wòl ak otorite espirityèl li.

Jezi pat bezwen pwoteje imaj li, li te déjà yon moun sensè, li pat la pou entèprete yon wòl pou pèp la. Li pat gen pwoblèm pou yo te wè li antoure de moun ki chaje feblès epi ba nivo, moun ki malad, vèv, fanm jenès, pòv yo, ti moun yo, moun k'ap touche lajan kontribisyon yo.

Yon fwa ke anpil moun fin konnen li nan mitan moun yo epi li te kapab antre nan lavil Jerizalèm kò Wa ki gen viktwa a, li te chwazi antre sou yon ti bourik. Li te lave pye disip li yo, li te pran plas yon esklav. Lè yo te fin arete li, li te kite yo maltrete ak joure li, san fè rezistans, ni itilize pouvwa li.

Lè ke apot Jan nan liv Revelasyon an t'ap chèche Gwo Lyon ki pwisan ak venkè a, moun ki diy pou ouvri so yo ki te gen pou pote jjiman Bondye sou latè a, li pat jwenn li. Men sa ke li wè, bò kote twòn Bondye a, tout syèl la te eklate yon kantik louwanj: “*Zanj yo t'ap chante byen fò: Ti Mouton yo te touye a merite vre pou yo ba l' pouvwa, richès, bon konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj*” (Revelasyon 5:12). Èske se yon Bondye ki se sèvitè? Èske se yon Bondye ki dou? Ki kalite Bondye nou menm kretyen yo nou genyen?



○ **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 3.**

Nan aktivite nimewo 3, nou te wè kòman ke Jezi te konn trete moun yo avèk anpil respè. Menm si ke selon pèspektiv nou, nou kapab wè ke nan kèk okazyon, Jezi te ensilte lènmi li yo. Men lè ke nou konpare entansyon ke li te genyen pou lènmi li yo ak motivasyon li yo dèyè chak pawòl ke li te di, nou rann nou kont ke Jezi pat reponn ak atak ke li te konn sibi nan yon fason ki egojis, li pat konn defann tèt li oubyen kache kèk entansyon. Ann wè kèk nan yo ansanm:

[[| **Mande pou plizyè elèv li pasaj sa yo: Jan 7:47, Matye 12:38, Lik 11:53, Mak 12:13, Jan 12:19, Matye 12:14, Lik 16:14, 6:7; Mak 2:18-24, Matye 12:24.**]}}

Liv levanjil yo pale byen klè osijè de move konpòtman ak mank de respè ke lidè reliye nan epòk sa yo te bay Jezi.

- a. Yo te tante fè pèp la leve kont li (Jan 7:47).
- b. Yo te mete pyèj pou kont li pou ke yo te kapab pran li nan pyèj akoz de kèk pawòl, yo te vle mennen li nan jjiman pou yo te akize li (Matye 12:38, 22:15, 19:3, Jan 8:3-5).

- c. Yo te akize li avèk anpil kesyon lè li te santi 1 fatige, yo t'ap chèche fè li konfond nan repons yo (Lik 11:53).
- d. Yo te pwovoke li lè yo t'ap mande 1 pou 1 te fè mirak oubyen siyal (Mak 12:13, Matye 16:1).
- e. Yo te fè jalouzi kont li epi se poutèt sa ke yo te vle detwi ministè li (Jan 12:19).
- f. Yo te fè konplo an kachèt pou yo te pran li nan pyèj (Matye 12:14, 22:34, Jan 11:47) epi aprè sa pou yo touye li (Mak 3:6).
- g. Yo te fawouche Jezi (Lik 16:14) epi yo te pale sou do li lè li pa la (Lik 15:2, Jan 9:16).
- h. Yo te swiv li pou y'al veye li epi yo te voye espyon al veye li an kachèt tou (Lik 6:7, 20:20-21).
- i. Yo te akize li kòm blofè ki te twonpe moun yo, pou fè yo pa respekte lalwa Bondye a (Mak 2:18-24, 7:1-5; Lik 6:2, Jan 9:16), yo te akize 1 tou kòm moun ki te fè zanmi ak moun ki fè anpil peche, pandan l'ap pataje move kondwit li yo avèk li (Mak 2:16) e yo te menm rive lwen pou akize li kòm moun k'ap sèvi Satan (Matye 12:24).

Kounye a, ann gade atitud ak fòm ke Jezi te trete yo.

[[[Mande pou plizyè elèv li: Mak 8:5, Lik 11:42-43, 10:25-37.]]]

- a. Jezi te denonse yo, se pèp la ki te prewokipasyon Jezi, se yo menm ke lidè sa yo te konn ap plede konfond, yo pat sou chemen Bondye te vle pou yo mache a (Matye 23 :1-37, Mak 8 :15).
- b. Li te repwoche yo plizyè fwa sou move konpòtman yo ak vye bagay ke yo te toujou genyen nan tèt yo.
- c. Li te anseye yo pa mwayen anekdòt ak parabòl, atravè metòd kesyon ke antrenè nan epòk sa yo te konn itilize, li te itilize anpil aktivite aprantisaj ke menm Jezi te kreye espesyalman pou ke moun te kapab konprann erè yo epi chanje konpòtman yo (Lik 10:25-37, 14:1-34).

Jan ke nou sot wè a, nou kapab konprann fason ke Jezi te trete yo avèk otorite paske li se Pitit Bondye a, motivasyon li se te defann pèp li a kont tout move ansèyman ak move egzanp ke yo te resevwa nan men reliye yo nan epòk sa, yo menm ki menm jan ke li di nan levanjil se Lik 16:14, yo te echwe nan misyon yo, paske yo “te renmen lajan”. Sepandan, Jezi pat sèlman repwoche yo pou peche yo, men tou nan menm moman tou, li te atire atansyon yo, nou wè ke kòm yon mèt ki gen imilite ak konpasyon, li te goumen anpil pou fè yo konprann jan yo te lwen volonte Bondye.

Jezi te renmen moun sa yo ki te konsidere kòm lènmi li yo epi li te prè pou 1 te mouri pou yo sou bwa kalvè a, men nan menm tan tou, avèk karaktè ki fèm, li pat pèmèt pou yo te nye idantite li ni meprize ministè li.

3. DOUSÈ SE PA YON FEBLÈS

Moun nan tan jodi yo panse ke lè yon moun dosil oubyen gen imilite se yon siy de feblès. Nan levanjil yo, nou wè ke moun yo te sezi lè ke yo wè ke Jezi pat itilize pouvwa li pou detwi lènmi li yo.

[[[Retire sachè pistach yo epi mete youn sou tab la. Mande pou plizyè elèv pou yo fè esèy kraze gress yo avèk mas la, men yo dwe sispann nan menm moman pou yo pa kraze. Petèt yo kapab pa kapab rive atenn objektif la nan premye tantativ la, men, ankouraje yo kontinye jouskaske yo rive kontwole pèz mas la epi konsa pa domaje gress nan. Answit, distribye pistach yo kòm prim pou klas la, mande yo pou yo retire po yo avèk anpil pridans pou yo pa bay gress nan okenn domaj. Aprè sa, mande elèv yo: Kisa nou kapab aprann sou dousè avèk ilistrasyon sa?]]]

Konbyen nan nou depi tou piti yo anseye nou ke mond lan se tankou yon jeng ke li ye epi pou ke nou kapab viv ladan li fòk nou fò anpil? Nan sosyete ki antoure nou an, yo admire moun ki gen anpil pouvwa ak fòs. Aktè yo avèk anpil gwo pòtray oubyen avèk anpil gwo eksperyans nan koze batay kontinye konsidere kòm moun ki favori pase anpil nan nou. Se menm bagay la ki pase avèk jwèt vidéyo yo oubyen jwèt òdinatè yo, kote ke itilizasyon gwo fòs ak vyolans pran gwo nivo.

[[[Mande elèv yo pou yo bay kèk egzanp sou anpil fim aksyon oubyen jwèt vidéyo ki fè briye vyolans ak gwo fòs pou fè vanjans kont lènmi yo oubyen pou konbat sa ki mal.]]]

Nan mond ke n'ap viv jounen jodi a, tout moun vle pou tout moun konsidere yo kòm yon gwo Lyon ki pa janm pèdi batay, pèsòn pa vle pou yo konsidere li kòm yon ti mouton dosil. Lè yo atake nou, nou reyaji pandan ke n'ap demonstre fòs nou, nou fè kò nou byen solid, nou aji jan ke tout moun ap atann pou lèzòm aji, “gason ki solid” tout bon an.

Nou aprann move pou ke nou kapab siviv. Fanm yo vin pa vle obeyi gason yo, jèn yo vin pa vle pou paran yo gouvène yo, travayè yo ap batay pou ke kapasite yo kapab rekonèt kòm moun ki “briye” pi plis pase rès kamarad yo pou ke yo kapab resevwa pwomosyon, pou ke yo kapab resevwa yon plas ki fè yo gen pouvwa ak otorite. Jodi a, sèlman pil foto sèlfì sou rezo sosyal yo sifi pou ban nou yon echantyon sou kòman n'ap bay tèt nou pwomosyon devan lòt yo. Moun yo genyen gwo nesesite nan yo pou fè moun admire yo, pou fè moun felisite yo, pou fè tout moun rekonèt ak fè lwanj pou yo.

Yo anseye nou kache emosyon ak santiman ke kilti a relye ak feblès. Montre sansiblite anvè lòt yo, kriye, epi kite lòt yo wè frajilite nou kòm moun, te konsidere kòm “sèks fèb” pandan anpil ane. Pwofesyon ki gen pou wè avèk imilite tankou, enfimri ak pran swen ti moun piti ak gran moun te yon “travay fanm” pandan anpil ane. Men apati de apèl liberasyon fanm yo, fanm yo vin adopte karakteristik “rezistans”, pou ke yo te kapab rekonèt nan mond laboral la kòm moun ki kapab travay di epi fè pari avèk gason yo pou pòs travay.

Se pandan, nou menm disip Jezi yo, nou pa dwe mache selon nòm kiltirèl yo, men pito, nou dwe gade Jezi epi swiv egzanp li yo. Devlope yon karaktè enb epi dosil pa vle di ke nou pa bay pwòp tèt nou vale ke li genyen. Sa vle di ke nou dwe fè silans devan lenjistik, ni aksepte abi ak move tretman moun ap ban nou yo. Okontré, akoz ke nou konnen valè ke lavi nou genyen pou Bondye, se poutèt sa menm ke nou dwe aji avèk jantiyès menm si yo fè nou abi, menm si lòt moun pa ban nou valè oubyen pa bay sa ke nou fè yo valè.



○ Fè elèv yo konplete aktivite 4

Pou wòl ke nou menm ki se kretyen nou genyen pou ke nou sèvi nan fwaye a, nan legliz ak sosyete a, nan anpil okazyon nou dwe pale ak otorite ak grande pou ke moun nan kapab konprann epi chanje direksyon an. Se poutèt sa ke Pòl te di Tit ki te yon evèk nan zile Krèt konsa: “*Se bagay sa yo pou ou moutre moun yo. Otorite yo ba ou a se pou ankouraje sa ki bezwen ankouraje, pou rale zòrèy sa ki bezwen gen zòrèy yo rale. Pa bay pesonn okazyon meprize ou*” (Tit 2:15).

4. DOUSÈ A NAN LAVI CHAK JOU

Lè nou fin obsève modèl Jezi a, nou pa genyen lòt kesyon ke nou kapab poze tèt nou ke: pou nou menm ki se disip Jezi yo, èske l'ap posib pou nou pratike kalite lanmou enb ak dou sa, menm avèk moun ki mal trete ak fè nou mal?

[[[Mande pou yon elèv li Matye 11:29.]]]

Nan pasaj sa, Jezi afime ke si nou swiv li epi aprann de li, nou pral devlope yon karaktè ki ranpli ak dousè avèk imilite. Nou fet avèk yon kè ki chaje ak lògèy, men nou kapab aprann vin dou. Ann wè twa bagay ke nou kapab fè pou pratike imilite nan lavi nou chak jou:

a). Renmen epi priye pou moun k'ap pèsekite nou yo

Si genyen yon misyon ke Jezi kite pou nou ranpli ki difisil se sa. Nan peyi Kosta Rika, genyen yon fraz ke moun yo toujou itilize pou pale de moun ki pa renmen fè zanmi yo, yo di "mwen pa renmen fòm tèt li". Nan peyi Meksik, pou di ke yon moun pa fè yo plezi, yo di "mwen wè li gra". Nan epòk pa Jezi a, jwif yo te genyen yon abitid aplike lalwa "je pou je ak dan pou dan". Lè yon moun te konn pwovoke yon ofans kont yon lòt, yo pat konsidere aksyon moun ki remèt kou a mal devan je Kreyatè a. Men, nan nouvo wayòm ke Jezi te inogire a, fason pou moun trete lènmi yo vin totalman diferan.

Jezi te anseye nou priye ak renmen moun ki pa renmen nou yo: "Men mwen menm, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsekite nou. Se konsa n'a tounen pitit Papa nou ki nan syèl la. Paske, li fè soleyl la leve ni pou moun ki mechan ni pou moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni pou moun k'ap fè sa ki byen ni pou moun k'ap fè sa ki mal" (Matye 5 :44-45). De ki kalite lanmou Seyè a pale la? Pa genyen okenn fason pou ke afeksyon ta debòde nan kè nou pou moun ki fè nou mal yo. Se vre ke Bondye konnen sa epi li pa mande nou pou nou fè anyen ki sinatirèl, déjà li pa yon bagay ki kòrèk pou nou renmen lènmi nou yo menm jan ke nou renmen moun ki pwòch nou yo.

Kalite lanmou ke Jezi mande pou nou pratike ak lènmi nou se pa lanmou ki pran nesans nan kè nou an, bon ti afeksyon ke nou santi pou fanmi nou an. Nou dwe sonje ke grèk yo te genyen plizyè vokabilè diferan pou diferansye tout kalite lanmou yo. Nan pasaj sa, Jezi itilize vèb "agape" ki dekri yon lanmou k'ap simante nan bon volonte, nan yon okazyon pou renmen moun sa yo ke "nou pa renmen fòm tèt yo" ak moun sa yo tou ki "pa renmen fòm tèt nou".

Lanmou "agape" a se yon lanmou ki pa chèche vanjans, ni pinisyon, men pito ki chèche sa ki pi bon pou lòt moun nan, menm lè sa siyifi discipline li. Se yon lanmou ki, olye pou li koze domaj, li pi pito geri lòt moun yo epi jwenn yon sòti pozitif nan konfli a. Sa se plis pase sispann rann mal pou mal, lanmou "agape" a se yon lanmou ki aji, ki fè sa ki posib pou restore relasyon ki kraze yo.

Men, menm si sa déjà difisil pou obeyi, Seyè a di nou ke pou nou kapab konsidere kòm yon bon pitit Papa a, nou dwe priye tou pou moun ki ofanse nou yo. Èske nou fè kèk diferans nan konpòtman nou lè nou priye pou lènmi nou yo? Repons lan se WI epi se anpil. Jan ke Filip Keneson eksplike 1 la: "Priye pou lòt moun fè kè nou sansib nan favè yo epi ankouraje nou trete yo pi byen, kòm anpil lòt kreyati ki fèt konfòm ak imaj ak resanblans Bondye".

Lè nou fache avèk lòt yo, genyen yon santiman remò ki soti nan blesi nou yo ki anvayi nou epi nou di pwòp tèt nou ke nou pi bon pase lòt moun nan. Men si nou evite pran defans nou epi chèche vin fas a fas ak Bondye, n'ap kapab wè nou jan ke nou ye a, nan peche nou an, enpèfeksyon ak frajilite, epi tou, sonje gras Bondye ki fè nou la epi sa ap fè nou genyen yon sans imilite ak yon santiman de konpasyon fas ak lòt moun yo.

b). Kenbe tèt ak tantasyon pou w toujou genyen an

Nou pa kapab evite konfli yo avèk lòt moun nan lavi a; men pou moun ki kretyen yo, fason pou nou afwonté ak rezoud yo dwe diferan.

Youn nan bagay ki anpeche moun yo rezoud diferans ki genyen ant yo a se paske yo tout vle toujou gen rezon. Sa parèt byen klè nan fanmi an oubyen lè nou travay nan ekip. Nou pa dwe santi nou ofanse si moun pa dakò ak opinyon nou, men pito nou dwe aprann koute plizyè lòt opinyon epi byen konsidere lòt opinyon yo.

Pou ke nou devlope yon karaktè dosil, nou dwe aprann pataje opinyon nou yo avèk imilite ak konfyans de ke Bondye ap gide nou pran desizyon ki kòrèk la.

Pou anpil moun, pou tanperaman yo, li plis difisil pou li kite lòt moun pran otorite sou li, aksepte ke bagay yo kapab fèt nan yon fason ki diferan, epi se pa tout bagay ki dwe fèt "jan ke mwen vle a". Men, tanperaman an pa dwe itilize kòm yon eskiz pou moun nan vin enbesil ak gwosye nan fason ke l'ap trete lòt moun yo.

Pandan ke n'ap aprann pou ke nou gen imilite epi dou, nou dwe rekonèt lè nou komèt erè yo. Sentespri a ap pran sa an chaj pou ke li fè nou konnen lè nou ofanse yon moun epi nou dwe gen kouraj pou nou apwoche bò kote moun sa avèk imilite epi mande li padon pou fason ke nou te reyaji a.



Mande pou elèv yo konplete aktivite 5.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Soumisyon:** Dispozisyon imilite nan kè devan Bondye ak lòt yo. Li manifeste nan fason ke moun nan ap trete lòt moun avèk jantiyès ak respè, kote ke li refize rann mal pou mal, pou chèche restore relasyon yo epi chèche byennèt moun ki komèt fot la.
- **Imilite:** Li fè referans ak konpòtman moun nan, men sa pa gen pou wè ak kondisyon ekonomik li. Atitud sa se jès yon zanmi ki pran plas li bò kote lòt la, li pa santi li pi enpòtan pase lòt la, menm si pozisyon oubyen ran sosyal li pèmèt sa. Imilite a tou mennen yon atitud de sèvis anvè lòt yo, pou nou konsidere lòt yo pi enpòtan pase nou menm.
- **Sèvitè:** Mo grèk ki itilize pou sèvitè a se "diakonos", sèvitè ak "doulos", esklav. Sa endike soumisyon yon moun devan yon lòt.
- **Farizyen ak Sadiseyen:** Lidè nan soyete jwif nan tan Jezi yo ki te jwenn replik akoz de lide opinyon yo, tou de gwoup sa yo te vrèman jalou pou reliyion. Yo te konsidere kòm konsèvatè lalwa Moyiz la epi responsab pou konsèvè tradisyon pèp Izrayèl la ansanm avèk Eskrib yo.



Rezime

Jezi ban nou yon modèl ki bon nèt sou kalite lanmou nan soumisyon ak imilite ke Bondye vle pou nou devlope nan lavi nou an. Lanmou an pa sèlman la pou ke nou mete li an pratik avèk moun ke nou fè zanmi yo, men tou, nan relasyon nou yo avèk moun sa yo ki maltrete nou avèk pawòl ak aksyon yo. Lanmou nan favè moun ke nou pa renmen fòm tèt yo, oubyen nan favè moun ki pa renmen fòm tèt nou yo, se pa yon lanmou k'ap deklannche nan kè nou byen vit konsa, men pito se yon lanmou ki soti nan volonte pou nou byen aji ak tout moun. Kretyen an dwe kite tout lògèy epi kenbe tèt avèk tantasyon pou toujou genyen avèk objektif pou rezoud pwoblèm nan relasyon yo nan yon fason ki efikas. Chèche fè lapè avèk tout moun epi chèche sa ki pi bon pou lòt yo se atitud ki manifeste nan relasyon nou yo.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

An gwooup de twa patisipan, se pou yo li Filipyen 2:5-11 epi reponn kesyon sa yo.

- Kòman Pòl di ke Jezi te desann li avèk pwòp volonte li?
- Ki relasyon imilyasyon Jezi a genyen avèk obeyisans li anvè Papa a?
- Kilès moun ki te resevwa glwa akoz de imilyasyon ak obeyisans Jezi ki se Kris la?
- Ki rekonpans ke Jezi ki se Kris la te resevwa pou atitud imilite ak obeyisans li devan Papa a?

AKTIVITE 2

Reponn kesyon sa yo:

- Si Bondye ta ban nou pouvwa pou nou fè lòt moun obeyi nou, kòman nou t'ap itilize li? Site twa egzanp.

- Kòman moun nan antouraj ki nan kontèks nou yo ta panse, lè ke yon moun gen tout pouvwa pou vanje kont lènmi yo, men li pa itilize li?

AKTIVITE 3

An gwooup de 2 oubyen 3 elèv, chèche pasaj sa yo nan Bib la epi aprè sa, konplete kolòn ki nan tablo ki anba yo. Pou dekri fason ke Jezi te konn trete yon moun, itilize plizyè objektif tankou pa egzanp: jantiyès, emah, afeksyon, sansib, renmen fè zanmi, konpreyansif, patènèl, konpasif, cho, dosil, respè, repreyansif, sensè, veridik, otoritè, ak anpil lòt anko.

Pasaj	Moun/yo	Zanmi/yo oubyen lènmi/yo?	Kòman Jezi te trete yo/li?
Jan 11:33-44			
Matye 8:2-4			
Matye 9:9-13			
Jan 8:2-11			
Lik 7:37-50			
Matye15:1-9			

AKTIVITE 4

Reponn kesyon sa yo:

- a. Èske w te déjà sibi yon move tretman oubyen mepriz anba men kèk lòt moun?
- b. Èske yon fwa te genyen yon moun ki te meprize talan ak travay ou yo?
- c. Kijan w te reyaji?
- d. Ki wòl lògèy la te jwe nan reyakson w lan?
- e. Kòman relasyon w te kontinye avèk moun sa aprè reyakson w lan?
- f. Kounye a ke ou fin konnen egzanp Jezi osijè de siyifikasyon soumisyon ak imilite, èske w t'ap fè yon bagay ki diferan?

AKTIVITE 5

Reponn kesyon sa yo:

- a. Apati de jodi a, kòman w pral aplike relasyon w yo an relasyon ak rekòmandasyon apot Pòl yo (Efezyen 4 :26) ak Jak (Jak 3 :17)?
- b. Kisa ki bezwen transfòme nan karaktè w pou ke relasyon w yo avèk lòt yo kapab dosil epi enb kòm Jezi?
- c. Site twa bagay ke w pral fè apati de jodi a pou w devlope kalite soumisyon sa pi plis nan lavi ou.



Lanmou ki pwodwi yon lavi ki ekilibre

Leson 11



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Identifie** danje ki menase yon lavi san disiplin.
- **Konprann** ke Jezi ki se Kris la te vini pou ban nou libète sou peche a konplètman.
- **Pwopoze** chemen aksyon pou ke nou pa tonbe nan kilti libètinaj seksyèl la.
- **Ekri** yon plan pou grandi nan yon ekilib ki entegral nan lavi li.



Resous Yo

- De diksyonè lang fransè (oubyen yo kapab konsilte yon sit entènèt pou fè rechèch, nan telefòn selilè yo).
- De imaj moun ki konn pratike espò ki byen popilè nan peyi yo a akoz de tout reyalizasyon ak prim oubyen meday olenmpik yo. Youn dwe pou yon moun ki evite lage kò li nan zafè dwòg ak anpil lòt vis. Lòt la dwe pou yon moun ki te tonbe nan vis oubyen adiksyon epi akoz de sa, li pat kapab kontinye avèk pwofesyon 1 lan.
- Douz kat. W'ap ekri kèk sinonim tanperans: KONTINANS, SEVERITE, DOUSÈ, KONPASYON, DISIPLIN, OTOKONTWÒL. Nan lòt yo, w ap ekri antonim tanperans yo: DISIPASYON, ESKANDAL, SAN KONTWÒL, SANTANPERANS, LIBÈTINAJ, REBÈL. Tout kat yo dwe melanje epi fèt an papye ak lank ki gen menm koulè a.
- Si w ap gen pou w itilize tablo a, w ap bezwen yon lakòl pou w kole imaj ak kat yo.
- Plizyè konfiti ak sirèt pou w itilize kòm prim (sifi pou tout gwoup la).

Entwodiksyon]]]

Pou chak bon kalite kretyèn ki egziste, genyen lòt ki kontré. Pa egzanp, nou kapab chwazi pale avèk verite oubyen avèk riz oubyen manti. Nou kapab chwazi padone oubyen fè sa ki kontré, nou kapab chwazi rayi ak konsève rankin. Se menm bagay la ki pase avèk chak kalite lanmou an ki se fwi Lespri a, epi li se wityèm ak dènye kalite ki site nan Galat 5:22-23, se pa li ki eksepsyon an.

Tèm grèk ekgrateía ke nou pral etidye la se li ke Pòl te chwazi pou 1 dekri kalite sa. Pi bon vokabilè ki tradwi pawòl sa pou nou Jodi a se otokontwòl oubyen tanperans. Eggrateía dekri yon lavi ki ekilibre ki se fwi lespri travay Sentespri a nan lavi disip Kris yo.

Pou ke nou kapab konprann siyifikasyon kalite sa pi byen, nou pral defini ak idantifye kèk kondwit ki dekri li ak konpòtman ki pa kòrèk yo.

[[[Plase foto moun ki conn fè espò yo sou tablo a oubyen sou yon gwo tab, youn dwe separe de lòt. Aprè sa, mande elèv yo pou ke yo idantifye moun sa yo. Answit, mande elèv yo pou ke yo divize fè de gwoup epi se-paré kat yo fè de pati, ki déjà melanje pou chak gwoup. Mande elèv yo pou ke yo egzamine chak kat epi pou yo chèche nan diksyonè a pou konprann siyifikasyon an pi byen. Aprè sa, chak gwou ap deplase sou fòm defile pou al plase yon kat bò kote youn nan pèsónaj yo. Eksplike klas la ke mo a dwe dekri konpòtman espòtif sa. Aprè sa, se pou yo idantifye ansanm si kat yo te byen plase. Distribye sirèt bay chak elèv kòm prim pou travay yo te reyalize a.]]]

Jan ke nou sot déjà wè sa nan aktivite a, nou menm lèzòm nou sedwi ak esklavize akoz de plezi ak anvi yo. Nan tan ke n'ap viv la, anpil moun panse ke viv yon lavi san peche se yon bagay ki enposib. Se akoz de sa ke genyen kèk kretyen ki kontinye ap komèt kèk "ti peche" de tanzantan. Men Jezi te montre nou priye pou ke nou kapab pote viktwa sou tantasyon an chak jou:

[[[Mande pou yon elèv li Matye 6:13, apre sa, mande klas la:
Èske Seyè a ta mande pou nou priye pou yon bagay ki enposib?]]]

Pandan ke n'ap fè eko avèk pawòl sa yo ke Jezi te pwononse, Legliz Anglikàn montre manm li yo pou ke yo priye avèk pawòl sa yo: "*O Seyè, tanpri, fè ke nou kapab viv tout jounen an san komèt okenn peche. Pèmèt mwen pa tonbe nan peche pandan tout jounen an*". Nan leson sa, nou pral etidye kòman Jezi te reponn priyè sa epi rann li posib ke nou kapab genyen batay la fas ak sediksyon peche a.

Etid Biblik]]]

1. VIV ANBA DOMINASYON PECHE A OUBYEN VIV NAN LIBÈTE LESPRI A

Yon lòt fwa ankò, kalite tanperans lan mete nou ak yon desizyon pèsònèl. Objektif vini Jezi a nan mond sa fè ke nou libere anba dominasyon peche. Kòm disip Jezi, nou responsab pou ke nou pran desizyon toutan, déjà nou anba eprèv ak tantasyon chak jou. Si nou chwazi kalite lavi ke Bondye vle pou pitit fi ak pitit gason li yo, nou dwe mete aksan sou bagay sa yo:

[[[Mande pou de elèv li Matye 5:48 ak 1 Pyè 1:15.]]]

Bondye mande pou nou pafè ak sen menm jan avèk li, men li pa di nou ke sa se pral rezulta otokontwòl pa nou, fòs volonte pa nou, oubyen pouwwa rezon nou sou sa ke nou vle ak anvi yo. Se sèlman Seyè a ki kapab fè nou rete nan sentete. Li pa sèlman netwaye nou anba peche ke nou komèt yo epi ranpli nou avèk Lespri Sen an, men tou li ofri nou yon lavi k'ap toujou pote laviktwà kont tout atak Satan yo.

Sentete ak matirite se de bagay ki diferan. Sentete a se rezulta travay Sentespri a k'ap manifeste nan lavi tout moun sa yo ki ofanse sentete Bondye epi anpeche nou antre nan prezans li a ki sen pou genyen kominyon avèk li. Peche a te mèt etabli nan lavi nou sou nenpòt fòm, li dwe jwenn netwayaj.

Men, matirite a se rezulta yon pwosesis travay ki opere pa mwayen Lespri Sen an nan tout pati nan lavi nou. Rezulta a se yon lavi ki byen balanse, yon lavi ki sen, ke yo rekonèt tou sou non matirite. Sa se objektif lavi kretyen an.

Men, matirite sa se pa yon bagay ki enstantane, men pito se rezulta yon pwosesis kwasans. Se yon vizyon ki mande pou ke nou menm tou nou envesti efò pa nou. Tan, disiplin, lapriyè pèmanan ak eksperyans lavi, tout sa yo se zouti ki pral konstwi yon karaktè ki gen matirite nan lavi nou. Si se vre ke, kalite tanperans lan opere nan lavi nou pa mwayen Sentespri a, pa genyen anyen ki kapab fèt san ke nou pa dispoze ak kolabore konplètman, pandan ke n'ap soumèt nou anba pwosesis k'ap travay pou ke nou kapab sanble avèk Jezi ki se Kris la.

■■■ Mande pou yon elèv li Mak 7:14-23. ■■■

Nou bezwen èd Lespri Sen an, paske nou pap kapab libere pwòp tèt nou anba chèn ansyen ki mare dezi nou yo epi k'ap trennen nou nan fè sa ki mal. Nan pasaj sa, Jezi drese yon lis move lanvi ki anrasinen nan kè a epi ki rive menm domine panse nou: ... ‘*lide fè ou fè tout move bagay, li fè ou volè, li fè ou touye moun; li fè ou fè adiltè, li fè ou renmen lajan. Li rann ou mechan, fentè, li lage ou nan libètenaj, li ba ou gwo je, li fè ou pale moun mal, li fè ou gen lògèy, li rann ou fou.*’”



o Mande pou elèv yo konplete aktivite 1.

Jan ke nou sot wè a, se anpil moun k'ap viv anba dominasyon peche a. Se menm bagay la ki te pase nan epòk pa Jezi a ak Legliz Primitiv la, e se poutèt rezon sa ke Seyè a avèk apot yo, youn e yon lòt fwa ankò te voye yon avètisman sou gwo konsekans terib ki dispoze pou lavi yon moun, yon fanmi, yon legliz, yon nasyon, lè ke yo vin tounen esklav apeti ak move dezi k'ap pase nan kè yo. Pou ke nou kapab libere anba kontwòl ke peche a ap eggèse sou lavi nou, nou dwe aji kont kouran mond sa. Sentespri a va ede nou, men, desizyon pou viv nan sentete a se misyon pa nou li ye.

2. OTOKONTWÒL NAN LAVI SEKSYÈL

San plas pou okenn dout, pi gwo tantasyon ke pi fò moun ap sibi se koze sèks la, e menm kretyen nan tout moman nan listwa tou. Genyen kèk paran kretyen ki panse ke se pa yon bagay ki kòrèk pou ke pitit yo rete vyèj pou rive jous nan maryaj, ke yo ta dwe genyen libète pou jwi avèk konjwen yo, san santi tò ke yo te chaje nan jenerasyon pa yo a dèske y'ap fè peche devan Bondye. Mete sou sa, jodi a nou genyen edikasyon seksyèl nan lekòl yo, yon fòmasyon san okenn valè kretyen, ki bay priyorite ak dwa endividiyèl pou tout moun satisfè apeti yo san panse avèk nenpòt konsekans sa kapab pote nan lavni. Nan anpil nan peyi nou yo, edikasyon seksyèl ak emosyonèl yo doute sou oryantasyon seksyèl yo epi yo ankouraje pou yo goute plizyè eksperyans diferan, sa ki konfonn yo plis ke li ede yo, nan konstriksyon yon lide pozitif ak idantite ki solid.

Gras a Dye, Bib la byen klè sou koze seksyalite a epi nou dwe sèten ke prensip Bondye yo pa janm chanje. Genyen yon lè, yon jèn bray te mande yon pastè fi, lè Bib la pale de fònikasyon, de kisa l'ap pale reyèlman. Pastè sa ki se yon fanm te eksplike li ke tout sa se te relasyon seksyèl ant yon fi ak yon gason andeyò de maryaj. Jèn gason sa ki te yon etidyan nan seminè te di pastè a ke li pat tèlman dakò avèk definisyon sa, paske se pa nòmal pou Bondye ta kondane yon aksyon lanmou ant de moun. Jan ke nou wè a, nou dwe pale epi anseye pi plis sou pratik sèks nan legliz nou yo, men se nan vizyon Kreyatè a.

Depi avan ke Bondye te ban nou lalwa ak koumandman li yo, li te gentan konnen kijan soufrans sa di lè yon moun kite dezi san kontwòl yo anchene yo. Men, Satan te fè prèv entelijan nan fè pi gwo manti yo gaye sou koze sèks la, epi nou menm lèzòm, nou vin konvèti tèt nou an esklav dezi a.

Pa genyen okenn dout ke abitid seksyèl moun yo vin chanje anpil nan dis dènye ane yo.

Jodi a, kilti yo chanje avèk gwo vitès epi se menm bagay la ki pase ak valè yo. Nan anpil peyi sou latè, yo pa dakò ansèyman biblik nan lekòl yo, yo pa menm vle pou moun pale de Jezi. Men nan menm peyi sa yo, yo pèmèt ke moun distribye Bib ak evanjelize nan prizon yo. San dout, genyen yon men kache dèyè tout desizyon sa yo ki pa genyen okenn entansyon pou ede nou, ni ban nou libète, ni fè nou vin pi kontan, men pito se gide nou nan yon chemen pèdisyon.

[[[Mande pou elèv yo li epi konpare Pwovèb 16:25 ak Pwovèb 12:28.]]]

Pawòl la byen klè: “*Lefini, w'a di pèp la men sa mwen menm, Seyè a, mwen di: Mwen pral mande nou pou nou chwazi ant lavi ak lanmò*” (Jeremi 21:8). Se nou menm ki pou toujou pran desizyon an, kwè Satan ak manti sou koze sèks epi sitou “tout lòt bagay yo” oubyen kite Sentespri a montre nou viv yon lavi ki byen balanse.



◦ Mande pou elèv yo konplete aktivite 2.

Jan ke nou sot deja wè li, genyen anpil defi ke nou genyen devan nou pou nou aprann jwi nan koze plezi seksyèl andedan paramèt asirans ke Bondye te deja etabli yo.

3. KÒMAN NOU KAPAB ANTRE NAN LAVI KI BYEN EKILIBRE A?

Genyen twa disiplin ke nou dwe pratike pou nou antre nan yon lavi ki gen otokontwòl la.

[[[Mande elèv yo pou yo wè tablo ki nan aktivite 3: Plizyè disiplin pou otokontwòl, pandan ke y'ap devlope pwen ki nan lesон sa.]]]

a. Siprime pouse k'ap pwodwi peche yo

Pouse k'ap pwodwi peche yo se lènmi lavi sentete a, deja y'ap trennen nou kontinye nan ansyen vye fason ke nou te konn panse yo, manipile emosyon yo, pale epi aji.

Lè ke nou fèt yon lòt fwa nan lavi nan Lespri Sen an epi aprè sa nou vin ranpli avèk Sentespri a, nou netwaye de tout nati peche a, men jouskaprezan, pouse sa yo toujou rete, yo anrasinen nan move fason ke nou te konn viv lè ke nou te byen lwen Kris la.

Tandans sa yo atache nan nou, yo menm ke nou eritye nan fanmi nou, nan sosyete a ak pwòp eksperyans nou yo nan lavi. Si nou pa kontwole yo, avèk èd Lespri Sen an, y'ap afebli rezistans nou fas ak tantasyon an. Ezayi avèti nou: “Manyè netwaye lavi nou non! Mete nou nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen non! Sispenn tout lenjistik mwen wè n'ap fè yo! Wi, sispann fè sa ki mal!”.

Ann wè kèk egzanp sou tandans sa yo ke nou dwe siprime: pale avèk awogans, fè yon tripotay gaye, jije pwochen an, antre nan diskisyon moun avèk move entansyon ak move kiryozite nan zafè

lòt moun, meprize pwòp tèt ou (otoestim ba), kouri pou responsablite yo, fè dèt pou depanse lajan, fè goumandiz oubyen manje an plis san pwoteje sante nou, parès ak sedantaris, mal gate tan ak enèji mantal ak fizik nan aktivite yo ki pa ban nou lasante ak anpil lòt bagay ankò.

b. Planifye fason pou aji diferan

Lavi kretyèn nan se yon lavi ki tounèf kote ke nou dwe aprann bagay ki diferan, nan fason li dwe ye nan wayòm Bondye a. Fwi lanmou an ak kalite li yo pral ede nou jwenn anpil nouvo chemen nan fason ke n'ap panse, santi ak aji. Se poutèt sa, nou dwe planifye anpil estrateji depi davans, pou ke nou kapab kenbe tèt avèk move pouse nou yo.

Pa egzant, si avan nou te konn nwi epi ranpli avèk estrès lè gen blokis, nou kapab planifye pou nou pwofite tan sa avèk kèk devwa itil, kòman pou nou priye, louwe Bondye avèk mizik, koute Bib la nan odyo, anrejistre yon lis bagay pou fè, etc... Si nan tan lontan nou te negatif epi kritik pou jije lòt yo, nou pral bezwen planifye yon fason de panse ki diferan sou moun yo, pa egzant, dekouvri senk bon kalite chak moun ke mwen rekonèt, oubyen di moun nan yon bèle bagay ke mwen salye chak jou, tankou pa egzant : "Ala yon bèle jou Seyè a fè nou kado!" oubyen "Mwen renmen rad sa w mete jodi a!" oubyen "Se pa ti gou pen papat ou fè a te gou non hmmmm!".

Transfòme abitid yo se bagay ki mande anpil tan, men sa ki enpòtan se rete fèm nan desizyon an pou chanje, pran pasyans avèk nou pandan ke n'ap pwogrese epi apresye travay ke nou déjà fè yo.

Chanjman sa yo pral obsève pa mwayen moun sa yo ki rekonèt nou epi y'ap rekonèt pi bon fason kote ke Bondye ap transfòme karaktè nou.

c. Ekilibre tout zòn ki nan lavi mwen

Kòman nou wè tanperans la nan lavi kretyen an pa sèlman pou pati seksyèl la, men pito se pou tout lòt branch nan lavi a. Genyen anpil nan nou ki te sibi enflyans atravè kilti moun ki gen pasyon epi menm pasyon sa fè anpil moun lage kò yo nan koze fanatik. Koze fanatik sa kapab manifeste nan espò, nan admirasyon atravè anpil moun ki popilè, nan defans yon ideyoloji politik, yon reliyion, etc. Nou wè kòman fanatis la rive pwovoke anpil konpòtman vyolan ak mechan. Moun sa yo ki kite pasyon ak fanatis yo pèdi kontwòl tèt yo, yo domaje tèt yo ak anpil lòt moun tou. Kretyen ak kretyèn yo, nou bezwen renonse nenpòt kalite fanatis ke nou te pratike nan lavi nou nan tan lontan.

Yon lòt kote ke nou dwe bay tèt nou disiplin se nan koze tan an. Kretyen an dwe jwenn yon tan pou relasyon pèsonèl li avèk Bondye, pou sèvis kretyen li, pou konprann responsablite yo, pou pran swen tèt li ak fanmi li, san neglige okenn nan yo.

Pati finans yo, se yon lòt bagay ki vrèman enpòtan, déjà ke yon dezekilib nan ekonomi nou pral dezestabilize plizyè lòt pati nan lavi nou. Pou aprann administre byen yo avèk responsablite ke nou bezwen reziste fas ak kilti konsomatè a ak sa ki egzije dèt ki antoure nou yo. Si nou swiv egzant Jan Wesley la, l'ap itil nou anpil: Pwofite genyen tout sa ke ou kapab, fè kantite ekonomi ke w kapab epi bay tout sa ke ou kapab.

Finalman, youn nan bagay ki fè anpil kretyen tonbe se kite pwoblèm yo fè kè yo sere epi fè yo konsidere kòm moun ki gen remò ak negatif. Nou pa kapab evite konfli oubyen dezakò avèk lòt moun. Nou pa kapab non plis chanje fason ke lòt moun panse, santi ak aji. Men, sa ke nou kapab fè, se fè fas ak sitiayson sa yo avèk èd Lespri Sen an.g Pral genyen anpil konfli ke nou pap kapab "aranje" epi nan ka sa yo, olye pou nou fè kè nou di, ann leve moun sa yo devan Seyè a epi ann lage nou nan men li pou ke nou kapab vin tounen ajan lapè.



• Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Otokontwòl:** Se kontwòl ke moun nan egzèse pa mwayen de volonte ak rezon sou apeti avèk panse ki pouse li reyaji ak aji nan yon fason ki emosyonèl. Otokontwòl la pèmèt ke moun nan rive fè yon bon administrasyon sou tout zòn nan lavi li, tankou itilizasyon tan, dominasyon emosyon yo, jesyon finansye, lasante, kontwòl relasyon yo ak anpil lòt bagay ankò. Plizyè sinonim otokontwòl se: otodominasyon, kontwòl pèsònèl, ak anpil lòt ankò.
- **Fanatis:** Pasyon ak rezistans e menm san kontwòl pou aji nan defans kèk kwayans oubyen opinyon, espesyalman nan espò, reliyon ak politik.
- **Enbesilite:** Bank de bon jijman oubyen pridans oubyen matirite ki reflete nan fason ke moun nan ap pale epi aji. Nan Bib la, yo rele yo tou, moun fou oubyen tèt pa dwat. Moun ki enbesil la pa renmen tandem konsèy moun ki gen bon konprann yo ki genyen plis eksperyans pase yo epi yo vin aji nan yon fason ki frivòl, lè yo kite yo domine pa mwayen pasyon yo epi chèche satisfè dezi yo san panse si se yo menm ki pral responsab aksyon yo.
- **Libètinaj:** Lage kò san fren nan satisfè plezi lachè yo. Pi fò nan lè sa yo, yo fè referans ak plezi seksyèl, men tou li kapab aplike ak anpil lòt vis tankou alkòl, dwòg, vyolans ak anpil lòt bagay ankò. Sinonim libètinaj yo se: San fren, disipasyon, rebèl, eskandal, san tanperans, deraye ak anpil lòt ankò.
- **Tanperans:** Fè bagay yo avèk moderasyon. Administre anpil branch nan lavi a avèk anpil bon konprann tankou: finans, tan, relasyon, lasante, talan, elatriye. Sinonim tanperans yo se: kontinans, severite, dousè, konpasyon, disiplin, otokontwòl ak anpil lòt bagay ankò.



Rezime

Dènye kalite fwi lanmou an se tanperans. Pawòl la anseye nou ke lavi kretyen an se yon viktwa sou tantasyon ak anvi epi panse ki ranpli ak peche. Tout disip Jezi yo dwe aprann domine dezi peche ki anchene yo a. Pou ke sa kapab rive reyalize, nou dwe planife plizyè estrateji pou ke nou konpòte nou nan yon fason ki diferan, nan fason ke n'ap santi nou, panse, pale ak aji, yon fason pou ke nou kapab reflete lanmou Bondye pou moun ki nan antouraj nou yo. Pou ke kretyen ak kretyèn nan rive fè ekilib la nan plizyè branch diferan nan lavi yo, se yon devwa ki dirab nan aprantisaj ak pratik disiplin ki pral bay fwi pou glwa Bondye.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Aktivite pou konplete an gwoup de 2 oubyen an gwoup de 3 moun. Move panse ke Jezi te site yo ekri nan tablo ki anba a nan Mak 7:21-22. Nan kolòn ki sou bò goch la, n'ap jwenn yon lis move panse ki kache dèyè peche sa yo. Nan kolòn ki sou bò dwat la, se pou nou ekri tout aksyon ki gen pou wè avèk peche ke move panse sa yo bay kòm rezulta epi se bagay ki komen nan lavi moun k'ap viv nan kominate a.

Dezi ki pouse moun fè sa ki mal	Panse ki gen pou wè ak peche	Kondwit ki fè peche a vini kòm rezulta
Rankin, Remò	Move lide yo	
Dezi pou jwi plezi seksyèl san limit	Adiltè	
	Fònikasyon yo	
	Vòl yo	
Dezi pou ofanse lòt	Touye moun	
	Pale moun mal	
	Mechanste yo	
Dezi pou kontwole ak domine lòt moun	Twonpe moun	
	Lògèy la	
Anvi genyen sa ke lòt moun genyen	vòl	
	jalouzi	
	Twò renmen lajan	
Dezi pou fè sa ke "mwen vle", sa ki fè mwen plezi, pandan ke m'ap meprize sajès lòt yo.	Foli a	

AKTIVITE 2

Fòme twa gwooup epi se pou chak gwooup reponn 2 nan kesyon nan aktivite sa. Answit, pataje repons yo avèk rès klas la.

- a. Mize nan kesyon laj avan moun nan marye (pi fò se aprè 24 ane) epi konsève yon fiyansay pandan plizyè ane, ede jèn yo reziste anba tantasyon nan sa ki gen pou wè avèk sèks. Ki konsèy ke ou menm ou ta kapab bay yon jèn kretyen ki nan sitiyasyon sa?
- b. Laj pou yon moun antre nan relasyon seksyèl se yon bagay ki diminye. Genyen anpil nan adolesan yo ki nan laj 14 ak 19 ane ki deja fè eksperyans ak relasyon seksyèl yo. Kisa nou menm paran ak legliz kapab fè pou ke nou ede adolesan kretyen yo rete tann pou rive jous nan maryaj?
- c. Gwosèt ti fi ak adolesan yo kontinye ap ogmante chak ane pi plis, avèk anpil konsekans ki byen grav pou fanm yo, ti moun nan, fanmi li avèk tout sosyete a. Kòman nou kapab ede pitit fi nou yo pou yo pratike otokontwòl sou dezi seksyèl yo.
- d. Nan anpil peyi sou latè, y'ap apwofondi batay pou dwa fanm yo kapab manifeste pou yo fè avòtman, san ke yo pa pini pa lalwa. Lè ke yo rive legalize lwa sa, doktè k'ap travay pou sistèm yo pap kapab refize travay pou fè pwosesis sa yo mache. Kòman n'ap kapab ede yo touye pil ti bebe inosans sa yo? Kisa yon doktè ki kretyen kapab fè fas ak yon sitiyasyon konsa?
- e. Kòman w kwè ke nou ta dwe abòde tèm danje pònografi avèk gwou jèn yo, fanm ak gason ki kretyen yo?
- f. Kòman n'ap kapab pwoteje ti moun nou yo kont ideyoloji sèks move entansyon sa k'ap konfonn lespri ak idantite yo ki nan fòmasyon?

AKTIVITE 3

Grafik: Disiplin pou otokontwòl la.



AKTIVITE 4

Pou mete objektif pou kwasans ou pou direksyon yon lavi ki gen matirite epi ekilibre, swiv enstriksyon ki anba yo.

- a. Idantife youn oubyen de pouse ki gen peche ke w dwe eliminate nan lavi ou? Pran yon minit pou w priye epi mande pou Lespri a gide panse w yo avan ke w ekri.
- b. Pran yon tan pou w raple w kòman ou aji lè ke pouse sa yo domine w. Aprè sa, ekri chak estrateji ke w pral aplike nan chak ka, pou w kapab aji yon fason ki diferan, yon fason ki demonstre lanmou Bondye a ki sen k'ap aji nan lavi ou. Avan w ekri, mande Bondye yon sajès ki pratik.
- c. Pran yon tan pou w revize lavi w avèk èd Lespri Sen an. Èske genyen kèk branch nan lavi w ki an dezòd? Èske genyen kèk pati ki manke plis ekilib?
- d. Ki lide ke Sentespri a fè vini nan lespri w ke ou dwe fè pou ke ou disipline tèt ou pi plis nan pati sa yo? Ekri kèk plan ke w konte mete an pratik depi jodi a.



Fwi Lespri a nan Legliz la

Leson 12



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Konprann** ke divizyon nan legliz la se yon mal ke nou dwe awfondre.
- **Aprann** bay lavi li enpòtans epi renmen pwòp tèt pa li nan yon fason ki ekilibre.
- **Pran** angajman pou demonstre lanmou li pou Bondye atravè sèvis pou lòt moun.
- **Reflechi** sou enposiblite pou pratike koinonia nan pèp Bondye a san fwi Lespri a.



Resous Yo

- Chwazi youn nan opsyon sa yo selon posiblite w yo:
Yon devinèt ki gen plizyè gwo pyès. Tankou pou ti moun piti.
Yon jwèt ki gen plizyè pyès ki gen kalite Lèg ki gen plizyè koulè diferan, fòm ak wotè.

Entwodiksyon]]]

Youn nan anpil defi ke legliz la fè fas nan istwa li se rete nan linyon. Nan Amerik Latin nan, nou temwen kijan anpil legliz kretyèn yo vin separe fè de kongregasyon akoz de moun yo ki pa dakò sou kèk pwen. Mank de amoni nan mitan kretyen yo se yon move temwayaj pou mond lan k'ap obsèye nou.

Tèt ansanm ant manm yo nan yon legliz lokal pap rive fèt atravè mirak, ni avèk bagèt majik, inite a kapab rive fèt, legliz dwe toujou travay sou sa. Men, pou kisa li tèlman difisil pou nou ini pitit Bondye yo?

[[[Mete elèv yo monte devinèt la oubyen monte yon kay avèk jwèt lèg la. Aprè yo fini, mande klas la: èske pyès ke nou itilize yo menm? Nan ki fason nou kapab wè yo diferan? Kisa nou kapab aprann de aktivite sa konfòm avèk diferans ak inite manm legliz yo?]]]

Nan Amerik la, nou menm kretyen evanjelik yo nou vin grandi anpil nan dènye ane yo, pandan nou menm rive yon kantite 20 pouzan nan popilasyon an jeneralman nan reyon an. Legliz Katolik pèdi monopòl ke li te kenbe depi plis pase 500 ane depi nan envazyon espanyòl la. Jounen jodi a, genyen plis jèn espanyòl nan Legliz Evanjelik yo kont Legliz Katolik Womèn nan.

Nou menm ki fè pati gwoup evanjelik yo, nou vin tounen yon gwo fòs sosyal ki vrèman enpòtan, pandan ke l'ap depase plis pase 40 pouzan nan popilasyon (Gwatemala, Onndiras, Nikaragua). Kwasans sa pèmèt ke nou rive atenn anpil pozisyon lidèchip nan gouvenman ak anpil lòt branch nan espas piblik la, pandan ke nou rive atenn wo nivo nan otorite politik la nan kèk peyi. Men, nan mitan tout gwo reyalizasyon sa yo, divizyon yo kontinye pèsiste toujou.

Genyen anpil gwo defi ki prezante devan nou nan kominate nou yo, nan peyi ak reyon nou yo. Pou ke nou kapab moun ki pote benediksyon nan mond nou an, nou dwe mete vwa nou yo ansanm epi leve men kont mal k'ap ravaje pèp nou yo. Kòm Legliz, nou dwe repran chemen tèt ansanm nan epi aprann viv ak sèvi mond lan atravè fwi Lespri a.

Nan lesyon sa, n'ap etidye kòman pou nou konstwi inite nan mitan pèp Bondye a ak kòman pou nou mete fwi Lespri a an pratik nan favè mond lan.

1. FWI A AK INITE LEGLIZ LA

Youn nan anpil karakteristik ki plis enpòtan nan inite legliz la ki mansyone nan Nouvo Testaman an se akonpayman ant mamm yo oubyen *koinonia*. Tèm grèk koinonía se yon vokabilè ke Pòl te souvan itilize nan lèt li yo, pou 1 te fè referans ke kretyen yo dwe viv nan tèt ansanm youn avèk lòt. *Koinonía* dekri yon santiman pwofon ki gen pou wè avèk lanmou fratenèl, yon lanmou ki anvelope frè ak sè nan lafwa yo. Lanmou sa se lyen espirityèl ki relye mamm legliz yo.

[[[Mande pou yon elèv li Women 5:5 epi mande klas la: Ki kote lanmou ki ini manm legliz yo soti?]]]

Sa se yon lanmou ki soti nan Bondye, se yon kado Bondye pou legliz li a, fanmi li. Lanmou sa dwe preznan tout relasyon ant manm legliz yo. Se lanmou agape a, yon lanmou san egois, ki pa mwayen nati li atache moun avèk moun. Nou kapab afime ke yon legliz kote ke pa genyen lanmou ant manm li yo, se pa yon legliz ki fèt nan Lespri Sen an, paske Sentespri a se lanmou epi pa genyen yon lòt fòm pou ke moun viv nan Lespri a si se pa yon lavi ki ranpli ak kalite lanmou Bondye yo.

[[[Mande elèv yo pou ke yo obsève ankadreman aktivite 1.]]]

Nan ankadreman sa, nou obsève nan bò goch la anpil fason kote ke kretyen ki ranpli ak Sentespri yo atache youn avèk lòt. Yon legliz konsa, bay valè ak akonpayman, li ankadre novo konvèti yo epi rezoud plizyè konfli diferan ki egziste ant yo nan yon fason ki byen pozitif. Kwayan yo kiltive anpil relasyon zanmitay, youn sipòte lòt epi ankouraje youn lòt.

Kote goch la reprezante fason moun ki nan yon legliz pran relasyon ant yo, lè yo kontwole pa mwayen egois. Manm yo ki fè pati legliz sa nan nesesite fwi Lespri a, nan lide pou ke yo kapab vin pitit fi ak pitit gason Bondye epi aprann viv ak sèvi Bondye nan tèt ansanm.

Lanmou ki sen an	Egois
Konpreyansyon	Entolerans
Semserite	Ipokrizi
Konfyans	Dekonfyans
Frajilité	Remen plede
Padone	Rayi
Renmen bay	Ava
Renmen koute	San ekout
Bon jan, pozitif	Move jan, negatif
Esperans	Dezespwa




◦ Mande elèv yo pou yo òganize konkou ki nan aktivite 2.

2. FWI A AVÈK LÈNMI INITE LEGLIZ LA

Yon legliz ki divizi kapab jwenn Satan manipile li byen fasil. Pou konstwi inite a, fòk nou rejte tout ogèy epi mete fwi Lespri a an pratik nan kominote lafwa nou an. Kòman nou fè li? Nou kapab rezime pwosesis sa an twa etap:

[[[Desine grafik sa nan tablo a.]]]



Jan ke nou wè nan grafik la, premye etap pou vin konstriktè inite a se mande Bondye pou ke li ranpli nou avèk Sentespri a, pou ke tout kalite lanmou Bondye yo devlope nan lavi nou. Jan ke nou te wè nan leson pase yo, si nou kolabore avèk Sentespri a, n'ap kapab wè transfòmasyon pwogresiv la nan fason ke n'ap panse, santi, pale ak aji, konfòm ak modèl Jezi a.

[[[Mande pou yon élèv li Women 12:1-8.]]]

Nan Women chapit 12:1-2, apot Pòl dekri eksperyans sa ki pèmèt ke lavi nou sibi yon chanjman konplè, pou ranpli nou avèk lanmou Bondye epi viv nan sentete konfòm ak volonte li. NAn vèsè 3, li di ke an mezi ke fòmasyon sa ap pran vitès, ap genyen yon chanjman nan fason ke n'ap panse osijè de nou menm menm. Pòl pale osijè de genyen yon konsèp ki ekilibre sou enpòtans lavi nou.

Sosyete ki antoure nou an pa anseye nou renmen pwòp tèt nou nan yon fason ki ekilibre. Nan tan lontan, yo te fè teyoloji dolè a fè anpil popilarite, yo te fè konnen ke chemen pou rive nan pèfeksyon kretyèn nan kapab rive posib sèlman atravè gwo sakrifis ak rechèch imilyasyon. Yo te menm rive fè konprann ke lè yon moun renmen pwòp tèt li se yon peche li ye. Yo te konsidere ke lòm pa genyen anyen ki bon nan li, akoz de peche oriiginèl la ki abite nan chè li. Kesyon pou moun maltirize pwòp tèt yo epi bay anpil pinisyon kòporèl youn kont lòt nan monastè yo te yon bagay ki te fèt toutan. Moun sa yo tou ki te pote non “penitansye yo” te konn pwomennen nan tout vil yo pou fè demonstrasyon sa yo nan plen biblik.

Jouskaprezan nan tan ke n'ap viv la genyen anpil kretyen k'ap pratike pelerinaj, jèn sevè yo, dòmi atè ak anpil lòt penitans avèk entansyon pou mòtifye kò a, atenn imilite epi soumèt pasyon peche yo ki nan kò a. Malerezman, pratik sa yo fòtifye lespri moun nan epi fè li plis pwoche bò kote Kris la ase epi ke, lavi sentete a ap rive posib sèlman atravè yon lavi de soufrans.

Men, pa genyen okenn baz biblik pou kondwit otodestrikтив sa yo, men se tout kontré. Nan Ansyen Testaman, espesyalman nan senk premye liv yo, nou jwenn anpil ansèyman Bondye pou pèp li a, kenbe yon rejim ak abitid ki bon. Jezi te konn pratike anpil prensip ki bon pou lasante, tankou egzèsis ak jèn.



.....◦ Mande élèv yo pou yo konplete aktivite 3.

Renmen pwòp tèt nou yon fason ki ekilibre vle di, founi bay kò nou, lespri ak kè nou, plizyè kondisyon ak sipò ki nesesè pou yon lavi ki ansante. Se poutèt sa ke nou dwe korije nenpòt kwen kote nou tonbe a.

Yon kote, nou genyen anpil moun ki trete kò yo kòm si se ta yon bwat poubèl. Anpil moun, menm kretyen pa konnen kijan pou yo renmen pwòp tèt yo epi sa ki pi mal la, yo rayi youn lòt. Yo pa byen trete youn lòt, yo pa konsève yon bon ijjèn, yo pa byen manje, yo pa fè bon egzèsis, yo pa al lopital pou fè okenn tchèk, yo pa alimante lespri yo avèk panse ki bon, yo neglige lasante espirityèl ak emosyonèl yo. Nan lòt sans lan, nou jwenn kèk moun ki pran swen tèt yo twòp, sa vin fè ke nan fè sa, sa vin tounen yon vis ak yon okipasyon ki absòbe tout enèji yo epi yo vin pa gen tan pou yo sèvi Bondye ak lòt yo. Nan gwoup sa, nou jwenn moun sa yo ki fè twòp efò pou yo pran swen aparans yo, men yo neglige lòt pati ki enpòtan yo tankou lavi espirityèl ak emosyonèl yo, san sa, yo p'ap janm genyen yon sante entegral ki ekilibre. Neglijans kont nenpòt branch nan lavi nou se yon move administrasyon. Pran swen kò nou depase se idolatri, ki vle di rann kilt pou pwòp imaj nou.

Jean Monbourquette ki se prêt epi sikològ di ke kesyon ke anpil moun souvan ap poze nan konsiltasyon yo se: “èské mwen bon ase pou m jwenn moun renmen mwen?” Sa vle di, lanmou pou pwòp tèt nou depan de fòm ke nou wè epi konsidere enpòtans nou, nan lòt sans yo, si nou santi ke nou merite pou ke moun renmen nou nan yon fason ki san kondisyon.

Pi gwo eksperyans lanmou ke yon moun eksperimante nan lavi sa se ke li dekouvri ke Bondye, Kreyatè li a renmen li san kondisyon. Lè nou pran konsyans de jan ke lavi nou enpòtan pou Bondye, nou kòmanse wè nou avèk lòt je. Se yon eksperyans ki transfòme nou konplètman!

Nou vle pou lanmou sa anvayi nou pi plis toujou, li menm ki satisfè swaf pwofon pou moun aksepte nou an nan fon kè nou chak. Nan nouvo relasyon sa avèk Papa a, nou aprann ouvri nou pi plis pou

lanmou sa, k'ap antre nan tout venn ki nan kò nou, pandan l'ap geri blese ke eksperyans pase nou yo te kite. Lanmou sa anseye nou gade pase nou yo epi padone pwòp tèt nou pou tout erè ke nou te komèt yo.



○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4.

Li pa posib pou initie a konstwi nan legliz la san eksperyans pèsònèl lanmou san kondisyon sa. Yon moun ki pa renmen pwòp tèt li epi konsidere li genyen anpil enpòtans pap kapab renmen ak bay lòt moun enpòtans. Yon imaj de pwòp tèt ou enpòtan anpil pou konstwi bon relasyon avèk lòt moun yo. Se rezon sa ki fè ke nou ta kapab di ke pi gwo lènmi initie legliz la se yon moun ki pa renmen pwòp tèt li nan yon fason ki ekilibre. Lanmou Bondye a geri nou de otoestim ba ak egois, ògèy ak endividyalis. Eksperimante lanmou Seyè a ki geri se yon bagay ki endispansab pou kiltive relasyon ant moun avèk moun. Se sèlman lè ke lanmou sa anvayi tout nou menm tankou yon larivyè, se lè sa ke nou kapab aprann renmen pwòp tèt nou ak lòt yo avèk lanmou Bondye a ki sen.

3. FWI A AVÈK SÈVIS LA

Nan pwen avan an, nou te wè ke lè nou eksperimante lammou Bondye a, nou aprann bay pwòp tèt nou valè epi pran swen tèt nou. Lanmou sa fè nou rete fèm, li ranpli nou avèk vizyon ak enèji pou nou renmen lèzòt yo. Poutan, lè ke nou bay tèt nou valè, lè ke nou genyen yon imaj pòv de pwòp tèt nou, don avèk kapasite nou yo pou sèvis la pral neglige. Yon lòt kote, yon atitud ògèy ak remò se bagay ki vrèman danjere lè nou kwè ke nou pi enpòtan pase lòt moun.



○ Mande pou elèv yo konplete aktivite 5.

Nan Efezyen 2:19-22, apot Pòl konpare Legliz la avèk yon gwo kay. Se Jezi Kris ki bay sipò ak tout konstriksyon an, epi se apot yo avèk pwofèt yo ki fondasyon li. Beton yo te koule avèk lavi epi sèvis kretyen ki te vini avan nou yo. Travay konstriksyon gwo kay sa pa janm fini, men si ke aprè anpil ane, materyèl konstriksyon yo kapab chanje, menm jan avèk teknik konstriksyon, espesyalite ak kapasite travayè yo.

|||| Mande pou yon elèv li Efezyen 2:19-22. ||||

Lè ke apot la pale de “tanp”, li pa fè referans ak edifis fizik kote nou reyini pou nou adore, men pito ak lavi tout moun sa yo ki fè pati de yon kongregasyon lokal. Pòl avèti nou ke pou ke yon legliz kapab vin yon tanp ki sen nan je Seyè a, chak brik ki plase dwe ranpli ak fwi Lespri Sen an, se sèlman konsa l'ap kapab byen pran plas nan konstriksyonan epi bay nouvo pyès ki pral ajoute nan lavni yo sipò. An mezi ke Sentespri a ap abite nan chak ti moun, jèn, gran moun ak ansyen ki nan legliz yo, l'ap vin tounen “kay kote Bondye abite atravè Sentespri a”. Konsa, nou kapab wè de kondisyon endispansab pou tout moun sa yo ki patisipe nan konstriksyon legliz la: vin ranpli ak Lespri Sen an epi travay nan tèt kole avèk lòt yo.

Genyen anpil kretyen ki nan konfizyon osijè de sa ke Bondye ap atann de yo. Yo twonpe tèt yo nan kwè ke lè yo mennen yon lavi de sentete, toujou ale legliz epi kontribye nan bay ladim ak ofrann yo se bagay ki sifi. Kretyen ki konsa yo anbwase lafwa nan yon fason ki egois. Yo konsève tout bèl bagay ke Bondye fè yo nan lavi yo, men yo pa renmen lòt yo sifi tankou pou ta ba yo yon pati nan lavi yo. Nou ta kapab rele yo kretyen pasif oubyen kretyen ki pa tèlman enterese ak lòt moun. Se avèk sa ke apot Jak te fè referans nan lèt li a:

|||| Mande pou yon elèv li Jak 2:17. ||||

Selon Jak, li te klè ke lafwa ki pa manifeste ak zèv lanmou anvè lòt yo se yon lafwa ki mouri, yon lafwa ki pa ede nou grandi nan sentete. Lafwa sa se pa zèv Sentespri a. Lè ke yon kretyen eksperimante prezans Sentespri a nan lavi li, lanmou Bondye a anvayi tout li menm epi li vle pataje lanmou sa avèk lòt yo. Apot Pyè te konfonn tou osijè de kalite angajman ke Jezi t'ap atann de li.

|||| Li Jan 21 :15-19. Answit, mande klas la: Konbyen fwa Jezi te mande Pyè si li te renmen ! ||||

Jezi di nan vèsè 18-19: “Sa m’ap di ou la a, se vre wi. Lè ou te jenn ti gason, ou te konn mare sentiwon ou pou kont ou. Lè sa a, ou te konn ale kote ou te vle. Men, lè wa fin grammoun, wa lonje de bra ou konsa, se moun ki va mare sentiwon ou pou ou. Lè sa a, y’ a mennen ou kote ou pa ta vle ale. (Lè Jezi t’ap pale konsa, li t’ap moutre ki jan Pyè tapral mouri pou sa te sèvi yon lwanj pou Bondye.) Apre sa, Jezi di li: Swiv mwen”. Nan bon sans, Jezi di li : Pyè, li fè lè pou ke w kite m dirije w. Kite m pran kontwòl lavi ou! Tan pou Pyè responsab pwòp tèt li a te rive nan bout li. Li te nan nesesite pou 1 kòmanse responsab pou lòt yo, li te bezwen pran matirite.

Li pa sifi pou nou sèlman di Bondye ke nou renmen li avèk pawòl nan bouch nou, Bondye vle wè lavi nou lage nan men li, ap sèvi nan lèv li a. Jezi te di Pyè ke li te dwe demonstre lanmou li pandan ke l’ap sèvi lòt yo nan bezwen yo, espesyalman moun ki novo nan lafwa yo. Pyè te nan nesesite pou 1 te fè yon pa anplis nan lafwa, pran yon angajman avèk yon lavi ki pou bay sèvis.

Se pandan, ministè Pyè a te kòmanse nan jou Lapannkòt la, kote ke li te ranpli avèk Sentespri a (Travay 2). Se apati de la ke li te anbwase Gran Komisyon an pou fè disip nan tout nasyon yo. Tout sa ki ta kapab frennen li nan yon tan te vin mete yon bò. Aprè ke li te fin ranpli ak Sentespri a, Pyè te kapab finalman demonstre ke lanmou li pou Seyè li a te pwofon epi vrè. Travay ki t’ap rete tann Pyè te vrèman difisil, enposib pou reyalize san fwi Lespri a. Apèl li te gen pou wè ak pastore, sa vle di pran swen, egzòte, gide, akonpanye epi mache ansanm ak novo disip yo. Atravè istwa, nou konnen ke Pyè te yon gran antrenè ki te pakouri tout legliz yo pou transmèt yo ansèyman ke li te resevwa nan men Jezi yo.

Tout moun k’ap sèvi nan yon ministè pou Bondye dwe ranpli avèk Sentespri a. Nou pral sèvi ak pwochen lesion an pou ke nou dekòtike tèm sa.



Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Otopenitans:** Aksyon pou pini pwòp tèt ou.
- **Penitans:** Fòm pinisyon kòporèl kote ke moun nan itilize kèk bagay tankou “fwèt, kòd, rigwaz, etc.). Li gen pou wè avèk frape kò a byen fò epi fè li senyen.
- **Koinonía:** Mo grèk ki itilize nan Nouvo Testaman pou dekri relasyon lanmou fratènèl ak akonpayman oubyen kominyon ant manm legliz yo.
- **Penitans:** Youn nan sakreman Legliz Katolik Womèn yo ki gen pou wè avèk akonplisman kèk aksyon ke prêt la mande aprè konfeson peche a. Legliz pwotestan yo pa pratike sakreman sa, déjà ke Bib la anseye ke padon peche a se yon kado ki gratis (Efezyen 2 :8-9).
- **Pelerinaj yo:** Vwayaj ki genyen pou destinasyon rive nan yon espas enpòtan pou lafwa kwayan an (sanntyè, tanp, tonm ak anpil lòt ankò). Jeneralman, yo fè sa atravè plizyè mach ki egzije yon gwo efò fizik. Objektif sakrifis sa kapab varye ant efase kèk peche, jwenn gras nan je Bondye pou resevwa kèk favè oubyen di mèsi pou kèk demann ke dye ta reponn. Sa rive pratike pa mwayen kèk manm Legliz Katolik Womèn ak anpil lòt reliyon, men li pa pratike pa Legliz Evanjelik yo.



Rezime

Nan tout istwa, rive etabli inite nan legliz la te toujou yon gwo defi. Koinonía oubyen akonpayman ant manm ki nan fanmi Bondye yo, sa kapab rive posib sèlman pa mwayen travay Sentespri a ak don lanmou li pou chak manm li yo. Yon konsèp ki ekilibre osijè de sa ap endispansab pou aprann renmen lòt yo, men, genyen anpil moun ki genyen yon lide ki pa twò klè osijè de pwòp lavi yo. Se sèlman lè ke nou konprann lanmou san kondisyon Kreyatè a anvè nou epi nou ouvè lavi nou bay lanmou sa, se lè sa ke n’ap aprann wè ak bay tèt nou valè menm jan ke Bondye fè sa. Apati de eksperyans sa ki gen lasante ak transfòmasyon ladan li, n’ap kapab eksprime lanmou nou pou lòt yo epi remèt lavi nou pou sèvis Bondye a ak lòt yo san egoysis.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Ankadreman Konparezon.

Legliz ki ranpli ak Lespri a	Legliz ki ranpli ak egois la
Konpreyansyon	Entolerans
Senserite	Ipokrizi
Konfyans	Dekonfyans
Frajilite	Remen plede
Padone	Rayi
Renmen bay	Ava
Renmen koute	San ekout
Bon jan, pozitif	Move jan, negatif
Esperans	Dezespwa

AKTIVITE 2

Evalye an gwoup de 3 a 4 patisipan akonpayman ki genyen kounye a ant manm kongregasyon w yo. Make karakteristik sa yo ke w obsève nan legliz ou a, sa yo ki pozitif ak negatif. Aprè sa, reponn kesyon sa yo.

- Obsève tout karakteristik negatif ke nou make yo. Kòman ke manifestasyon ògèy pèsonèl la afekte inite legliz nou an, si nou pa korije yo?
- Obsève tout karakteristik pozitif ke nou jwenn yo. Kòman ranfòsman sa yo ke nou genyen nan relasyon entèpèsonèl nou yo ede nou domine aspè negatif ke nou rankontre yo?
- Èske genyen anpil moun nan kongregasyon nou an ki jouskaprezan ap goumen avèk pwoblèm ògèy la? Kòman nou kapab ede yo pou ke yo kapab resevwa prezans fwi Lespri a epi aprann atache avèk frè parèy yo nan lanmou?

AKTIVITE 3

Reponn an gwoup de 1 a 3 patisipan.

- Site kèk abitid reliye ke moun nan kontèks ou yo pratike avèk entansyon pou atenn padon oubyen favè Bondye atravè sakrifis pèsonèl ak pinisyon kò a.
- Mansyone kèk egzanp sou kòman ke nou dwe founi pou kò nou, nanm ak lespri nou tout kondisyon ak sipò ki nesesè pou yon developman ki ansante.

AKTIVITE 4

An gwoup de 2 a 3 moun, konplete fraz sa yo, pandan ke w'ap chèche nan bib la kèk pasaj ki anseye nou jan ke nou espesyal, jan ke bondye renmen nou.

- Tou nou menm se yon _____ espesyal Bondye. Bondye pa _____ fatra (Jenèz 1:27 ak 5:2).
- Nou te fèt pi piti pase _____ (Sòm 8:5a).
- Nou se _____ glwa li (Efezyen 1:5-6 ak Sòm 8:5b).
- Li te ban nou kapasite pou nou _____ (Sòm 8:6-8).
- Kò nou se _____ Sentespri k'ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou ankò (1 Korentyen 6:19).
- “Sou pwen sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou _____” (Women 5:8).
- Pa genyen anyen k'ap kapab _____ de lanmou Bondye (Women 8:35 ak 39)

AKTIVITE 5

An gwoup de 2 oubyen 3 moun, reponn kesyon sa yo.

- a. Ki relasyon ki genyen ant pran swen sante nou ak sèvis ke nou ofri Bondye ak pwochen nou yo?

- b. Nan ki fason swen lasante a kapab anpeche fwi Lespri a devlope nan lavi nou epi vin yon benediksyon pou lòt yo?

- c. Kòman negligans sante mwen afekte temwayaj mwen?

- d. Èske genyen kèk pati ke mwen dwe kòmanse pran swen pi byen apati de jodi a, pou ke mwen kapab vin yon enstriman ki itil nan lèv Seyè a? Ekri plan ke w genyen yo pou w kòmanse depi nan semèn sa.

Egzèsis Don yo ak Fwi Lespri a

Leson 13



Objektif Leson An

Se pou elèv la...

- **Identifye** move opinyon ke yo te genyen osijè de don yo.
- **Konprann** ke don yo se bagay ki efemè, men fwi Lespri a la pou toujou.
- **Reflechi** sou tout danje pratik don yo san lanmou yo enplike pou legliz la.
- **Angaje** li pou sèvi lòt yo nan lanmou, pandan ke y'ap foure tèt yo nan ministè legliz la.



Resous Yo

- Chwazi 5 balèn (dife) ki tou piti (si yo se plizyè koulè, se pi bon toujou) ak yon gwo balèn ki byen long.
- Alimèt oubyen yon brikè.
- Yon gwo pla pou sipòte balèn yo epi evite ke yo deplase tab la. Balèn yo plase nan pla a, ou kapab mete pi gwo a nan mitan epi ti piti yo nan antouraj yo, oubyen mete gwo balèn nan akote epi nan lòt kote a, tout ti piti yo.

Entwodiksyon]]]

Pòl te twouve li sou plas pou konstriksyon legliz la nan Efèz (se te nan lane 52 ap.K anviwon), lè li te resevwa yon gwoup frè ki te sòti nan legliz Korent, non frè sa yo se te Estefanas, Fòtenatis ak Akaykis (1 Korentyen 16:17). Yo te vini rakonte li kèk dezòd ki t'ap pase nan kongregasyon kote yo te ye a. Youn nan pwoblèm sa yo se te konkou ki te genyen nan mitan yo pou itilizasyon don yo ak konfizyon ke yo te genyen osijè de orijin ak objektif yo. Se nan okazyon sa ke Pòl ekri lèt 1 Korentyen.

Jouskaprezan, genyen anpil moun ki konfonn don Lespri yo avèk fwi Lespri a. Si byen ke yo tou de se kado ke nou resevwa nan men Bondye pa mwayen lagras, nou pa dwe konfonn youn avèk lòt. Se poutèt sa ke nou pral konplete etid sa sou fwi Lespri a, pandan ke n'ap etidyé kòman kalite lanmou yo relye avèk egzèsis don yo.

[[[Mande pou elèv yo konplete aktivite 1,
kote ke y'ap kapab evalye konbyen bagay ke yo konnen osijè de don yo.]]]

Etid Biblik]]]

1. ORIJIN AK OBJEKTIF DON YO

Mo grèk ki itilize pou don an se *carisma*, epi pou don yo opliryèl se *carismata*. Nan sans orijinal li, mo sa vle di: kado gras Bondye a. Nan Bib la, yo itilize li pou siyale kèk kapasite espesyal ke Lespri a bay chak disip Seyè a, pou itilize yo nan sèvis Bondye.

Ann wè kisa ke Pòl anseye sou orijin ak objektif don sa yo oubyen carismas ke Lespri a distribye yo:

[[[Li 1 Corinthians 12:1-11 ansanm.]]]

Nan chapi 12 sa, Pòl kòmanse pandan l'ap eklèsi orijin ak objektif don espirityèl yo ki te manm yo te resevwa nan legliz la nan Korent. Ann wè:

Yo se don “espirityèl yo”.

Genyen kèk moun ki twouble lè yo panse ke don espirityèl yo se kapasite ki natirèl oubyen bagay ke moun nan pote nan ADN yo, e poutan, don yo pa genyen anyen pou wè avèk kapasite ke nou genyen depi lè nou te fèt la. Yo pa pwodwi entèlijans pèsònèl, edikasyon, efò pèsònèl oubyen eksperyans ke moun nan rive genyen pandan tout lavi li non plis.

Don yo se bagay ki soti nan Bondye. Nan pwochen grafik la, nou kapab wè angajman trinite a (vèsè 4-7), kote ke yo chak ap jwe wòl yo pou founi zouti bay legliz la pou misyon an.

[[[Desine grafik la nan tablo a.]]]



Se vre tou ke tout don yo pwofite epi pèmèt tout sa ke nou ye pou ministè nou. Pa egzanp, an nou panse ak yon moun ki te etidyé teknik nan kominikasyon, ki posede yon vokabilè ki byen laj, li konnen anpil metòd sou edikasyon epi etidyé elokans.

Aprè sa, lè li vin konvèti, li resevwa don pwofesi (predikasyon ak ansèyman). Etid ak eksperyans ke li te fè avan yo pral anrichi ministè li, men pa genyen anyen nan sa yo k'ap kapab fè li gen pasyon, pouvwa pou 1 konvenk, enspirasyon ak carisma espesyal ki soti nan Lespri Sen an epi ki fè ke don sa vin efikas pou transfòme lavi moun k'ap koute yo.

Yo se kanal pou ke lanmou Bondye a kapab koule.

Nan legliz Korent lan, moun yo te konn itilize don yo avèk entansyon pou yo te genyen anpil fanatik, pou yo te kapab rekonèt anpil, pou yo te kapab jwenn lonè, respè, otorite ak pasyon andedan legliz la. Èske menm bagay la pap pase andedan kèk legliz kretyèn jounen jodi a?

Nan vèsè 7, Pòl afime ke don yo se “manifestasyon Lespri a pou benefis tout moun” (1 Korentyen 12:7). Sa vle di, don yo se pou benefisyè lòt yo, pou satisfè bezwen lòt yo, lè n'ap kòmanse avèk frè ki nan menm fanmi lafwa avèk nou yo. Bezwen moun yo varye anpil. Genyen nesesite lasante oubyen bagay materyèl, men tou, yo gen nesesite fòmasyon disip, konsèy ak gid tou.

Lè ke nou obeyisan, Lespri a satisfè tout bezwen pèp li a.

E poutan, nan legliz kounye a, pi fò nan kongregasyon yo pa foure kò yo nan ministè legliz la. Estatistik yo fè konnen ke patisipasyon nan ministè yo andedan ak deyò tanp lan apèn rive 20 poustan nan manm yo, pandan ke yon 80 poustan ap obsève.

[[[Mande klas la: Èske nou aplike estatistik sa nan legliz kote nou ye a? Èske li posib pou ke Sentespri a founi bezwen tout kongregasyon an lè ke sèlman 20 poustan mete don pa yo a an pratik? Kòman nou ta dwe wè legliz: Kòman plas kote nou pral jwi sèvis ak plas kote paske “n'ap sèvi Bondye”?]]]



○ Fè klas la konplete aktivite 2.

Li ban nou kapasite pou ke nou sèvi selon apèl endividyèl nou.

Se chak moun ki resevwa chak don nan yon fason ki endividyèl (1 Korentyen 12:7). Nan 1 Korentyen 12:18, Pòl di konsa : “Men, Bondye mete divès manm nan plas yo nan kò a, jan l’ vle”. Nou pa kapab chwazi don yo, men pito se Bondye ki chwazi nou pou ke nou sèvi kòm depo don sa yo.

Pòl site plis pase 20 entelijans oubyen kapasite ke Lespri Sen an te distribye bay legliz Korent lan. Sa yo se don ke Legliz Korent lan te bezwen pou l’ reyalize ministè li.



○ Gide elèv yo pou yo konplete aktivite 3.

Bondye nan sajès li, li konnen sa ke chak legliz bezwen pou sèvis li, ni anvè manm li yo, ni pou vwazinay li yo. Don yo tou varye selon chak epòk. Nan lèt ke Pòl te ekri moun Korent yo, li di yo konsa ke legliz la pat manke okenn don (1 Korentyen 1:7). Nou menm tou nou kapab gen konfyans ke Bondye pral ban nou tout zouti ke nou bezwen pou ministè a.

Don yo distribye ant tout manm yo. Chak nouvo disip ki pran plas li nan kongregasyon an resevwa don espirityèl yo nan menm moman kote li fèt yon lòt fwa a. Se poutèt sa ke nouvo disip la dwe pran plas li nan fòmasyon disip la depi davans pou ke li aprann baz lavi kreyèn nan, dekouvrir don ak apèl li yo. Aprè sa, l’ap bezwen antrene pou li antre nan ministè yo ki nan legliz la.

Sèlman si nou fè vrè fòmasyon disip yo, pandan n’ap anseye yo viv nan sentete epi pran angajman avèk ministè legliz la, n’ap kapab konbat pasivite ke n’ap fè fas nan kongregasyon yo jodi a.

2. DON YO AP FONKSYONE NAN LEGLIZ LA

Pou ke nou kapab fè plis limyè sou pou kisa, apot la konpare legliz la avèk kò imen. Selon Pòl, legliz la se kò Kris la, yon kò ki genyen Jezi Kris kòm baz li, li menm tou ki te vini nan mond lan pou l’te kapab fè avanse wayòm Bondye a atravè miltiplikasyon disip.

Ilistrasyon sa ede nou konprann inite ki dwe egziste nan legliz la, menm nan mitan divèsite, pou ke li kapab akonpli avèk objektif ke li te kreye pou sa. Ann wè kèk ansèyman enpòtan osijè de kòman nou itilize don yo nan legliz la.

[[[Li 1 Korentyen 12:12-31.]]]

a) Pa genyen okenn don ki plis enpòtan pase lòt yo

Menm si genyen anpil don ki envizib ke lòt, yo tout enpòtan pou bon fonksyonnanman kò Kris la. Genyen don ki pi senp pase lòt, petèt yo pa tèlman vizib, men yo vital pou fonksyonnanman legliz la.

[[[Mande klas la: Èske nan legliz nou, nou konsidere ke kèk don ki plis enpòtan pase lòt?
Kisa nou panse ki plis enpòtan ak mwens enpòtan? Èske sa bon pou ke nou fè diferans sa yo?
Kòman moun sa yo k’ap sèvi yo santi yo avèk don yo “ki gen mwens enpòtans”?]]]

Pa genyen don ki plis enpòtan pase yon lòt, yo tout nesesè. Pa genyen don ki gen plis valè pase lòt pou Bondye epi yo pa dwe konsa pou legliz la non plis. Se poutèt sa nou pa dwe meprize okenn don.

Pòl di ke pa genyen okenn rezon pou li santi li ògèye akoz de don yo, déjà ke objektif don yo se pa pou fè nou santi nou plis enpòtan pase lòt yo. Se pa lagras ke nou resevwa don yo, se pa paske nou merite yo. Menm vokabilè don an vle di kado. Don yo pa dwe itilize avèk awogans oubyen ògèy, men pito avèk yon atitud imilite. Nou se sèvitè Seyè a avèk legliz li a. Ògèy ak awogans yo pa soti nan Bondye, men pito se nan Satan.

b) Ministè nan legliz yo se pou yo kapab travay an ekip

Pou ke legliz la kapab akonpli avèk komisyon pou fè disip pou Kris nan tout nasyon yo, tout don yo dwe travay nan tèt ansanm lè ke yo fikse menm objektif la. Legliz la se yon kò ki nan misyon. Lè ke chak manm ki nan legliz la ap itilize don avèk kapasite yo, legliz la kapab reyalize misyon sa avèk efikasite. Imaj kò Kris la fè nou sonje ke pa genyen okenn don ki ase pou akonpli demann yon misyon ki tèlman gran. Nou bezwen travay nan tèt ansanm, lè ke n'ap konplete nou youn lòt. Nan fason sa, chaj la vin divize epi nou kapab fè yon travay ki pi ekselan.

Pwoblèm nan se paske kòm abitid, nan legliz yo, yon vye ti gwooup eseye fè tout travay ke tout kongregasyon an ta dwe fè. Ti gwooup sa santi li itil, li santi li reyalize, li santi li enpòtan ak endispansab. Menm si ke manm sa yo kapab genyen bon entansyon, se pa konsa lide fonksyonnan legliz sa ke nou jwenn nan Nouvo Testaman.

|||| Mande klas la: Nou kapab konpare legliz la konsa avèk yon fanmi ki genyen 6 pitit.

Nan fwaye sa se manman ki founi tout nesesite yo.

Ki konsekans ke nou kapab wè depi davans ki pral kapab pwodwi nan lavni pou fanmi sa?

Èske sa se yon fòm ki bon pou distribye responsablite yo? |||

Genyen gwo konsekans negativ nan modèl legliz sa yo kote ke travay la retonbe sou do yon ti gwooup: lidè ki fatige epi malad, pitit ki gen remò kont legliz la oubyen kont Bondye paske li fè yo pa gen atansyon paran yo, yon kongregasyon ki pa grandi nan angajman, mwens elajisman ministè nan kominote a ak anpil lòt ankò. Nou gen nesesite pou ke nou retounen nan modèl legliz Nouvo Testaman an, kote ke yo te anseye chak nouvo manm pou konsakre lavi yo nan sèvis Seyè a.

Sèvi nan plizyè ekip materyèl yo genyen anpil avantaj. Pa egzanp:

- Sa ede nou kontwole ògèy nou. Fwi ki rekeyi nan ministè yon ekip dwe atribye ak ekip la epi se pa ak don oubyen efò yon sèl moun (1 Korentyen 12:21).
- Se fè nou konnen nou pi byen, pou kiltive zanmitay ak sipò ant nou menm (1 Korentyen 12:25).
- Sa pèmèt ke nou konnen kòman nou ye vrèman ak kòman nou reyaji nan plizyè sikontans diferan, pou konsa nou idantife pati ki fèb yo nan karaktè nou, kote ke nou bezwen devlope plis fwi Lespri a.
- Nou wè kretyen yo gen plis matirite an aksyon epi nou aprann sou egzanp yo.

Lè nou fè sèvis yo ansanm, nou pataje lavi nou avèk frè nou yo, olye pou se yon salitasyon yon jou nan semèn nan. Pandan ke n'ap sèvi, ansanm, nou fè fòmasyon disip epi nou jwenn fòmasyon disip tou. Se nan mitan travay ministè a tou kote ke nou edifye youn lòt nan lanmou (Efezyen 4:1-16).

c) Pratik yon don san lanmou pa edifye.

Pwoblèm legliz Korent lan se pat mank de angajman moun yo, men se te tout afè kontré. Anpil manm te konn itilize don yo, menm si nan yon fason ki dezòdone, paske yo te manke yon bagay. Se sou tèm sa ke Pòl te dedye tout chapit 13 la kote kesyon ki plis enpòtan li vle anseye a ye.

■■■ Mande pou yon elèv li 1 Korentyen 13:1-4. ■■■

Apot la kòmanse avèk yon lis don ke Lespri a te bay epi ki te primòdial pou ministè legliz 1a. Sa ki vin pran premye plas epi asireman paske li te yon don ki vrèman enpòtan pou legliz sa, se don pou pale ak entèprete lang etranje yo. Sa te yon zouti enpòtan pou legliz sa, sitou pou ansèyman ak predikasyon. Aprè sa, li site don sajès ak predikasyon, yo tou de a nesesè pou entèpretasyon ak ekspozisyon Pawòl la. Li site lafwa tou, men se pa nenpòt kalite lafwa, men pito se sa ki gen pou wè avèk gwo mirak yo. Finalman, li genyen jenewozite ak dispozisyon pou moun ki mouri anba move tretman an.

■■■ Mande klas la. Si nou pote don sa yo nan yon legliz kontanporen, nou ta genyen: bon tradiktè, bon predikatè, ministè gerizon ak mirak, gwo ministè konpasyon ak moun ki remèt yo pou travay di nan ministè yo, menm nan kèk zòn ki pi difisil ak danjere nan vil la...Ki evalyasyon ke nou ta bay legliz sa? Èske nou ta di ke ministè li yo solid? Èske li genyen yon bon ministè lidèchip? Èske li genyen tout kapasite pou li grandi nan tout dimansyon yo? ■■■

Avèk yon senp rega, sa ta kapab legliz ki bon nèt la, yon pastè ta byen renmen dirije yon legliz konsa. Men sa ki gen valè pou Bondye a se pa sa ke moun kapab wè a, men pito se entansyon ki nan kè a. Legliz Korent lan te genyen anpil bél don, yo te vrèman bon pou misyon an, men yo pat genyen sa ki te plis enpòtan an: yo pat ranli avèk Fwi Lespri a. Lè ke don yo ap itilize san lanmou, yo pa edifye. Ministè li yo gen karans pouvwa Sentespri a, sèl pouvwa ki kapab restore ak transfòme lavi moun yo pou fè yo sanble avèk Jezi ki se Kris la.



◦ Mande pou elèv yo konplete aktivite 4.

Pòl afime ke egzèsis don yo genyen yon sèl kondisyon : tout moun k'ap sèvi nan yon ministè dwe ranpli avèk Lespri Sen an. Lanmou Bondye a fè nou konplemanté nou, olye pou nou fè pari youn kont lòt. Se yon gaspiyay tan, resous ak enèji lè nou sèvi pandan ke n'ap panse ke pa mwayen de kapasite ak talan nou, legliz la devlope. Legliz yo edifye sou lanmou Jezi Kris k'ap koule atravè sèvitè li yo, men se pa sou talan yon gwoup de moun.

3. LANMOU AN SE POU TOUTAN

Nan dezyèm pati nan chapit 13 la, Pòl souliye tout bon kalite lanmou an ki se fwi Lespri a. Yo rekonèt pasaj sa kòm Kantik pou lanmou, epi se yon tèks ki toujou li nan maryaj epi aplike nan relasyon koup yo. Men nou pa dwe blyie ke pou Pòl, lè ke lanmou Bondye a abite nan kè nou epi debòde nan lavi nou nan favè lòt yo, se yon koze ki genyen anpil enpòtans nan tout branch nan lavi nou kòm kretyen ki otantik.



◦ Mande pou elèv yo konplete aktivite 5.

Nan leson avan yo, nou te etidyé tout bél karakteristik fwi Lespri a. Pòl ajoute yon bagay an plis, epi ki byen enpòtan osijè de lanmou sa.

[[[Mande pou elèv yo li 1 Korentyen 13:8-13.]]]

Lanmou Bondye a pa genyen dat pou li ekspire. Yon fwa ke fwi Lespri a vide nan lavi nou, si nou pran swen li, l'ap rete la pou toutan. Lè ke nou antre nan lavi ki pap janm fini an, menm si se atravè eksperyans lanmò oubyen paske Seyè a te ale avèk nou nan Retou li a, sèl bagay ke n'ap kapab pote se pral fwi Lespri Sen an. Pòl di ke don yo pral fini, menm jan ke tout zèv lèzòm pral kanpe tou.

[[[Nan sesyon sa, itilize balèn yo. Pandan ke w'ap plase balèn yo sou pla a,
eksplike ke gwo balèn nan reprezante fwi Lespri a, ti balèn yo reprezante don yo.
Mande pou elèv yo limen balèn yo epi aprè sa mennen diskisyon a avèk plizyè kesyon tankou sa yo:
Ki balèn sa yo ke moun ap kapab diferansye an premye?
Si youn nan balèn sa yo reprezante kantite dire lavi ou, kisa w t'ap chwazi?]]]

Pòl mete fen nan pasaj sa pandan ke l'ap afime ke lanmou an pi gwo nan tout don ke Lespri a ban nou yo. Don yo enpòtan anpil pou ministè legliz la, men, legliz la pap kapab egziste, ni sèvi mond lan san fwi Lespri a.

Fwi Lespri a dwe yon bagay ke nou menm ki kretyen nou plis apresye. Ann chwazi viv lavi kretyèn nan nan fason pou pèmèt ke lanmou Bondye a koule. Se pou lafwa ak lapè anvayi lavi nou; se pou pasyans lan, konpasyon, bonte ak lafwa, vin sèvi kòm valè ki domine relasyon nou yo; se pou dousè ak tanperans lan sèvi kòm tras ki distenge karaktè nou, menm jan sa te ye nan Seyè nou an Jezi ki se Kris la.



- o **Mete fen avèk klas la pandan ke w'ap swiv enstriksyon aktivite 6.**



Definisyon vokabiliè enpòtan yo

- **ADN:** Se sig molekil asid dezoribonikle, ke kò imen an prezante. ADN nan se mwayen ke moun yo eritye karakteristik zansèt pase li yo, tankou nan : koulè zye yo, ton vwa, jès, wotè, tanperaman, elatriye.
- **AWOGANS:** Li dekri move konpòtman ak remò yon moun ki santi li plis enpòtan pase lòt yo.
- **CARISMA:** Kapasite espesyal ke Bondye bay pitit fi ak pitit gason li yo kòm kado pou benefis legliz ak kominate a.
- **ÒGEYE:** Se moun ki renmen atire atansyon moun pa mwayen aparans ak konpòtman yo. Li fè bagay yo avèk eggajerasyon pou ke lòt yo kapab wè li. Li renmen fè demonstrasyon oubyen prezante aparans ke li gen lajan oubyen talan espesyal.
- **ENBESIL:** Mal leve, gwosye, mechan, ki ofanse lòt moun oubyen fè yo santi yo wont.



Rezime

Nan liv sa, nou te etidyé chak kalite lanmou ki se fwi Lespri a. Nan leson sa, nou te wè ke fwi lanmou an endispansab pou egzèsis don yo. Nou tout disip Kris yo genyen apèl pou ke nou toujou travay nan ministè legliz la. Ministè a se objektif ki fè Papa a ban nou lavi, Lespri Sen an fè nou kado anpil entelijans epi Jezi Kris rele nou pou yon misyon ki espesyal. Lè ke nou obeyisan epi reponn ak apèl sa, Seyè a ap founi tout bezwen yo pou pèp li a. Se pandan, pou ke ministè nou yo kapab bay fwi ke Bondye ap atann nan, nou gen nesesite pou ke nou ranpli ak Fwi Lespri a.



Fèy Aktivite Yo

AKTIVITE 1

Nan fraz sa yo, make sa ke w konsidere ki vrè yo avèk "v" epi make lòt sa ke w konsidere ki fo yo avèk "f". Aprè etid biblik la, nan fen lesон an, w'ap kapab revize repons ou yo epi korije repons ki pa bon kote w te twonpe yo.

- ___ Kretyen yo pa ta dwe itilize don espirityèl yo san yo pa fwi Lespri a.
- ___ Don espirityèl yo ap rete dire jous nan lavi ki pap janm fini an.
- ___ Don yo se kapasite ke nou fèt avèk yo.
- ___ Jezi Kris rele nou chak vin reyalize yon misyon espesyal nan wayòm li an.
- ___ Nan yon legliz ki ansante, 20 pousta moun itilize don yo.
- ___ San don yo, legliz la genyen anpil zouti ministeryèl.
- ___ Genyen don ki pi enpòtan pase lòt.
- ___ Tout legliz dwe genyen don lang (pou pale).
- ___ Travay nan ekip ministeryèl la edifye nou.
- ___ Fwi Lespri a ap rete jous nan lavi ki pap janm fini an.

AKTIVITE 2

Reponn kesyon sa yo.

- a. Ki don Lespri a ke ou te kapab idantifye nan lavi ou?

- b. Kòman w kapab mete don sa yo an pratik pou devlopman entegral legliz la? Site kèk egzanp.

- c. Kòman Lespri Sen an kapab beni moun ki nan kominate w la pa mwayen kado espirityèl sa ke li te ba ou? Site kèk egzanp.

AKTIVITE 3

An gwooup de 3 a 4 patisipan, konplete lis don ke pòl te fè nan kare a pou voye bay plizyè legliz nan lèt li yo. Aprè sa, konpare yo epi gade si genyen diferans.

Legliz nan Korent lan 1 Korentyen 12:8-10	Legliz nan Efèz la Efezyen 4:11	Legliz nan lavil Wòm Women 12:6-8

AKTIVITE 4

Pi devan, genyen yon lis ki genyen senk don ki pratike prèske nan tout kongregasyon yo.
Evalye chak don pandan w'ap reponn kesyon sa yo.

	Ansèyman-Predikasyon	Jenewozite	Lafwa
Ki kalite lanmou, fwi Lespri a, ki endispansab pou ke don sa edifye legliz la?			
Ki danje ke sa genyen ladan li lè ke yon legliz ap itilize don sa san lanmou.			
Ki evidans nou dwe rete tann de don sa lè li itilize avèk lanmou?			
Ki don ki konplemantè ak don sa?			

AKTIVITE 5

An gwoup de 3 a 4 patisipan, li 1 korentyen 13 :4-7. Aprè sa, verifye ke lis ki anba yo konplè. Si nou vle eklèsi siyifikasyon yon tèm kapab itilize yon diksyonè oubyen yon sit web entènèt.

Sa ke li ye:

- Pasyan
- Bon kè
- Renmen laverite
- Soufri pou tout bagay (proteje, kouvri)
- Kwè nan tout bagay (li mete lafwa li nan moun)
- Li renmen rete tann
- Li sipòte tout bagay

Sa ke li pa ye:

- Li pa jalou
- Li pa ògeye (vanite)
- Li pa awogan (ògeye)
- Li pa janti
- Li pa chèche pwòp enterè li (egoyis, lanbisyon)
- Li pa fawouche moun (kolè, rezistans nan trete lòt yo)
- Li pa kritike moun mal (pou erè lòt moun)
- Li pa pran plezi li nan enjistis (lè bagay la mache mal pou lòt moun)

AKTIVITE 6

Pi devan, genyen de lis avèk kèk “atitud” ke nou menm moun nou genyen lè ke nou pratike don yo avèk lanmou oubyen san lanmou. Evalye pwòp lavi w epi make atitud sa yo ki preznan lan lavi ou. Aprè sa, ekri objektif yo pou mete kalite lanmou yo an pratik ki se fwi lespri a, nan sèvis ou apati de jodi a.

Atitud ki akonpanye itilizasyon don san lanmou yo:

- Ou santi w fache si yo pa di w mèsi pou travay ou fin fè a.
- Ou konn kritike lòt yo byen di akoz de “feblès yo”?
- Kwè ke se ou ki pi bon nan sa ke w'ap fè a.

- ___ Si w pa ale kòm lidè, ou prefere pa travay.
- ___ Ou kontan lè ke lòt yo komèt erè.
- ___ Ou fache si ke bagay yo pa rive fêt jan ke w vle a.
- ___ Ou pa fè efò, si se lòt moun y'ap fè konpliman.
- ___ Ou renmen pou tout moun ap bat bravo pou ou.
- ___ Ou pa gen pasyans ak moun ki tonbe nan erè yo.
- ___ Ou santi w ofanse si yo ba w fè travay ki senp.
- ___ Ou konsidere ministè a kòm yon obligasyon.

Atitud ki akonpanye itilizasyon don ki nan Fwi Lespri a

- ___ Ou kwè nan tout moun.
- ___ Ou transmèt bay lòt yo “sekrè” pratik don an.
- ___ Ou pran pasyans avèk lòt yo avèk don yo.
- ___ Ou kontan lè lòt yo ap devlope don yo genyen.
- ___ Ou travay an ekip, pandan ke w'ap byen konsidere don lòt yo.
- ___ Ou pran plezi w pou w travay avèk moun ki pi jèn yo to oubyen ki genyen mwens eksperyans yo.
- ___ Ou felisite lòt yo pou travay yo.
- ___ Ou sèvi lòt yo avèk kè kontan.
- ___ Ou santi ke bay sèvis se yon privilèj, se pa yon obligasyon oubyen yon chay.
- ___ Ou wont pou w fè ti travay ki senp yo.
- ___ Ou efòse w pou w fè sa ki pi bon an pou Bondye.

OBJEKTIF MWEN:

Bibliyografi]]]

Barclay, William (1972-1974) *New Testament Commentary. (Kòmantè Nouvo Testaman)* Jan II (volim 6), Matye I & II (Volim 1 & 2) & Lik (Volim 4). Buenos Aires: La Aurora.

Bayley, Kenneth (2013) *Paul Through Mediterranean Eyes. (Pòl a travè je Mediterane)* Nashville, Tennessee: Nelson Group.

Belch, Carlos (1998). *Hidden Treasures. Grammatical and explanatory commentary on Romans, 1 Corinthians & 2 Corinthians. (Trezò kache. Kòmantè Gramatikal ak eksplikatif Women, 1 Korentyen ak 2 Korentyen)*. London, USA. Evangelical Publications.

Duewel, Wesley L. (2000). *God offers you his great salvation (Bondye ofri w gran lavi ki pap janm fini li an)*. Nappanee, Indiana: Evangel Publishing House.

Kenneson, Philip (2004). *Life on the Vine: Cultivating The Fruit of the Spirit in Christian Community. (Fwi Lespri a nan kominote kretyèn nan)*. Buenos Aires: KAIROS.

Purkiser, W.T., Taylor, R., Taylord, W. (s/f) *God, Man & Salvation. (Bondye, Lòm y Delivrans)*. Kansas City, Missouri: NPH.

Schwarz, Christian (2004) *The 3 Colors of Love*. Barcelona: CLIE.

Semana-Tendencias. (3/3/2018) *En las manos de Dios los evangélicos conquistan las urnas en América Latina. (In the hands of God the evangelicals conquer the polls in Latin America)* Consultado 9 de febrero de 2019 de: <https://www.semana.com/mundo/articulo/candidatos-presidenciales-que-son-evangelicos-y-cristianos-en-america-latina/558919>

Silva-Silva, D. (2005) *El fruto eterno. Pequeña semilla-árbol frondoso. (Fwi ètnèl la. Ti gress bwa ki genyen anpil branch lan)* Miami, Fl: CLIE.

Wilkinson, Bruce. (1998) *Personal holiness in times of temptation. (Sentete pèsònèl nan moman tantasyon yo)*. Miami: Unilit.

Li seri Ranpli ak Lespri yo prezante doktrin ak pratik nan lavi sentete a nan yon langaj ki senp, pratik epi nan menm tan tou li konekte ak jenerasyon k ap viv nan epòk n ap viv la. Lavi nan sentete a gen pou wè ak:

- a) Chanjman natirèl ak pwogresif ki fêt nan lavi kretyen an, kòm rezulta aksyon Sentespri a nan lavi li; chanjman ki parèt klè se pa sèlman pou li, men pou lòt moun k ap viv nan antouraj li tou.
- b) Lavi ki ranpli ak lanmou Bondye kòm kondisyon endispansab pou sèvi Seyè a avèk pwochen nou yo.
- c) Transfòmasyon pwogresif ak total lavi kretyen an konfòm ak modèl Jezikris la.

Seri a prezante sou twa volim ki konplete etid debaz yo pou Nivo C nan plan antrènman disip ABCDE nan legliz Nazareyen nan Rejyon Mezoamerik la. Chak liv genyen 13 leson antrènman disip ki santre nan nesesite konsolidasyon ak kwasans moun sa yo ki fenk vin fè pati kò manm legliz lokal la.

Lè n ap obsève twa volim debaz nivo sa a, nou ankouraje w kontinye avanse vè Nivo D nan antrènman disip la pou “Devlopman Ministeryèl ou” avèk liv pwogram Lekòl Lidèchip la.

W ap jwenn yon gid ladan li k ap ede w dekouvrir don ke w posede, pasyon ak vokasyon w, epi tou w ap jwenn kapasitasyon ak antrènman pou w kapab patisce kòrèkteman nan ministè legliz la.

www.MEDFDIressources.mesoamericaregion.org/

